



Puspap Rinoroge

Puspap Rinoroge



Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta



Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta



PUSPA RINONCE



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
BADAN PENGEMBANGAN DAN PEMBINAAN BAHASA
BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

PUSPA RINONCE

PENYUNTING

Sukardi Mp
Dhanu Priyo Prabowo
Sri Nardiati

PENULIS

Gina
Sri Widati
Sukardi Mp
Wedhawati
Suwadji
Wiwin Erni S.N.

PRACETAK

Parminah
Karyanto

Cetakan Pertama: Oktober 2012
Hak Cipta Dilindungi Undang-Undang

Diterbitkan pertama kali oleh:

KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
BADAN PENGEMBANGAN DAN PEMBINAAN BAHASA
BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH YOGYAKARTA

Katalog Dalam Terbitan (KDT)

Pelangi Linguistik: Kajian Bahasa Jawa dalam Widyaparwa,
Yogyakarta: Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta, 2012
(viii, 136 hlm.; 21cm)
ISBN 978-979-188-192-0

Sanksi Pelanggaran Pasal 72, Undang-Undang Nomor 19 Tahun 2002 tentang Hak Cipta.

1. Barang siapa dengan sengaja dan tanpa hak melakukan perbuatan sebagaimana dimaksud dalam Pasal 2 ayat (1) atau Pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dipidana dengan pidana penjara masing-masing paling singkat 1 (satu) bulan dan/atau denda paling sedikit Rp 1.000.000,00 (satu juta rupiah), atau pidana penjara paling lama 7 (tujuh) tahun dan/atau denda paling banyak Rp 5.000.000.000,00 (lima miliar rupiah).
2. Barang siapa dengan sengaja menyiarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran Hak Cipta atau Hak Terkait sebagaimana dimaksud pada ayat (1) dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 (lima) tahun dan/atau denda paling banyak Rp 500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).

KATA PENGANTAR KEPALA BALAI BAHASA PROVINSI DIY

Salah satu visi Balai Bahasa Provinsi DIY adalah menjadi pusat informasi yang lengkap dan menjadi pelayan prima di bidang kebahasaan dan kesastraan di Daerah Istimewa Yogyakarta khususnya dan di Indonesia pada umumnya. Oleh karena itu, salah satu misi yang dilakukan adalah mengembangkan bahan informasi kebahasaan dan kesastraan baik Indonesia maupun daerah (Jawa). Dengan visi dan misi yang demikian, Balai Bahasa Provinsi DIY berharap agar bahan informasi kebahasaan dan kesastraan itu dapat dimanfaatkan oleh masyarakat dalam rangka pembinaan, pengembangan, dan perlindungan bahasa dan sastra di Indonesia seperti yang diamanatkan di dalam Undang-Undang Nomor 24 Tahun 2009.

Berkenaan dengan hal itulah, seperti dilakukan pula pada tahun-tahun sebelumnya, Balai Bahasa Provinsi DIY tahun ini (2012) kembali menerbitkan sejumlah buku kebahasaan dan kesastraan. Buku-buku yang diterbitkan itu antara lain ada yang berisi kajian atau ulasan ilmiah di bidang kebahasaan dan kesastraan, ada yang berisi esai tentang cara bagaimana proses kreatif berbahasa dan bersastra, dan ada pula yang berisi karya-karya kreatif (puisi atau cerpen). Buku berjudul *Puspa Rinonce* karangan para tenaga teknis/peneliti Balai Bahasa Yogyakarta ini, salah satu di antaranya, berisi persoalan bahasa Jawa. Sekali lagi, Balai Bahasa berharap agar buku

ini dapat dipergunakan dan bermanfaat bagi masyarakat dan pendidik bahasa Jawa.

Ucapan terima kasih kami sampaikan kepada seluruh tim kerja, baik penulis, penilai, penyunting, maupun panitia penerbitan sehingga buku ini siap dipublikasikan dan dibaca oleh khalayak (masyarakat). Harapan lainnya mudah-mudahan buku ini mengisi ruang perpustakaan dan ruang pengetahuan serta pikiran kita.

Yogyakarta, November 2012

Drs. Tirta Suwondo, M. Hum.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng Gusti Inggang Mahaasih déné *Puspa Rinoncé* inggang suwau medal awujud *lembar komunikasi* abasa Jawi punika, sapunika kababar malih kanthi wujud buku.

Buku *Puspa Rinoncé* punika isi katrangan-katrangan bab tembung-tembung Jawi sarta panganggénipun inggang asring dipunanggé ing padintenan déning masyarakat umum utawi para pamedhar sabda, inggang sok-sok kirang trep lan boten dipunmangertosi déning inggang sami mirengaken.

Sanèsipun punika, *Puspa Rinoncé* ugi ngewrat bab kasusatran lan bab pamilihing tembung Jawi inggang kirang trep panganggénipun lan katerangaken kados pundi trepipun supados para sutresna basa Jawi, sasampunipun maos *Puspa Rinoncé* punika lan mangertos *étimologi* utawi asal-usuling tembung wau, sami saged ngginakaken basa Jawi kanthi laras lan leres.

Kababaripun buku *Puspa Rinoncé* inggang awujud buku punika kanthi ancas tujuan makaten.

1. *Lembar Komunikasi* abasa Jawi *Puspa Rinoncé* inggang medal saben tigang wulan sepisan wau cacahipun winates saged temah kathah sutresna basa Jawi, mliginipun para guru, inggang boten komanan.

2. Tumrapipun para guru basa Jawi ing pawiyatan dhasar saha manengah, *Puspa Rinoncé*, sajakipun, saged mewahi seserepanipun para guru wau ing bab tembung-tembung utawi *kosakata* Jawi. Kanthi makaten kababaring *lembar komunikasi* abasa Jawi ingkang awujud buku punika gampil dipunrawat lan sinimpen (boten gampil ical) lan sangsaya kathah guru ingkang kagungan lan ngginakaken buku punika minangka tambahing seserepan basa Jawi.

Seratan kanthi irah-irahan ingkang awujud basa Jawi ingkang pinacak ing *Puspa Rinoncé* punika minangka pisumbangipun Sdr. Gina (suwargi), Sri Widati, Sukardi Mp, Wedhawati, Suwadji, lan Wiwin Erni S.N.

Mugi-mugi kanthi kababaripun buku *Puspa Rinoncé* punika sangsaya kathah ingkang sami kepéngin nggegilut basa Jawi ingkang samangké minangka *mata pelajaran* wajib ing pawiyatan dhasar saha manengah ing Ngayogyakarta punika. Panyaruwé amrih sangsaya saénipun buku punika, redhaksi ngaturaken agenging panuwun. Nuwun.

Yogyakarta, Januari 2006

Redhaksi

DAFTAR ISI

| | |
|-------------------------------------------|------------|
| KATA PENGANTAR KEPALA BALAI BAHASA | |
| PROVINSI DIY | iii |
| PRAWACANA | v |
| DAFTAR ISI | vii |

BASA

| | |
|-------------------------------------------------|----|
| Wis Suwé Abu Ninggalaké Désané | 1 |
| Ayat Punika Artosipun Makaten | 2 |
| Konco Apa Kanca? | 2 |
| Wening Diwarahi Njogèd Karo Agung | 4 |
| Panulisé Tembung Peprenahan | 5 |
| Prastawa | 6 |
| Supados Tewah Saé, Taneman Pupapa Kémawon Kedah | |
| Dipunrabet | 8 |
| Panambang -Aké | 9 |
| Nglenggana | 11 |
| Sumawana | 12 |
| Gudhek Apa Gudheg? | 13 |
| Nggèr, Apa Kita Durung Mangerti Ulun? | 14 |
| Kula Suwun Apa Kulasuwun? | 16 |
| Dipun Suwun Apa Dipunsuwun | 17 |
| Ing Désaku Ngedegaké Lumbung Paceklik | 19 |
| Nami Kula Temen, Pak | 20 |

| | |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----|
| Panulisé Tembung : Sigeg Aksara B Apa P? | 21 |
| Tembung Éntar | 23 |
| Basa Jawa Kang Baku | 25 |
| Kunarpa, Kuwanda, Layon | 28 |
| Tetanèn Ing Mriki Sampun Majeng | 29 |
| Terutami | 31 |
| Penulisé Araning Kutha Kang Mengku Pakecapan /D/, /Dh/, /T/, /Th/ | 32 |
| Kula Saréncang Nyuwun Pamit | 33 |
| Jagat Raya | 34 |
| Ngentas Pitulus | 35 |
| Jumlahipun Sedanten Wonten Tigang Atus | 37 |
| Tembung-tembung Kang Lumrahé Kanggo Nyebut Para Tamu Para Tamu..., Keparenga Kula Ngadeg (Jumeneng) Sawatawis.... .. | 40 |
| Dipendhem, Dikubur, Dimakamaké | 42 |
| Roh-arwah | 44 |
| Nimbali-ngaturi | 45 |
| Keranten Wekdal ... Pepanggihan Dipunmilai | 46 |
| Nyaosi-maringi | 47 |
| Suwargi-almarhum | 50 |
| Panca Dasa Warsa: "Sèket Taun" Apa "Limalas Taun"? | 51 |
| Endi Kang Bener: "Kiyambak" Apa "Piyambak"? | 53 |
| Tegesé Tetembungan "Wiwararukmi" | 56 |
| Dalem - Adalem | 59 |
| Resèpsi - Pasamuwan - Pawiwahan - Pista | 61 |
| Kula - Kawula | 64 |
| Kérata Basa | 65 |
| Tembung Krama Inggilé Apa? | 67 |
| Lungguh-linggih-lenggah-pinarak | 70 |
| Andana Warih-andanawari | 72 |
| Ngombé-ngunjuk | 74 |
| Mriki-ngriki | 74 |
| Inggih - Injih | 75 |

| | |
|----------------------------------------------------|-----|
| Ganjaran, Nugraha, Bebana | 77 |
| Nindita-anindita | 79 |
| Kupiya, Tegesé Apa? | 80 |
| Ati: Manah, Galih, Prana, Wardaya, Nala | 82 |
| Mangké-samangké | 86 |
| Krama Inggil Lan Krama Andhap | 88 |
| Kinabektèn – Binektènan – Kabinektènan | 91 |
| Tembung Krama, Ngoko, Lan Krama Inggil | 94 |
| Basa Krama Inggil Kang Ora Pener Panganggoné | 97 |
| Kanyata – Kabukti | 98 |
| Mujudaké | 100 |

SASTRA

| | |
|------------------------------------------------------|-----|
| Crita Cekak Satléraman | 103 |
| Geguritan | 105 |
| Suparto Brata: Pangarang Jawa Kang Mandhiri | 108 |
| Ki Padmasusastra Linguis Jawa | 110 |
| Sastra Jawa Jaman Jepang | 110 |
| Novèl Jawa Modhèrn Pascakamardikan (1945-1965) | 113 |
| Sandi Asma Lan Sandi Karsa | 115 |
| Golèk Geni Adedamar | 118 |
| Paribasan, Bebasan, Saloka | 119 |
| Parikan | 123 |
| Suluk | 125 |
| Kawindra | 127 |
| Babad | 128 |

BASA

WIS SUWÉ ABU NINGGALAKÉ DÉSANÉ

Tembung *ninggalaké* ing ukara iku kadhapuk saka tembung dhasar *ninggal* kawuwuhan panambang *-aké* (ora langsung saka tembung lingga *tinggal* kawuwuhan ater-ater anuswara lan panambang *-aké*). Tembung *ninggal* iki kalebu ewoning tembung kriya tanduk, asalé saka tembung lingga *tinggal* kawuwuhan ater-ater anuswara. Kanthi mangkono, pandhapuking tembung andhahan *ninggalaké* iku ana rong tataran. Sapisan, tembung lingga *tinggal* kawuwuhan ater-ater anuswara dadi *ninggal*. Kapindho, tembung *ninggal*, nuli didadèkaké tembung dhasar, kawuwuhan panambang *-aké* dadi *ninggalaké*.

Padha-padha tembung andhahan kang anasiring ater-ater anuswara lan panambang *-aké*, padhapuking tembung *ngulihaké*, upamane, béda karo tembung *ninggalaké* mau. Tembung *ngulihaké* kadhapuk saka tembung lingga *ulih* kawuwuhan ater-ater anuswara lan panambang *-aké*, ora saka tembung dhasar *ngulih* kawuwuhan panambang *-aké*.

Panambang *-aké* kang kawuwuhan ing tembung kriya tanduk, kaya kang dumadi ing tembung *ninggalaké*, iku lumrahé mengku teges nindakaké pakaryan kang kasebut ing dhasaring tembung kanggo wong liya utawa kanggo lésané'. Upamané, Agung *ninggalaké pagawéan kanggo Wening*. Ukara iki mengku teges

'Agung nindakaké pakaryan ninggal pagawéan kanggo Wening (lésan)'.

Banjur kepriyé tembung ninggalaké ing ukara *Wis suwé Abu ninggalaké désané?* Panganggoné tembung iku nyata ora laras karo isining ukara kasebut. Jalaran, pakaryan'ninggal' ing kono ora kanggo sapa-sapa. Tegesé, désané ing ukara iku ora ditinggalaké marang sapa waé. Kanthi mangkono, ukara iku sing bener *Wis suwé Abu ninggal désané*. Utawa, yèn ora nganggo tembung ninggal lan tegesé ukara iku isih padha, ukara mau bisa diowahi dadi *Wis suwé Abu lunga saka désané*.

AYAT PUNIKA ARTOSIPUN MAKATEN

Tembung *artosipun* ing ukara iku kanggo ngramakaké tembung *artinya* utawa *artinipun*. Tembung *arti* iku isih kapétung tembung Indonesia, durung mlebu ing basa Jawa. Déné ing basa Jawa tembung *arti* bisa diganti nganggo tembung teges, makna, utawa surasa. Tembung teges lan makna iku kalebu éwoning tembung krama ngoko, temah ora perlu dikramakaké. Tembung surasa kalebu tembung ngoko, kramané dadi suraos. Teges lan surasa utawa suraos iku tembung Jawa tulèn, déné tembung makna asalé saka basa Arab. Kanthi mangkono, ukara mau bisa diowahi mangkéné.

- (a) *Ayat punika tegesipun makaten.*
- (b) *Ayat punika maknanipun makaten.*
- (c) *Ayat punika suraosipun makaten.*

KONCO APA KANCA?

Ana wong sing nulis kanca (kanthi aksara swara /T/) lan ana uga sing nulis konco (kanthi aksara swara /o/). Wong sing nulis konco kanthi aksara swara /o/ iku mengku karep amrih laras karo pakecapané amarga pakecapan aksara swara ing tembung mau mèh padha karo pakecapaning aksara swara ing tembung, kaya ta *bosok, blorok, lombok, pojok, tombok*.

Nulis tembung utawa tetembungan kang mung ngelingi pakecapan thok kaya mengkono iku durung mesthi bener lan pener. Yèn nulis konco kanthi aksara swara /o/, banjur kepriyé anggoné mbédakaké nulis tembung loro sing kramané sakit lan loro sing kramané kalih? Ana cara kanggo nyumurupi tembung sing kudu ditulis kanthi aksara swara /T/. Carané mangkéné.

Yèn tembung linggané diuwuwi panambang warna-warna (panambang thok utawa ana ater-ateré) nuli pakecapané aksara swara ing tembung mau lumrahé dadi /T/, panulisé tembung mau (lingga lan andhahané) kudu kanthi aksara swara /T/.

Conto : *lara: laraku, laramu, larané, dilarani, nglarani*

tamba: tambané, ditambahi, ditambahaké, tambanana

lunga: lungané, lungamu, dilungakaké, nglungani

Kanthi mangkono, nulis konco (kanthi aksara swara /o/) iku luput lan sing bener kudu kanthi aksara swara /T/, yaiku kanca. Buktiné tembung iki yèn dipanambangi dadi kancamu, kancaku, kancanana.

Conto ukara:

| Luput | Bener |
|------------------------------------------------|------------------------------------------------|
| - <i>Aku ngajak konco limo.</i> | - <i>Aku ngajak kanca lima.</i> |
| - <i>Koncoku sing loro dumadakan loro.</i> | - <i>Kancaku sing loro dumadakan lara.</i> |
| - <i>Dino Seloso wingi aku ora sido lungu.</i> | - <i>Dina Selasa wingi aku ora sida lunga.</i> |

Conto liyané:

| Luput | Bener | Luput | Bener |
|---------------|---------------|---------------------|---------------------|
| <i>acoro</i> | <i>acara</i> | <i>garwo</i> | <i>garwa</i> |
| <i>agomo</i> | <i>agama</i> | <i>gelo</i> | <i>gela</i> |
| <i>bolo</i> | <i>bala</i> | <i>gito-gito</i> | <i>gita-gita</i> |
| <i>bopo</i> | <i>bapa</i> | <i>godo</i> | <i>gada</i> |
| <i>boto</i> | <i>bata</i> | <i>gogo</i> | <i>gaga</i> |
| <i>cidro</i> | <i>cidra</i> | <i>gono-gini</i> | <i>gana-gini</i> |
| <i>ciloko</i> | <i>cilaka</i> | <i>goro-goro</i> | <i>gara-gara</i> |
| <i>dhodho</i> | <i>dhadha</i> | <i>gowo, digowo</i> | <i>gawa, digawa</i> |
| <i>dino</i> | <i>dina</i> | <i>gulo jowo</i> | <i>gula jawa</i> |
| <i>doro</i> | <i>dara</i> | <i>guno</i> | <i>guna</i> |
| <i>éco</i> | <i>éca</i> | <i>guwo</i> | <i>guwa</i> |

WENING DIWARAHI NJOGÈD KARO AGUNG

Tembung *karo* iku bisa mengku teges warna-warna, guman-tung kapriyé ukarané. Tembung *karo* ing ukara ‘*Agung karo Wening ditimbali Pak Guru*’ mengku teges ‘lan, lan uga’. Tembung *karo* ing ukara ‘*Wening nuli wiwit nembang karo njogèd ing ngarsané para tamu*’ mengku teges ‘bebarengan anggoné nindakaké’.

Panganggoné tembung *karo* ing ukara-ukara kang kanggo conto iku wis laras *karo* tegesé. Ananging panganggoné tembung *karo* ing ukara ‘*Wening diwarahi njogèd karo Agung*’ durung pas tenan. Jalaran, tembung *karo* ing ukara iku bisa mengku teges rangkep. Sepisan, tembung *karo* ing kono bisa ditegesi, ‘bebarengan, lan uga’ lan ukarané bisa ditegesi ‘Wening njogèd bebarengan lan Agung’ (kang marahi njogèd wong liya). Kaping pindhoné, tembung *karo* ing ukara iku bisa ditegesi ‘déning’ temah ukara mau nduwèni teges ‘Wening diwarahi njogèd déning Agung’.

Katrangan iku suka pepéling yèn panganggoné tembung *karo* ing ukara ‘*Wening diwarahi njogèd karo Agung*’ iku bisa nuwuhaké salah tanpa utawa klèru anggoné negesi. Amrih ora makéwuhi, ukara iku bisa diowahi manut apa kang dikarepaké, upamané, mangkéné.

- (1) *Wening diwarahi njogèd déning Agung.*
utawa
- (2) *Wening lan Agung diwarahi njogèd*
- (3) *Wening karo Agung diwarahi njogèd.*

Kejaba tembung *karo* mengku teges kaya kang wis dibèbèraké mau, isih ana tembung *karo* kang mengku teges ‘nganggo piranti’ utawa ‘srana’ iki, upamané, *Abu dithuthuk karo garisan*. Sanajan ora luput, panganggoné tembung *karo* kaya ing ukara iki asipat nggon-nggonan. Amrih bisa ditampa ing akèh, ukara iki beciké diowahi kanthi nglironi utawa ngganti tembung *karo*, upamané mangkéné.

Abu dithuthuk nganggo garisan.

PANULISÉ TEMBUNG PEPRENAHAN

Tembung-tembung sing nélakaké peprenahan, kaya ta, *ibu, bapak, bibi, paman, bakyu, kakang, kangmas, dhimas, uwa, éyang, simbah*, lan sapituruté, kang minangka tembung sesulih utawa panyapa (kanggo nyapa), panulisé diwiwiti nganggo aksara murda.

Contoné:

Kala wingi Ibu tindak dhateng Surabaya piyambakan.

Lajeng karsanipun Bapak sapunika kados pundi?

Minggu wingi Paman uga tindak Semarang.

Wah, Kakang wis mulih,... olèh-olèhé apa Kang?

Panulisé tembung *ibu, bapak, paman*,lan *kakang* utawa *kang* ing ukara-ukara iki kudu diwiwiti nganggo aksara murda jalaran tembung-tembung mau minangka tembung sesulih (sesulih madyama purusa) utawa minangka tembung panyapa. Ananging peprenahan sing ora dianggo tembung sesulih utawa panyapa, panulisé diwiwiti nganggo aksara cilik, ora perlu nganggo aksara murda.

Contoné:

Kala wingi ibunipun laré punika ugi tindak mriki.

Tiyang wau èstunipun taksih kaprenah paman kalihan laré punika.

Kowé wis tanpa layang saka bapakmu durung, Ti?

Sésuk aku arep mboncèng kakangmu waé kok.

Tembung *ibunipun, paman, bapakmu*, lan *kakangmu* ing ukara-ukara iki dudu tembung sesulih lan uga dudu tembung panyapa, ananging mung minangka araning peprenahan. Mulané, panulisé tembung-tembung mau ora perlu diwiwiti nganggo aksara murda.

Sebanjuré, tembung peprenahan sing dikanthèni jeneng utawa araning uwong, drajat, pangkat, kalungguhan, utawa sesebutan sing dikanthekaké ing saburiné tembung peprenahan mau uga diwiwiti nganggo aksara murda.

Contoné:

Sajengkaringsun, katentremaning praja mangsa borong Kakang Patih!

Laré punika putranipun Pak Marta ingkang pambajeng.

Mat, layang iki aturna marang Ibu Lurah!

Adhik arep takdadahaké Mbah Dhukun, kowé mèlu ora?

Panulisé *kakang lan patih, pak lan Marta, ibu lan lurah, mbah lan dhukun* ing ukara-ukara iki kudu diwiwiti nganggo aksara murda.

PRASTAWA

Tembung *prastawa* ing jaman saiki asring dianggo kanthi teges kaya déné tegesing tembung *peristiwa* ing basa Indonesia. Malah ing kéné bisa diarani yèn tembung *prastawa* kuwi saiki dianggo nggantèni tembung *peristiwa*. Upamané, ing tetembungan *prastawa* perang Iraq lan Iran ing wektu kepungkur, *prastawa* 10 November 1945 ing Surabaya, *prastawa* udan awu dina Jumuwah Legi taun 1951, *prastawa* tibané montor mabur ing Deli Serdang kang nggawa kurban 234 wong setaun kapungkur, lan sapituruté. *Prastawa* ing tetembungan iki mau bisa ditegesi ‘kedadéan’, ‘kedadéan kang dudu sabaéné’, ‘kedadéan kang nyata (kelakon) temenan’, ‘bab’, utawa ‘prakara (apa-apa kang kelakon)’.

Ana panganggep yèn panganggoné tembung *prastawa* kanthi teges kaya ngono mau ora bener utawa ora pener. Panganggep utawa panemu iki ana dhasaré, yaiku bausastra utawa kamus. Ing sawetara bausastra utawa kamus Jawa, kayata, kamus anggitané C.F. Winter, J.F.C. Gericke lan T. Roorda, R.Ng. Pradja-poestaka (Ki Padmasoesastra), S. Prawiroatmodjo, lan W.J.S. Poerwadarminta, tembung *prastawa* kang mengku teges kaya kang wus kasebut mau ora ana. Tembung *prastawa* ing sajroné kamus mau ditegesi ‘awas’, ‘waspada’, ‘waskitha’, ‘wicaksana’, ‘padhang trawangan’, ‘sebab mula’. Upamané, ing *Baoesastra Dja-wa* anggitané W.J.S. Poerwadarminta tembung *prastawa* ditegesi ‘waspada’, ‘waskitha’: *diprastawakaké’ diwaspadakaké’*. Yèn ngono,

tembung *prastawa* kang dianggo kanthi teges kaya tegesing tembung *peristiwa* ing basa Indonesia iku apa banjur luput utawa klèru temenan?

Satemené tembung *prastawa* kuwi dudu tembung anyar. Tembung mau ing basa Jawa Kuna wis ana. Tembung *prastawa* asalé saka basa Sanskerta, saka *wod stu* oleh wuwuhan *pra-*. Miturut paramasastra Sanskerta *wod stu* kuwi bisa dadi *stuté*, *stuta*, *stutva*, *stuyaté*, lan sapituruté. (Tembung *astuti*, *astawa* kang banjur bisa dadi *pangastuti* lan *pangastawa* kang ateges ‘pamuji, pangalem, pangabekti’ iku yen ditlusur asalé saka *wod stu*. Semono uga tembung *pangèstu* kang ateges ‘berkah’ utawa ‘pamuji, pandonga’ asalé ya saka *wod stu*). *Wod stu* sing olèh wuwuhan *pra-* mau sabanjuré bisa dadi tembung *prastawa* (mriksanana, upamané, *A Sanskrit Reader* anggitané C.R. Lanman). Déné tembung *prastawa* iku mengku teges warna-warna, kaya ta (1) ‘kidung pamuji (kidung kanggo memuji)’, ‘kidung pujian’, (2) ‘sabab, jalaran, lantaran’, (3) ‘lajering rembug, lajering perkara’, (4) ‘wektu kang trep (pas)’, (5) ‘purwaka, kawitan’, (6) ‘kedadéan’, lan sapituruté. Ing kéné cetha yèn tembung *prastawa* kang tegesé padha karo tembung *peristiwa*, yaiku ‘kedadéan’ lan sapituruté kaya kang disebut mau pancèn ana. Mung waé, teges utawa makna kedadéan’ tumrap tembung *prastawa* kuwi tau dilalèkaké. Malah tembung *prastawa* kang tegesé ‘waspada’ utawa ‘waskitha’ uga wis mèh dilalèkaké. Nyatané, ing jaman saiki ora tau keprungu tetembungan, upamané, *sing prastawa, dalané ramé banget ; kula lan panjenengan sadaya kedah prastawa, ampun ngantos”anut grubyug ora ngerti rembug”*, lan sapituruté.

Mulur mungkred utawa owah gingsiring tegesé tembung kaya kang dumadi ing tembung *prastawa* iku wis lumrah ing basa apa waé. Dadi, panganggoné tembung *prastawa* kanthi teges kaya tegesing tembung *peristiwa* ing basa Indonesia kuwi ora luput, ora klèru, lan ora gawé ruginé basa Jawa. Kajaba panganggoné tembung kaya mangkono mau kanthi gegaran kang gumathok (tembung) *prastawa* kanthi teges ‘kedadéan’ kuwi pancèn

ana wiwit ing basa Jawa Kuna), bab iki malah bisa ndadèkaké basa Jawa saya luwih cancingan, ora kaku. Upamané, supaya ora njuwarèhi, tembung *prastawa* lan tembung *kedadéan* banjur bisa dianggo bebarengan kanthi pilah. Contoné:

Ing *prastawa* mau ana *kedadéan* kang ora tinemu ing nalar.

Upama emoh nganggo tembung *prastawa*, ukara iki rak banjur dadi:

Ing *kedadéan* mau ana *kedadéan* kang ora tinemu ing nalar.
(*njuwarèhi*)

utawa

Ing *kedadéan* mau ana *kaanan* kang ora tinemu ing nalar. (*wis beda surasané*)

SUPADOS TEWAH SAÉ, TANEMAN PUPAPA KÉMAWON KEDAH DIPUNRABET

Tembung *tewah* ing ukara iki kanggo ngramakaké tembung *tuwuh* lan *dipunrabet* kanggo ngramakaké tembung *dirabuk*. Ngramakaké tembung kanthi cara kaya ngéné iki, yaiku *tuwuh* dadi *tewah* lan *rabuk* dadi *rabet*, pancèn ana pola lan conto liyané. Ngramakaké tembung kanthi cara kaya ngéné iki, yaiku *tuwuh* dadi *tewah* lan *rabuk* dadi *rabet*, pancèn ana pola lan conto liyané. Ngramakaké tembung *tuwuh* dadi *tewah* kanthi pola “tembung rong wanda kang mengku *u-u* dadi *e* (pepet) *-a*” kaya ing tembung *tuduh* -> *tedah*, *dhukuh* -> *dhekah*, *wutuh* -> *wetah*, *butuh* -> *betah*, *buruh* -> *berah*. Déné tembung *rabuk* dadi *rabet* kanthi pola “wanda pungkasan *bu*, *buh*, utawa *bung* dadi *bet*”, kaya ing tembung *ambu* -> *ambet*, *jambu* -> *jambet*, *imbuh* -> *imbet*, *sambung* -> *sambet*.

Sanajan ana pola lan conto-contoné, satenané ora sadhéngah tembung kuwi kena dikramakaké kanthi pola-pola mau. Tembung *juruh*, *luluh*, dan *susuh*, upamané, ora dikramakaké dadi *jerah*, *lelah*, dan *sesah*. Lan manèh, upamané, tembung *bumbu*, *subuh*, *lambung*, ora kena dikramakaké dadi *bumbet*, *subet*, *lumbet*. Jalaran, tembung-tembung iku mau klebu éwoning tembung *krama*

ngoko, yaiku tembung ngoko kang wis kena dianggo tembung krama tanpa ngowahi utawa nyalini wujudé. Tembung *krama ngoko* kuwi yèn dikramakaké malah ora lumrah lan sok dadi basa dhagelan, cengèngesan, utawa sembranan.

Tembung *tuwuh* lan *rabuk* iku uga klebu éwaning tembung *krama ngoko*. Dadi, tembung mau ora perlu dikramaké, ora perlu diowahi utawa disalani wujudé. Beneré, ukara ing dhuwur mau cukup mangkéné.

Supados tuwuh saé, taneman punapa kémawon perlu dipunrabuk.

PANAMBANG -AKÉ

Panambang *-aké* yèn karaketaké ing tembung kriya, tembung kriya mau bisa awujud tembung lingga utawa tembung andhahan. Tembung kriya kang awujud tembung lingga (tembung kriya lingga) kang kawuwuhan panambang *-aké* asring tinemu ing ukara pakon utawa ukara (h)agnya. Panambang *-aké* kang karaketaké ing tembung kriya lingga mau wujudé sok dadi *-ké*. Contoné, mangkéné:

Yu, *jupukké* banyu saèmbèr!

Sri, sésuk aku *tukokké* jeruk sekilo, salaké rong kilo, ya!

Tulung *wacakké* layang iki, Man!

Ukara-ukara kaya mangkéné iki lumrahé mung kanggo ing basa padinan utawa basa pocapan. Ing basa Jawa kang baku, yaiku basa Jawa kang tinata adhedhasar paramasastra kang wis diakoni beneré ing akèh, tembung kriya ing ukara pakon kaya mangkono mau mesthiné (beneré) nganggo panambang *-na*. Ing basa kang baku, ukara-ukara mau mesthiné mangkéné.

Yu, *jupukna* banyu saèmbèr!

Sri, sésuk aku *tukokna* jeruk sekilo, salaké rong kilo, ya!

Tulung *wacakna* layang iki, Man!

Panambang *-aké* iku lumrahé panganggoné mèh padha karo panambang *-kan* ing basa Indonesia. Upamané, mangkéné.

- Ali *nukokaké* buku adhiné.
- 'Ali membeli**kan** buku adiknya'.
- Yu Sri *njupukaké* banyu Pak Marta.
- 'Kak Sri mengamb**ilkan** air Pak Marto'.
- Mas Tana *nulisaké* layang Yu Inem.
- 'Mas Tana menul**iskan** surat Kak Inem'.

Ananging perlu disumurupi manawa ana sawenèhing tembung kriya kang tanpa panambang *-aké* yèn dijarwakaké ing basa Indonesia kudu nganggo panambang *-kan*. Contoné, mangkéné.

- Bab iki kudu *dipikir* bebarengan.
- Hal ini harus dip**ikirkan** bersama-sama.
- Yèn *ditandhing karo aku, luwih dhuwur dhèwèké*.
- Jika dibandingkan dengan saya, lebih tinggi dia.
- Poto mau nuli *didokok* ing dhuwur méjané.
- Foto tadi kemudian diletakkan di atas mejanya.
- Sabèn montor sing liwat diendheg lan dititi priksa.
- Setiap motor yang lewat diberh**entikan** dan diperiksa.

Dhapukaning tembung kriya mawa panambang *-kan* ing basa Indonesia kaya ing tembung *diberhentikan* mau sok dianggep padha karo dhapukaning tembung kriya mawa panambang *-aké* ing basa Jawa. Mula ora mokal yèn ing basa Jawa asring tinemu ukara, upamané, *Pak Marta tansah mikiraké anaké*. Tembung *mikiraké* ing ukara mau cukup *mikir* waé, tanpa panambang *-aké*, jalaran tembung *mikir* iku wis klebu éwoning tembung kriya tanduk mawa lésan (*verba transitif*). Ananging tembung *memikir* ing basa Indonesia ora klebu tembung kriya tanduk mawa lésan. Mulané, tembung *mikir* (Jawa) yen dijarwakaké ing basa Indonesia dadi *memikirkan* (mawa panambang *-kan*). Bokmanawa ya amarga saka pangaribawané basa Indonesia iku ing basa Jawa banjur ana dhapukaning tembung *mikiraké* kaya ing ukara *Pak Marto tansah mikiraké anaké* mau. Kajaba saka iku, ing basa Indonesia sok tinemu uga ukara, kaya ta, *Dia dipindah ke Surabaya*. Ukara iki satemené dudu ukara baku. Mesthiné ing basa kang

baku ukara kasebut dadi *Dia dipindahkan ke Surabaya* (tembungé kriya kudu mawa panambang *-kan*). Bokmanawa bab iki kena pangaribawané basa Jawa.

NGLENGGANA

Tembung *nglenggana* iku asalé saka tembung lingga *lenggana* olèh wuwuhan ater-ater anuswara. Tembung *lenggana* mengku teges ‘emoh’, ‘suthik’, ‘ora manut’, (a)ndaga’, ‘mbadal prentah’. Tuladhané ing ukara, mangkéné.

Kumbakarna tan nglenggana mring dhawuhing rakanira.

Tembung *tan nglenggana* ing ukara iki tegesé ‘ora mbadal (prentah)’, ‘ora mingkuh’, ‘ora suthik’. Dadi, *tan nglenggana* kuwi padha karo ‘manut’, ‘miturut’.

Tembung *lenggana* (lenggana ing basa Jawa Kuna) iku asalé saka basa Sansekerta, saka tembung wod *langh*. Tembung wod iki bisa didhapuk tembung-tembung, upamané, *langhayati*, *langhita*, *langhya*. Tembung *langhya* ing basa Jawa Kuna mengku teges meh padha karo tembung *lenggana* (*langghana*), yaiku ‘nolak (préntah)’, ‘mbadal (dhawuh)’.

Ing jaman saiki tembung *lenggana* (*nglenggana*) sok dianggo kanthi teges kosok balèn karo tegesing tembung kang sakawit. Contoné, mangkéné. *Awit nglenggana dados titah sawantah ingkang mboten kalis ing kalepatan, pramila keparenga kula nyadhong lumunturing sih pangaksama*. Tembung *nglenggana* ing ukara iki tegesé ‘ngrumangsani’, ‘rumangsa’ utawa ‘ngakoni’. Owah gingsiré tegesé tembung kaya mangkéné iki pancèn ana tunggalé. Upamané, tembung *wara* (basa Jawa Kuna) ing sakawit tegesé ‘ana’. Tembung *wwara* iku saiki dadi tembung *ora* kang mengku teges ‘kosok balèn karo kang kasebut’, kaya ta kaya tetembungan *ora ana*, *ora larang*, *ora teka*, lan sapanunggalé. Tetembungan *tan ora* tegesé ‘kudu’, ‘mesthi kudu’. Ing basa Indonesia, upamané, tembung *acuh* tegesé ‘perduli’, ‘migmatèkaké, nggatèkaké’. Ananging tembung *acuh* iki asring dianggo kanthi teges kosok balèn karo teges kang sakawit.

Panganggoné tembung kang kanthi teges kosok balèn karo teges baku utawa teges kang sakawit iki kawiwitan saka ora pener, sanajan wis kebanjur kaprah. Beneré, tembung *lenggana* (*nglenggana*) iku tegesé 'ora gelem, suthik, emoh, ora manut, (a)ndaga, mbadal (préntah)". Kanthi mangkono, ukara kang wus kasebut mau beneré mangkéné. *Awit tan nglenggana dados titah sawantah ...* Utawa diganti mangkéné. *Awit ngrumaosi dados titah sawantah ingkang mboten kalis ing kalepatan, ...*

SUMAWANA

Tembung *sumawana* iku kalebu tembung racikan anyar, kadhapuk saka tembung lingga *sawana* olèh wuwuhan seselan *-um*. Tembung lingga *sawana* minangka ingседaning tembung *swana*, yaiku tembung Kawi utawa Jawa Kuna sing asalé saka basa Sanskerta. Amarga saka owah gingsiring pakecapan, kajaba bisa mulur dadi *sawana*, tembung *swana* bisa owah wujudé dadi *sona*. Déné tembung *sona*, *swana*, utawa *sawana* kuwi dasa namané tembung *asu*.

Tembung *asu* dumadi saka anasir *a-'ora'* lan wod *su* (*suk*) 'mlebu'. Dadi kapirid saka sejarah tegesing tembung, *asu* kuwi kéwan sing ora olèh mlebu omah. Jalaran tembung *sawana* kuwi tegesé padha karo tembung *asu*, mula tembung *sumawana* banjur ditegesi 'kalebu' (padha karo tembung *termasuk* ing basa Indonesia).

Tembung *sumawana* iku minangka tembung panggandhèng kang ateges gabungan wuwuhan. Tembung iki lumrahé dianggo ing basa susastra, basa pacakan, utawa basa rinengga. Ing basa padinan tembung mau mèh ora tau dianggo.

Panganggoné tembung *sumawana* kuwi, upamané, mangkéné.

Tindakira Radén Dananjaya angayam-ayam wana, tumurun jurang, minggah arga, kadhèrèkaken punakawanira Semar, Garèng, Pétruk, sumawana Bagong.

Miturut sejarah padhalangan, punakawan iku biyèn-biyèné mung telu, yaiku Semar, Garèng, lan Pétruk. Bagong kuwi punakawan ciptan utawa gawéan anyar (jaman dhalang Nyi Panjang Mas). Supaya cetha yèn punakawan sing dikarepaké iku cacahé papat, ora mung telu kaya biyèn, *Bagong* banjur disebut kanthi tembung panggandhèng *sumawana* kang tegesé 'kalebu' (mra-télakaké yèn Bagong iku punakawan wuwuhan).

Kanthi mangkono, panganggoné tembung *sumawana* ing ukara iku trep utawa laras karo maknané.

Ana manèh panganggoné tembung panggandhèng *sumawana*, upamané, mangkéné.

Para tamu kakung sumawana putri, ...

Kapirid saka maknané, panganggoné tembung *sumawana* ing ukara iki ora trep utawa ora laras. Jalaran, jejer kalenggahané tamu kakung lan putri iku padha utawa sejajar.

Yèn panyebuté nganggo tembung *sumawana* 'kalebu', bisa dianggep yèn sing pokok iku tamu kakung tamu putri kaya-kaya mung wuwuhan. Supaya laras, ukara mau bisa didandani, upamané, mangkéné.

Para tamu kakung putri,.....

Para tamu kakung saha (lan, tuwin, miwah, lsp.) putri,.....

GUDHEK APA GUDHEG?

Ing jaman saiki sok ana bocah sing nulis tembung gudhek (wanda pungkasan sigeg aksara *k*) lan ana uga sing nulis tembung gudhek (wanda pungkasan sigeg aksara *g*). Tumrapé tembung iki ditulis gudhek utawa gudheg pancèn ora njalari bédané tegesing tembung. Tetembungan *tuku gudhek* ora béda tegesé karo *tuku gudheg*. Ananging yèn ana tembung siji (satembung) ditulis kanthi cara warna loro kaya mangkono mau mesthi ana salah siji sing ora bener, sing nyebal saka paugeran. Banjur endi cara sing bener?

Panulisé tembung gudhek (wanda pungkasan sigeg aksara *k*) iku bokmanawa amarga kadadéan saka cara panulising tembung

ing basa Indonesia. Ing basa Indonesia tembung ing wandané pungkasan ditulis kanthi sigeg aksara *g* iku mèh ora ana. Yèn ana tembung utawa tetembungan sing mula bukané ditulis kanthi sigeg aksara *g* ing pungkasaning wandané, panulisé kudu dilarasaké karo paugeran panulisé basa Indonesia, yaiku sigegan aksara *g* diganti sigegan *k*. Mulané ing basa Indonesia tembung *guhek, godok, goblok, rontok, cocok*, upamané, ditulis kaya mangkono kuwi, ora ditulis *gudeg, godog, goblog, rontog, cocog*.

Paugeran panulising tembung ing basa Jawa iku ora kabèh padha karo paugeran panulising tembung ing basa Indonesia. Ing basa Jawa ana sawetara tembung sing béda tegesé yèn ditulis kanthi sigeg aksara *g* lan aksara *k* ing pungkasaning wandané. Tembung *sisig* 'ngireng untu ngango banyon' béda tegesé karo *sisik* 'kuliting ula, iwak loh, lan sapanunggalané kang lelingkapan', *popog* 'ajeg' béda tegesé karo *popok* 'lèmèk utawa tapihing bayi', *kecocog* 'kecubles barang lancip' béda tegesé karo *kecocok* 'kelebon pangan kang disirik'. Conto-conto iki minangka bukti yèn *g* lan *k* ing kono asipat *distingtif* utawa mbédaké tegesing tembung. Kanthi mangkono, panganggoné aksara *g* lan *k* ing basa Jawa iku ora kena digebyah uyah. Sing bener, panulisé tembung *gudheg* iku sigeg aksara *g* (dudu sigeg aksara *k*) ing pungkasaning wandané amarga pakecapan kang dumunung ing pungkasaning wanda mau anteb. Tembung-tembung liyané kang wandané pungkasan kudu ditulis kanthi sigeg aksara *g*, kayata, *budheg, judheg, wareg, kretteg, gribig, gudhig, gedhig, nggobig, grobag, blabag, bedhag, bedhug, gubug, gludhug, godhog, goblog, rontog, gogrog*.

NGGÈR, APA KITA DURUNG MANGERTI ULUN?

Ukara kang migunakaké tembung *kita* lan *ulun* mangkéné iki lumrahé diucapaké déning para déwa, kayata Bathara Guru, Bathara Narada, Bathara Bayu, utawa Bathara Kumajaya, marang sapepadhaning déwa utawa marang titah marcapada ing crita wayang utawa kethoprak. Ing basa padinan ukara kaya mangkono iku ora kelumrah utawa ora ana. Saupama ing basa padinan

ana wong kang migunakaké ukara mangkono mau mesthi malah digeguyu.

Bab kang njalari ukara béda karo ukara kang kalumrah ing basa padinan satemené mung dumunung ing panganggoné tembung *kita* lan *ulun*, déné panganggoné racikané ukara lan tetembungan liyané lumrah. Tembung *kita* lan *ulun* ing ukara kasebut kalebu golonganing tembung Kawi utawa Jawa Kuna. Tembung *kita* mau padha karo tembung *kowé* utawa *sliramu*, yaiku minangka tembung sesulih madyama purusa (*kata ganti orang kedua*). Tembung *ulun* utawa *hulun* iku ing sakawit mengku teges ‘kawula’ ‘abdi’, utawa ‘batur’ minangka éntaré tembung sesulih utama purusa éntaré tembung *aku*. Dadi, tembung *ulun* (*hulun*) mau padha karo tembung *aku*, yaiku minangka tembung sesulih utama purusa (*kata ganti orang pertama*). Pribadiné wong kang *guneman*, yaiku utama purusa, kang dipindhakaké *kawula*, *abdi*, utawa *batur* iku minangka leléwaning basa (*gaya bahasa*) kanggo ngesoraké awaké dhéwé lan ngajari marang wong kang diajak *guneman*. Leléwaning basa kaya mangkéné iki uga ana ing basa Jawa saiki, upamané, utama purusa (*aku*) diganti utawa dikramakaké *kula*, *kawula*, *abdi dalem*, *kawula dalem*, utawa *abdi dalem kawula* kang kabèh mau ing sakawit mengku teges ‘abdi’, ‘batur’, utawa ‘kawula’.

Ing jaman saiki tembung *kita* sok dianggo (malah panganggoné wis kepara kaprah) kanthi teges padha karo tegesing tembung *kita* ing basa Indonesia. Upamané, mangkéné.

- (1) *Kita, bangsa Indonesia, wis mardika wiwit taun 1945.*
- (2) *Para lenggah, sumangga kita ngunjukaken pandonga sesarengan.*

Tembung *kita* ing ukara (1) lan (2) iku dudu tembung sesulih madyama purusa kaya tembung *kita* ing ukara kang dadi irah-irahaning tulisan iki, ananging minangka tembung sesulih utama purusa inklusif (jamak) kaya tembung *kita* ing basa Indonesia. Dadi, tembung *kita* ing ukara (1) lan (2) iku mengku teges ‘aku lan kowé kabèh’ utawa ‘kula lan panjenengan sedaya’.

Cundhuk karo bab panganggoné tembung *kita* kaya kang tumrap ing ukara (1) lan (2) iku satemené durung sadhéngah wong gelem nampa. Ana panganggep yèn tembung *kita* ing basa Jawa iku tegesé 'kowé' utawa 'sliramu' lan kanggoné mung ing basa padhalangan utawa kethoprak. Tembung *kita* kang mengku teges 'aku lan kowé kabèh' utawa 'kula lan panjenengan sedaya' kuwi isih dianggep tembung Indonesia, dudu tembung Jawa.

Satemené tembung *kita* kang mengku teges 'aku lan kowé kabèh' iku dudu mung darbèké basa Indonesia. Tembung *kita* kaya mangkono mau ing basa Jawa uga ana (pirsanana *Baoesastra Djawa* anggitané W.J.S. Poerwadarminta, kaca 225), malah wis ana basa Jawa Kuna (pirsanana, upamane, *Kamus Jawa Kuna-Indonesia* anggitané L. Mardiwarsito, kaca 146). Kanthi mangkono, tembung *kita* kang ateges 'aku lan kowé kabèh' kaya kang tumrap ing ukara (1) lan (2) mau ora luput. Bab isih ana rasa durung sreg, isih nggronjal yèn mrangguli panganggoné tembung *kita* kaya ing ukara kasebut, mung gumantung pakulinan.

KULA SUWUN APA KULASUWUN?

Ukura, "*Dhimas takjaluk aja grusa-grusu anggoné ngudhari prakara iki*", bisa dikramakaké dadi, "*Dhimas kula suwun ampun grusa-grusu anggènipun ngudhari prakawis punika*." Tembung *takjaluk* ing ukara iki minangka tembung tanggap utama purusa, temah panulisé *tak-* kudu digandhèng karo tembung *lingga jaluk*. Jalaran, *tak-* ing kono kalebu ater-ater, yaiku ater-ater tanggap utama purusa. Tembung *takjaluk* mau yèn dikramakaké dadi *kula suwun*. Sanajan *kula suwun* iku mengku teges padha karo *takjaluk*, ananging panulisé *kula* ora digandhèng karo *suwun* amarga tembung *kula* ora kalebu golongananing ater-ater. Buktiné, tembung *kula* iku bisa ditulis ing purwaning ukara, pungkasaning ukara, ing sangareping tembung, ing saburining tembung, lan saterusé, kang beda karo ater-ater salumrahé. Contoné, mangkéné.

Kula pendhet barang punika, awit kula pitados yèn barang wau saestu gadhahan kula.

DIPUN SUWUN APA DIPUNSUWUN

Tembung-tembung Jawa kang isih wungkul, kang durung olèh wuwuhan apa-apa, sing akèh, adhapur ngrong wanda (sanajan ana uga mung sawanda utawa luwih saka rong wanda). Manut pranatan, anasiring basa kang diarani tembung iku yèn ditulis nganggo aksara Latin kudu dipisah-pisah antarané siji lan sijiné, ora digandhèng kaya yèn ditulis nganggo aksara Jawa. Amarga *dipun* kuwi adhapur rong wanda lan *suwun* uga rong wanda, mula banjur ana wong kang nulis *dipun* dipisah karo *suwun*, dadi *dipun suwun*, kanthi penganggep yèn anasiring basa kuwi adhapur rong tembung. Ananging, ana uga wong kang nulis *dipun* digandhèng utawa diraketaké karo *suwun*, dadi *dipunsuwun*, kanthi panganggep yèn anasiring basa iki mung adhapur satembung. Banjur endi sing bener?

Satemené titikané tembung iku ora dumunung ana ing cacahé wandané. Ana tembung kang mung adhapur sawanda, upamané, *dom, bom, suh, lan, ta, ya, sing, wah*, ananging ana anasiring basa kang wis dhapur rong wanda durung bisa diarani tembung, kayata, *-ipun, -ana, -aké, dom, bom, suh*, lan sapituruté iku diarani tembung jalaran wis awujud rimbagan utawa pasatuaning basa kang cilik dhéwé kang wis diucapaké minangka anasir sing bébas, mardika, ora kaket déning anasir liyané. Sanajan wis adhapur ngrong wanda, *-ipun, -ana, -aké* durung bisa diarani sawijining tembung jalaran durung bisa diucapaké minangka anasir sing bébas. Panganggoné anasir-anasir iki mesthi diwuwuhaké marang anasir dhasar utawa linggané lan banjur diarani anasir wuwuhan, upamané ing tembung *bukunipun, seratipun, jupukana, cedhakana, nulisaké, nemokaké*. Anasir kang diwuwuhaké ing saburiné anasir dhasar utawa linggané kaya mangkono iku diarani panambang.

Kajaba panambang, ana anasir wuwuhan kang diarani ater-ater, yaiku anasir wuwuhan kang mapané dumunung ing sanga-repé anasir dhasar utawa lingga. Lumrahé, ater-ater ing basa Jawa iku mung adhapur nyawanda (sawanda), kayata, *dak-, kok-*,

di-, ka-, pa-, sa-, pra-, a-, pi-, nanging ana uga kang adhapur ngrong wanda, kayata, *dipun-, kapi-, kami-, kuma-*. Déné *dipun-* kang kalebu éwoning ater-ater ing basa Jawa iku mung adhapur nyawanda (sawanda), kayata, *dak-, kok-, di-, ka-, pa-, sa-, pra-, a-, pi-*, nanging ana uga kang adhapur tembung krama kriya tanggap pratama purusa (*verba pasif persona ketiga*). Manut paugeran, panulising ater-ater iku kudu digandhèng, disambung, utawa diraketaké karo anasir dhasar utawa linggané. Kanthi mangkono, panulisé ater-ater *dipun-* kuwi sing bener kudu diraketaké karo *suwun*, dadi *dipunsuwun* (béda karo panulisé *kula suwun* ing *Puspa Rinoncé*, 04/II/1999). Conto panulisé tembung kang mawa ater-ater *dipun-* tumrap ing ukara, mangkéné.

- (1) *Bu, buku kula dipunsuwun* Dhik Sita.
- (2) *Pak, lampu ingkang dipunanggé sinau* Dhik Sita boten saged *dipungesangaken*.
- (3) *Anggénipun nyerat dipunanggé punapa dipunpisah*, Bu?

Ana panemu yèn panulisé ater-ater *dipun-* iku diraketaké karo linggané bisa njalari klèru anggoné maca utawa nyurasa karo tembung kang mawa ater-ater *di-*. Upamané, mangkéné.

dipunji diwaca/ disurasa : *dipun/ji* 'disinau temenan'
utawa : *di/punji* 'dipanggul (tumrap bocal, lsp)'
dipuntir diwaca/ disurasa : *dipun/tir* 'di cèt nganggo tir'
utawa : *di/puntir* 'diuntir'
dipunthuki diwaca/ disurasa: *dipun/thuk/i* 'dianthuki, diathungi'
utawa : *di/punthuk/i* 'digawé pepunthukan'

Satemené wong bisa klèru anggoné maca (nyurasa) tembung-tembung kaya mangkono kuwi mung yèn tembung-tembung mau ditulis pisah saka ukarané. Ananging, yèn tembung-tembung mau ditulis ing sajroné ukara, mesthiné ora ana pakéwuhé. Wong ora bakal klèru anggoné maca utawa nyurasa jalaran tembung kang mawa ater-ater *di-* kuwi ngoko. Éwa semono, yèn bab iki isih disumelangaké lan mung kanggo nggampangaké anggoné maca (nyurasa), panulisé tembung-tembung mau bisa

(ora kudu) diuwuhi tandha panggandhèng (-) ing antarané ater-ater lan linggané. Contoné, mangkéné.

- (1) *Kitab-kitab wau kedah **dipun-ji** déning para santri.*
- (2) *Anaké **dipunji** ngalor ngidul.*
- (3) *Supados langkung awèt, usukipun **dipun-tir** rumiyin!*
- (4) *Tangané Ali **dipuntir** Amat.*
- (5) *Cobi, kagunganipun sawung punika **dipun-thuki** sawung kula!*
- (6) *Lemahé aja **dipunthuki** ngono kuwi!*
- (7) *Sitinipun ampun **dipun-punthuki** mekaten punika!*

ING DÉSAKU NGEDEGAKÉ LUMBUNG PACEKLIK

Manut paugeran, saben ukara iku saora-orané kudu mengku anasir warna loro, yaiku jejer (subjek) lan wasésa (predikat). Tumrap ukara ing basa sing resmi, luwih-luwih ukara mau minangka ukara carita lan adhapur ukara tanduk (aktif), anasir loro iku kudu ana lan kudu diwahyakaké (diwedharaké), ora kena dicelet.

Ukara sing kapacak ing dhuwur iku mengku anasir warna telu, yaiku *ing désaku* katrangan papan, *ngedegaké* wasésa, lan *lambung paceklik* lésan. Kapingid saka ing isiné, ukara mau kalebu ukara carita. Yèn kapingid saka wasésané, ukara kasebut kalebu ukara tanduk amarga tembung kang dadi wasésaning ukara, yaiku *ngedegaké*, kalebu éwoning tembung kriya tanduk.

Sanajan wis mengku anasir telu, ukara ing dhuwur iku kena diarani ukara gothang, ukara sing ora genep, jalaran ora ana jejeré. Tembung *désaku* ing ukara iku dudu jejer. Manut pranatan, tembung sing dadi jejering ukara iku ora kena diuwuhi tembung ancer-ancer *ing* sangarepé. Tembung sing diuwuhi tembung *ing* ngarepé kuwi lumrahé mung minangka tembung katrangan kang nuduhaké papan utawa panggonan. Manawa tembung *désaku* ing ukara kasebut pancèn dikarepaké minangka jejering ukara, mesthiné tembung ancer-ancer *ing* sing dumunung ing ngarepé tembung mau diilangi.

Ukara ing dhuwur mau bisa didandani, upamané, mangkéné.

1. Ukara iku diuwuhi tembung utawa tetembungan kang bisa dadi jejering ukara.

Conto: *Masyarakat (wong-wong, bapak-bapak, warga tani) ing désaku ngedegaké lumbung packlik.*

2. Tembung ancer-ancer *ing* kang dumunung ing sangarepé tembung *désaku* diilangi supaya tembung *désaku* bisa dadi jejering ukara (éntar).

Conto: *Désaku ngedegaké lumbung paceklik.* (ukara entar)

Conto liyane:

| Ukara Gothang Jejer | Ukara Ganep |
|-------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 1. <i>Ing rapat mau ngrembug koprasi</i> | 1a. <i>Ing rapat mau bocah-bocah (wong-wong, ibu-ibu) ngrembug koprasi.</i> 1b. <i>Rapat</i> mau ngrembug koprasi. |
| 2. <i>Ing dalan iki mbingungaké</i> | 2. <i>Dalan</i> iki mbingungaké |
| 3. <i>Ing saben masyarakat duwé adat dhéwé-dhéwé.</i> | 3. <i>Saben masyarakat</i> duwé adat dhéwé-dhéwé. |

NAMI KULA TEMEN, PAK

Ukara ing dhuwur iki awujud ukara krama. Yèn dingo-kokaké, ukara iku dadi “Jenengku Temen, Pak”. Dadi, tembung *nami* ing ukara mau ngramaké tembung *jeneng*.

Manut paugeran unggah-ungguhing basa, tembung ngoko *jeneng* (utawa *aran*) iku yèn di kramakaké dadi *nama* (krama lugu utawa krama lumrah) lan *asma* (krama inggil). Ananging ana sapérangan warganing masyarakat sing duwé panganggep yèn tembung *nama* kuwi tembung krama sing luput, sing durung bener, temah banjur didandani utawa dibeneraké dadi *nami*.

Satemené tembung *nama* kuwi minangka tembung krama sing wis bener, malah kalebu tembung krama sing baku. Yèn tembung sing wis bener iki diowahi kanthi ancas ndandani (awit dianggep luput), asilé malah dadi ora bener. Ndandani tembung sing wis bener, sing malah ngasilaké tembung kang dianggep luput, iku diarani *hypercorrect* (ndadani kang keliwat ing kad

utawa keliwat ing wates). Dadi, tembung *nami* kuwi kena diarani tembung krama *hipercorrect* (bener sing kladuk, sing kliwat saka ing wates).

Kajaba *nami*, tembung krama kang kalebu *hipercorrect* iku ana manèh liyané. Contoné, tembung *udan* (ngoko) dikramakaké dadi *jawah*, tembung *jawah* (krama lugu sing baku) dikramakaké manèh dadi *jawuh*, *jawoh*, utawa *jaweh*; *bisa* (ngoko) dikramakaké dadi *saged*, tembung *saged* (krama lugu sing baku) dikramakaké manèh dadi *waged*; *ésuk* (ngoko) dikramakaké dadi *énjing* (krama baku), tembung *énjing* dikramakaké manèh dadi *énjang*; *jaran* (ngoko) dikramakaké dadi *kapal*, tembung *kapal* (krama lugu sing baku) dikramakaké manèh dari *kèpèl*. Kanthi mangkono, tembung *jawuh*, *jawoh*, *jaweh*, *waged*, *énjang*, lan *kèpèl* kalebu golonganing tembung krama *hipercorrect*.

Ing sajroné buku parama sastra Jawa tembung krama *hiper-correct* kuwi diarani *krama désa*. Ananging, jeneng “krama désa” iku satemené ora trep awit wong ing kutha uga ana sing nganggo tembung kaya mangkono kuwi. Sing cetha, dumadiné tembung sing kaprah diarani “krama désa” iku awit ana sapéranganing warga masyarakat sing ora ngerti endi tembung krama sing bener lan sing luput. Jalaran tembung krama kaya mangkono kuwi nyebal saka paugeran, beciké tembung-tembung mangkono mau ora dianggo ing basa Jawa sing resmi.

PANULISÉ TEMBUNG : SIGEG AKSARA B APA P?

Pakecapané sigegan *b* lan *p* kang tumrap ing pungkasaning wanda (wanda sapisan, pungkasan, utawa wanda tengah) sok-sok keprungu padha utawa mèh padha, yaiku dadi /p/. Tembung *sabtu*, *bab*, *sabab*, *kitab*, upamané, pakecapané asring kaprungu /saptu/, /bap/, /sabap/, /kitab/. Pakecapané sigegan *p* ing tembung, kayata, *sapta*/*sapto*/, *kécap*/*kecap*/, *dhadhap*/*dadap*/, *cap*/*cap*/. Bab iki luwih cetha manèh yèn sigegan *b* mau dumunung ing pungkasaning tembung lan banjur olèh panambang, kayata, *sababé*, *sababipun*, *kitabé*, *kitabipun*, lan *sapituruté*. Tem-

bung-tembung iki asring diucapaké /sabapé/, /sabapipun/, /kitapé/, kitapipun/. Jalaran kadayan saka pakecapan, mula banjur ana wong (bocah-bocah) kang kèwuhan anggoné mbédakaké endi tembung kang ditulis nganggo sigegan aksara *b* lan endi tembung kang mesthiné ditulis nganggo sigegan aksara *p*. Ora mokal yèn ing jaman saiki sok tinemu tulisan , upamané, *ateb*, *klilib*, *manteb* (nganggo sigegan aksara *b*) lan *bab*, *kitab*, *lepda* (nganggo sigegan aksara *p*) tulisan-tulisan kaya mangkéné ora bener.

Panulisé tembung iku ora mung adhedhasar pakecapané thok. Yén panulisé tembung iku mung adhedhasar pakecapan, mesthi ana pakèwuhé. Jalaran, pakecapané tembung ing papan siji lan sijiné iku sok ora padha. Ing wilayah Tegal, Banyumas, Kebumen, lan sakiwatengené, upamané pakecapané tembung-tembung kang mawa sigegan *b* bèda karo tembung kang mawa sigegan *p* (pakecapané sigegan *b* luwih mantep lan cetha). Ananging ing wilayah Yogyakarta, Surakarta, lan sakiwatengené, pakecapané sigegan *b* lan *p* kang tumrap ing pungkasaning wanda iku mèh padha, yaiku dadi /*p*/ kaya kang wis dibèbèraké ing dhuwur mau. Éwa samono, anasir pakecapan uga perlu digatèkaké ing babagan panulisé tembung. Upamané, yèn kang dikarepaké ing pakecapan kuwi /*punik* /, tembung iki ya ditulis *punika*. Ananging yèn dikarepaké ing pakecapan iku /*m nik* /, tembung mau ya ditulis *menika*.

Panulisé tembung nganggo sigegan *b* utawa nganggo sigegan *p* iku perlu ngèlingi teges utawa maknané. Jalaran, ana sawenèhing tembung Jawa manawa ditulis nganggo sigegan aksara *b* bèda tegesé karo yèn ditulis nganggo sigegan aksara *p*. tembung *anteb*, upamané, tegesé bèda karo antep. Tembung *anteb* tegesé ‘abot banget’, *antep* tegesé ‘setya tuhu’, ‘tetep nggegegi panemuné’.

Kajaba bab kang dibèbèraké mau, panulisé tembung uga perlu ngèlingi asalé tembung. Yèn tembung mau asalé saka basa manca lan asliné ditulis nganggo sigegan aksara *b*, tembung mau ya kudu ditulis nganggo sigegan aksara *b* semono uga yèn tem-

bung mau ditulis nganggo sigegan aksara *p* panulisé tembung kaya mangkènè iki murih wujudé tembung Jawa mau isih bisa ditandhing-tandhing karo wujudé tembung kang asli. Kagem lelimbangan, ing ngisor iki conto sawatara tembung kang kudu ditulis nganggo sigegan aksara *b* lan *p*.

| | |
|----------------------------|---------------------------|
| <i>abab</i> | <i>apsari</i> 'widadari' |
| <i>abdi</i> | <i>aplala</i> 'linuwih' |
| <i>abjad</i> | <i>ajap</i> |
| <i>absah</i> | <i>alap-alap</i> |
| <i>anteb</i> 'abot banget' | <i>antep</i> 'setya tuhu' |
| <i>bab</i> | <i>baptis</i> |
| <i>kitab</i> | <i>klilip</i> |
| | <i>surup</i> |
| <i>sebab</i> | <i>sap</i> 'lapisan' |
| <i>tatab, ketatab</i> | <i>tutup</i> |

TEMBUNG ÉNTAR

Basa iku kena diarani sawijining piranti kanggo mahyakaké utawa medharaké cipta, rasa, lan karsaning manungsa marang sapepadhané. Carané migunakaké basa kanggo medharaké cipta, rasa, lan karsa mau warna-warna, ana kang mung cekak aos, ana kang ngandhar-andhar, ana kang migunakaké tembung-tembung lumrah, ana kang migunakaké tembung-tembung éndah, lan sapituruté, temah wujud wetuning basa iku uga warna-warna contoné, mangkéné.

- (1) *Cah kuwi cèn lantip tenan.*
- (2) *Bocah kuwi pancèn lantip tenan.*
- (3) *Bocah kuwi pancèn **landhep pikirané** tenan.*

Ukara telu iki surasané padha. Bedané, ukara (1) migunakaké tembung wacahan (cekakan), yaiku *cah* (wacahané tembung *bocah*) lan *cèn* (wacahané tembung *pancèn*), déné ukara (2) lan (3) migunakaké tembung-tembung kang wutuh. Bédané manèh, ukara (1) lan (2) migunakaké tembung *lantip*, ukara (3)

migunakaké tetembungan *landhep pikirané* kang padha waé karo *lantip*.

Tembung *lantip* iku tegesé ‘gathèkan’ utawa ‘gampang mangertiné’. Teges iki diarani teges kang saluguné. Tembung kang mengku teges saluguné iku diarani tembung lumrah. Tembung *landhep* ing tetembungan *landhep pikirané* iku mengku teges sing ora saluguné. Tegesé tembung *landhep* kang saluguné, yaiku ‘mempan, ora kethul, bisa tumama yèn digunakaké (tumrap gegaman)’. Déné *landhep pikirané* tegesé ‘gampang mangertine, pikirané bisa cepet nampa lan ngolah ilmu (ngudhari sawijining bab, lan sapanunggalané). Kanthi mangkono, tegesing tembung *landhep* kang dumunung ing tetembungan *landhep pikirané* iku adoh saka teges kang saluguné. Jalaran adoh saka teges kang pokok utawa kang saluguné, mula tetembungan mau banjur diarani (*tembung*) *éntar*.

Sesipatané pikiran kang bisa cepet nampa lan ngolah ilmu iku diarani *lantip*. Ananging ing tetembungan mau *lantip* diganti nganggo tembung *landhep*. Ing mangka, tembung *landhep* iku minangka sesipataning gegaman, kayata, pedhang, péso, pethèl, lan sapituruté. Kanthi mangkono, *landhep* kang kanggo mènèhi sesipatané *pikiran* ing tetembungan *landhep pikirané* iku kena diarani silihan. Mulané, *tembung éntar* uga diarani *tembung silihan*.

Tembung *éntar* iku dianggo ora mung winates ing basa susastra, ananging uga sok dianggo ing basa padinan. Tembung *éntar* kang dianggo ing padinan iku lumrahé tembung *éntar* kang wis kerep kanggo utawa wis bola-bali dianggo temah wis ora krasa teges *éntaré* minangka bumbu amrih basané katon nges, ora njuwarèhi. Cotoné tembung *éntar*, upamané, mangkéné.

pingget atiné ‘serik’

perih atiné ‘susah, nlangsa banget’

entèk atine ‘ora duwé pangarep-arep’

cilik atiné ‘sumelang, jirèhan, gampang wedi, gampang susah’

gedhé atiné ‘mongkog, manteb’

lobok atiné 'sabar, ora gampang nesu'
nggadho ati 'gawé susah'
mambu ati 'rumangsa disenengi, rumangsa disiri, rumangsa ditresnani'
merak ati 'nengsemaké, nyenengaké'
woding ati 'kekasih, (bocah, wong) kang ditresnani'.
gantilaning ati 'kang ditresnani (kekasih, anak, lan sapiturute)'

BASA JAWA KANG BAKU

Basa Jawa kang baku iku basa Jawa kang bisa ditampa lan dipahami déning sadhéngah warganing masyarakat Jawa ing Yogyakarta, Surakarta, Madiun, Malang, Surabaya lan sapituruté. Basa Jawa kang baku iku lumrahé dianggo ing swasana resmi, kayata, ing pahargyan dhauping pangantèn, perepatan dhusun, kotbah ing masjid-masjid utawa gréja, layang ulem, lan sapanunggalané. Titikané basa baku iku, ing antarané, (1) *cetha* (gegayutan karo teges utawa makna), (2) *winahya* (gegayutan karo anasir parama sastrané), (3) *pas* (gegayuhan karo pamilihing tembung), lan (4) *lugas* (ora mengku tembung-tembung éntar lan ora dawa-dawa).

Basa baku iku kudu cetha teges utawa makna. Liré, tembung utawa tetembungan kang dianggo kudu tembung-tembung kang tegesé cetha ora mangro. Tembung *karo*, upamané, bisa mengku teges 'lan', 'lan uga', 'marang', 'tumrap marang', 'tinimbang', 'srana', 'déning', 'sinambi', 'bebarengan anggoné nindaké, lan sapituruté. Jalaran darbé teges utawa dasa nama pirang-pirang, panganggoné tembung *karo* banjur sok nuwuhaké kléruning panyurusa. Ukara *Siti ora olèh mulih karo Suta*, upamané, bisa disurasa (a) 'Siti ora olèh mulih déning Suta' utawa (b) 'Siti ora olèh mulih bebarengan Suta'. Tembung *karo* ing ukara iku bisa diarani mengku teges mangro, ora cetha, temah perlu disalini nganggo tembung kang luwih cetha supaya trep karo kang dika-

repaké ing ukara mau. Conto ing ngisor iki bisa kanggo lelimbangan sawatara.

Maknané ora cetha:

1. Ali karo Amad uga wedi.

2. Ali luwih dhuwur karo Amad.

3. Butané mati karo Radèn Janaka.

Maknané luwih cetha:

1a. Ali **marang** Amad uga wedi.

1b. Ali lan Amad uga wedi (marang x).

2. Ali luwih dhuwur **tinimbang** Amad.

3. Butané mati **déning** Radèn Janaka.

Titikan kang angka loro, anasiring paramasastra tumrap basa baku iku kudu winahya (diwedharaké, dilairaké), ora kena dicelet. Kanthi mangkono, ing basa baku iku tembung-tembung kang dianggo kudu diwedharaké wutuh (ora dicekak), ater-ater utawa panambangé (yèn ana) uga kudu dilairaké. Semono uga anasiring paramasastra ing tataran ukara, kayata, jejer, wasésa, lésan, katerangan (yèn ana) kudu diwedharaké. Contoné, mangkéné.

Ora baku:

1. Aku **ra dé dhit**.

2. Kodhoké **pangan** ula.

3. Ali ing Jakarta wis suwé.

Baku:

1a. Aku **ora duwé dhuwit**.

2a. Kodhoké **dipangan** ula.

3a. Ali **manggo n (nyambut gawé, sekolah, bebakulan)** ing Jakarta wis suwé.

Tembung utawa tetembungan kang dianggo ing basa baku iku kudu dipilih kanthi tlesih amrih trep utawa pas karo leléwaning basané, laras karo swasanané. Tetembungan *ahli waris*, upamané, bisa dianggo nyebut *keluarga* nalika sesorah ing upacara sripah, nanging ora laras yèn dianggo ing sesorah pahargyan dhauping pangantèn. Kajaba iku, ing basa baku sebisa-bisa aja nganti ketrocoban (kecampuran) tembung-tembung kang mung kaprah dianggo déning masyarakat tertamtu *inyong 'aku', brug 'kreteg', belih 'ora', 'beda', 'sejé', kaderan 'apa iya, apa bener'*, upamané, kaprah dianggo déning masyarakat Tegal lan sakiwate-nagé, ananging mèh ora tau dianggo dèning masyarakat Jawa

liyané. Tembung *embyah* 'simbah', *kisang*, 'gedhang', *kethowok-kethowok*, 'krowok-krowok', *blungki*, 'tunggak pring', upamané, kaprah dianggo déning masyarakat Banyuwangi (Osing), ananging uga mèh ora dianggo dèning masyarakat Jawa ing papan liya. Tembung-tembung enggon-enggonan kaya mangkono mau ing basa baku perlu disalini nganggo tembung-tembung kang umum.

Basa baku iku kudu asipat lugas. Kang dikarepaké *lugas* ing kéné (a) tembung-tembung kang dianggo dudu tembung-tembung éntar lan (b) dhapukaning ukara ora dawa-dawa. Ananging perlu disumurupi yèn tembung éntar iku satemené bisa dipérang dadi rong golongan, yaiku (1) tembung éntar kang isih cetha teges éntaré lan wis dianggep tembung lumrah. Tembung éntar golongan (2) iku bisa dianggo ing basa baku. Kagem lelimbangan sawatara bisa dipriksani ukara ing ngisor iki.

1. *Kanggo nyumurupi sepira abot ènthèngé barang, kaya-kaya ora ana dalan liya kang prayoga diliwati kajaba mung nimbang barang mau.*
- 1a. *Kanggo nyumurupi boboté barang, carané kudu nimbang barang mau.*
2. *Pak Lurah, wong kang dadi pangarep utawa kepalaning désa, kang kagungan tanggung jawab tumrap maju munduring désa, kang ngasta pimpinaning rapat, banjur nothok méja kanggo narik kawigatèné kabèh wong kang nekani rapat wektu kuwi padha omong-omongan dhéwé-dhéwé ora nggatèkaké apa kang lagi dirembug ing rapat mau.*
- 2a. *Pak Lurah kang mimpin rapat mau banjur nothok méja kanggo narik kawigatèné wong kang padha mèlu rapat.*

Ukara 1a luwih ringkes katimbang ukara 1 lan ukara 2a luwih ringkes katimbang ukara 2. Kajaba kuwi, ukara 1 mengku tembung éntar kang isih cetha teges éntaré, yaiku *dalan kang prayoga diliwati minangka éntaré cara kang becik ditindakaké*. Ukara-ukara kaya kang sebut ing 1 lan 2 iku ora prayoga dianggo ing basa baku.

KUNARPA, KUWANDA, LAYON

Juru sesorah, rasa pangrasa, lan pangandika (leléwaning basané) kudu laras karo swasana ing nalikané sesorah. Sesorah ing pahargyan dhauping pangantèn upamané, bèda karo sesorah ing upacara sripah. Ing pahargyan dhauping pangantèn juru sesorah diajap bisaa gawé wuwuh semuwaning pasamuhan, ing upacara sripah juru sesorah diajap bisaa njaga tidhem temtreming swasana.

Ana sawatara bab kang perlu olèh kawigatèn mirunggan tumrap sesorah ing upacara sripah. (1) sesorah ing upacara sripah prayoga sing ringkes, ora nglantur ngandhar-andhar, amrih para tamu anggoné jumeneng ora kesuwèn. (2) papaning sripah ora prayoga kanggo pamèr basa. Cundhuk karo bab iki, basa kang dianggo beciké basa sing lugas, barès, ora kakèhan rerenggan. Kanggo ngawékani amrih aja ana seling suruping panggrahita utawa klèruning panyurasa, tetembungé prayoga dipilih sing mengku teges lan surasa kang trep. (3) lagu lagèhaning wacana (kedaling pangucap) prayoga kang sarèh pakolèh, ora kesusu-susu, ora perlu sora makantar-kantar.

Sawenèhing wong ana kang darbé panganggep yèn sesorah kang becik kuwi mesthi utawa kudu migunakaké basa kang dakik-dakik, basa kang direngga nganggo tembung-tembung éndah, upamané, tembung saka basa Kawi utawa Sanskerta. Amarga ana panganggep kaya mangkono kuwi, sanajan sesorah ing upacara sripah, ana sawenèhing pamedhar sabda (panatacara) kang banjur emoh nganggo tetembungan sing wis dianggep anggaran, sing wis kulina dianggo déning wong akèh. Amrih diarani basané becik, wong mau banjur mbudidaya nyalini tembung sing dianggep éndah tur sing durung kaprah dianggo déning wong akèh (sanajan durung mengerti surasané tembung mau sing sanyatané). Tembung *layon*, upamané, dianggep tembung sing wis anggaran. Tembung iki banjur sok disalini nganggo tembung *kunarpa* utawa *kuwanda*. Apa teges utawa surasané tetembungan iki sing sanyatané?.

- (a) Tembung *kunarpa*, kalebu éwoning tembung Kawi utawa Jawa Kuna, tegesé 'bangké', bathang'. Tembung iki asal saka tembung Sanskerta *kunapa* 'mayit'.
- (b) Tembung *kuwanda*, uga kalebu éwoning tembung Kawi utawa Jawa Kuna, tegesé 'awak', 'bada', 'bangké'. Tembung iki asal saka tembung Sanskerta *kuwandha*, tegesé 'gembung' (blegeré awak tanpa sikil, tangan lan sirah).
- (c) Tembung *layon* kalebu éwoning tembung krama inggil, yaiku kanggo ngramakaké tembung *mayit* utawa jisim kang ateges 'wong kang wis mati' utawa 'ragané' wong sing wis ora ana nyawané'. Satemené tembung *layon* iku mengku teges '(kembang) kang wis alum' utawa 'aluming kembang'. Kanthi mangkono, tembung *layon* kanggo ngganti nyebut *mayit* utawa *jisim* kuwi kena diarani *eufimisme* (tembung kang luwih alus minangka gantining tembung kang mengku surasa kasar, ora nyenengaké).

Kapirit saka asalé, tembung *layon* iku dumadi saka tembung *layu* 'alum, mati' olèh panambang *-an*. Tembung *layu* kuwi kalebu uga tembung Kawi. Ing basa asalé, yaiku basa Kawi, tembung *layu* + *-an* kuwi dadi *laywan*. Déné *laywan* banjur dadi *layon*, ana owah-owahan /wa/ dadi/o/, minangka owah-owahan sing lumrah tumrap tembung-tembung Kawi sing banjur dadi tembung Jawa saiki, kayadéné tembung *larwan* (Kawi) dadi *laron*, *unggan* (Kawi) dadi *enggon*, *takwan* (Kawi) dadi *takon*.

Kanthi andharan iki bisa disumurupi yèn tembung *layon* iku kalebu tembung alus, tembung kang mengku surasa mati. Menawa tembung iki disalini nganggo tembung *kunarpa* utawa *kuwanda*, satemené surasané malah dadi ora trep.

TETANÈN ING MRIKI SAMPUN MAJENG

Tembung *mriki* kalebu éwoning tembung krama, yaiku kanggo ngramakaké tembung mréné. Tembung *mriki* lan uga mréné mengku teges 'menyang ing kéné. Kanthi mangkono,

ukara kang kapacak ing dhuwur iku yèn dingokokaké adhe-dhasar tembung-tembungé banjur dadi '*Tetanèn ing mréné wis maju*'. Ing mangka, ngokoné ukara mau kang dikarepaké mesthiné dadi '*Tetanén ing kéné wis maju*'. Cethané, ukara ing dhuwur mau luput amarga tembung *kéné* dikramakaké dadi *mriki*.

Tembung *kéné* iku kalebu tembung ngoko. Tembung mau yèn dikramakaké dadi *ngriki*, ora dadi *mriki*. Mula, amrih ukara ing dhuwur mau bener, tembung *mriki* kudu disalini nganggo tembung *ngriki* temah ukarané banjur dadi '*Tetanèn ing ngriki sampun majeng*'. Supaya luwih cetha, ing ngisor iki kapacak conto sawatara ukara kang luput lan kang bener tumrap panganggoné tembung *mriki* lan *ngriki*.

Ukara kang luput:

1. Ing lèpèn *mriki* kathah saweripun.
2. Tiyang *mriki* kathah ingkang nyambut damel ing kitha.
3. Bénjing malih yèn *ngriki* kedah mruput!
4. Sinten ingkang *ngriki* kala wau, Bu?

Ukara kang bener:

- 1a. Ing lèpèn *ngriki* kathah saweripun (krama).
- 1b. Ing kali *kéné* akèh ulané (ngoko).
- 2a. Tiyang dhusun *ngriki* kathah ingkang nyambut damel ing kitha (krama).
- 2b. Wong désa *kéné* akèh sing nyambut gawé ing kutha (ngoko).
- 3a. Bénjing malih yèn *mriki* kedah mruput (krama).
- 3b. Bésuk manèh yèn *mréné* kudu mruput (ngoko).
- 4a. Sinten ingkang *mriki* kala wau, Bu? (krama)
- 4b. Sapa sing *mréné* mau, Bu? (ngoko)

Kajaba tembung *mriki* lan *ngriki*, ana tembung kang nunggal misah karo tembung loro mau kang panganggoné uga kudu ngati-ati jalaran sok cawuh. Tembung *mrika*, upamané, panganggoné sok cawuh karo tembung *ngrika*, tembung *mriku* panganggoné sok cawuh karo *ngriku*. Tembung *mrika* (krama) kuwi padha karo *mrana* (ngoko) tegesé 'menyang ing kana'. Tembung *mriku* (krama) padha karo *mrono* (ngoko) tegesé 'menyang ing kono'. Déné tem-

bung *ngrika* (krama) padha karo (*ing*) *kana* (ngoko) lan *ngriku* (krama) padha karo (*ing*) *kono* (ngoko).

TERUTAMI

Ing sajroning pasrawungan saben dinané, kajaba migunakaké basa Jawa, masyarakat Jawa asring uga migunakaké basa Indonesia. Malah tumrap marang nom-noman, basa Indonesia kuwi dianggep luwih cancingan minangka piranti srawung tinimbang basa Jawa. Jalaran luwih kulina migunakaké basa Indonesia, mula ora mokal yèn ana sapérangan warganing masyarakat Jawa nalika migunakaké basa Jawa ora krasa manawa ing sajroné basané mau ketrocoba sawatara tembung Indonesia. Contoné, mangkéné.

1. *Ingkang **terutami** dipunrembag inggih punika bab tetanèn.*
2. *Pamedaling warga dhusun ngriki punika **terutami** saking tetanèn.*
3. *Margi punika sepen sanget, **terutami** yèn wanci dalu.*
4. *Gendhing punika dipunkintunaken déning Mas Yanto **terutami** kagem Bapak Bén-dot.*

Tembung *terutami* ing sajroné ukara-ukara iki kanggo ngramakaké tembung *terutama*. Tembung *terutama* kuwi satemené isih kalebu éwoning tembung Indonesia, durung kalebu wargané tembung Jawa. Liré, tembung *terutama* iku kadhapuk saka tembung lingga *utama* olèh wuwuhan ater-ater *ter-*. Ing mangka, ater-ater *ter-* iku ing sajroné basa Jawa ora kaprah utawa ora ana. Amrih dadi ukara-ukara kang becik, prayogané tembung *terutami* ing sajroné ukara-ukara mau perlu disalini nganggo tembung-tembung Jawa kang trep karo surasané.

Nyalini tembung Indonesia nganggo tembung Jawa kuwi kudu ngélingi pirang-pirang bab, kayata, jinising tembung, tegesing tembung perlu disumurupi, upamané, (1) tembung siji iku ana kang mengku teges warna-warna, (2) tembung siji ora kudu disalini nganggo tembung satembung, lan (3) sanajan tegesé padha, surasané tembung siji lan sijiné iku sok béda-béda. Kanthi

mangkono, sanajan blegering tembung padha, tembung *terutami* ing sajroné ukara-ukara mau tegesé bisa warna-warna temah tembung kang kanggo nyalini uga ora padha. Contoné, mangkéné.

- 1a. *Inggang baku* dipunrembag inggih punika bab tetanèn.
- 1b. *Inggang penting* (pokok) *piyambak* dipunrembag inggih punika bab tetanèn.
- 2a. *Pamedaling warga dhusun ngriki punika ingkang baku* saking tetanèn.
- 3a. *Margi punika sepen sanget, langkung-langkung yèn wanci dalu.*
- 4a. *Gendhing punika dipunkintunaken déning Mas Yanto mirunganipun kagem Bapak Bénhdhot.*

PENULISÉ ARANING KUTHA KANG MENGKU PAKECAPAN /d/, /dh/, /t/, /th/

Panulisé pakecapan /d/ lan /t/ ing sajroné basa Jawa dibédakaké karo panulisé pakecapan /dh/ lan /th/. Pakecapan /d/ ditulis nganggo aksara *dh*, pakecapan /t/ ditulis nganggo aksara *th*, pakecapan /d/ ditulis nganggo aksara *d*, lan pakecapan /t/ ditulis nganggo aksara *t*. Contoné, mangkéné.

1. Tembung kang anasir pakecapané kudu ditulis nganggo aksara *dh*: *wedhi* (krikil lembut), *wudhu* (ora payu), *padha* (ora beda).'
2. Tembung kang anasir pakecapané kudu ditulis nganggo aksara *d*: *wedi* (ora wani), *wudu* (sesuci arep solat), *pada* (tete-nger adheging ukara).
3. Tembung kang anasir pakecapané kudu ditulis nganggo aksara *th*: *bathang* (bangké), *kuthuk* (anak pitik), *sotho* (jotos).
4. Tembung kang anasir pakecapané kudu ditulis nganggo aksara *t*: *batang* (pethèk, bedhèk), *kutuk* (iwak gabus), *soto* (saoto).

Jalaran ana paugeran kaya mangkono mau, mula banjur ana wong kang nulis araning kutha (désa, dhusun, utawa kampung)

kang uga kalarasaké karo pakecapané, upamané, *Kendhal*, *Kedhiri*, *Kedhungjati*, *Pathi*, *Klathèn*, *Jethis*, *Kudus*, *Sidareja*, lan sapituruté. Banjur endi kang bener?

Paugeran bab panganggoné aksara *dh*, *th*, *d* lan *t* kang kapacak ing dhuwur mau satemené paugeran kanggo nulis tembung-tembung lumrah. Éwo semono, paugeran mau uga bisa digunakaké kanggo nulis araning kutha, nagara, désa, dhusun, utawa kampung ing babagan transliterasi (nglatinaké naskah tulisan Jawa) amrih cetha lan cedhak karo tulisan asliné. Ananging, tumrap ing basa umum, luwih-luwih magepokan karo administrasi, panulisé araning kutha, nagara, désa, lan sapituruté mau ora kudu dilarasaké karo pakecapané. Dadi, upamané, *Indonesia*, *Medan*, *Kendal*, *Pati*, *Klatèn*, *Mlati*, *Jetis*, cukup ditulis mangkéné iki, ora perlu ditulis *Indhonesia*, *Médhan*, *Kendhal*, *Pathi*, *Klathèn*, *Mlathi*, *Jethis*. Liré, araning kutha (nagara, désa, dhusun, utawa kampung) kuwi asipat nasional, malah kapara asipat internasional, temah panulisé uga kudu manut paugeran nasional, yaiku paugeran kang dianggo ing basa Indonesia.

KULA SARÉNCANG NYUWUN PAMIT

Tembung *saréncang* ing sajroné ukara kang kapacak minangka irah-irahané tulisan iki minangka tembung krama, yaiku kanggo ngramakaké tembung *sakanca*. Ing ukara iku tembung *kanca* dikramakaké dadi réncang. Tembung *réncang* dianggo ngramakaké tembung *kanca* kuwi ing jaman saiki wis rada lumrah lan dianggep bener déning sapérangan warganing masyarakat. Ananging, yèn ditlesih temenan, tembung *réncang* kanggo ngramakaké tembung *kanca* kuwi sajatiné kurang trep. Nalaré, mangkéné.

Tembung *réncang* iku pancén kalebu éwoning tembung krama. Manut paugeran, tembung *réncang* mau minangka kramané tembung *réwang*. Déné tembung *réwang* kuwi maknané ana warana telu, yaiku (1) ‘batur’ utawa ‘abdi’, (2) ‘mara tetulung marang wong kang duwé gawé (mbiyantu olah-olah, lan sapanung-

galané), lan (3) 'ari-ari'. Kanthi mangkono, cetha yèn tembung *réncang* kuwi ora trep jalaran *réwang* utawa *réncang* kang tegesé padha karo *kanca* kuwi ora ana, déné ana kang tegesé padha karo *atur*. Pancèn ana tembung *atur* utawa *atur* kang tegesé padha karo *kanca*, ananging panganggoné tembung iki asipat enggon-enggonan (dhialèktis).

Satemené tembung *kanca* kuwi kalebu éwoning tembung *krama ngoko*. Tembung-tembung *krama ngoko* kuwi éwoning tembung kang bisa dianggo ing tataran ngoko lan ing tataran krama tanpa kudu ngowahi utawa ngganti wujuding tembung-tembung mau. Jalaran kalebu tembung krama ngoko, mula tembung *kanca* bisa dianggo ing tataran ngoko lan uga ing tataran krama tanpa kudu ngowahi utawa ngganti wujuding tembung mau. Kanthi mangkono, ukara ing dhuwur mau beneré mangkéné. *Kula sakanca nyuwun pamit.*

Amrih cetha, ing ngisor iki dipacak sawatara conto panganggoné tembung *réncang*, *réwang*, lan *kanca*.

1. *Mengko aku arep ngajak kanca telu.*
- 1a. *Mangké kula badhé ngajak kanca tiga.*
2. *Bocah kaé mau kancaku sekolah, Pak.*
- 2a. *Laré punika wau kanca kula sekolah, Pak.*
3. *Ibu lagi réwang nèng dalemé Bu Nata.*
- 3a. *Ibu saweg réncang wonten ing dalemipun Bu Nata.*
4. *Aku arep ngréwangi Mas Yanto nata buku.*
- 4a. *Kula badhé ngréncangi Mas Yanto nata buku.*
5. *Aku arep ngancani Kang Ali tunggu omah.*
- 5a. *Kula badhé ngancani Kang Ali tengga griya.*
6. *Bocah iki mau réwangipun Bu Nata?*
- 6a. *Laré punika wau réncangipun Bu Nata?*

JAGAT RAYA

Ana wong kang nulis tembung *jagat* ing tetembungan *jagat raya* kanthi sigegan aksara *t* ing pungkasaning tembung lan ana uga wong kang nulis tembung mau kanthi sigegan aksara *d*,

dadi *jagad raya*. Panulisé tembung *jagad* (kanthi sigegan aksara *d*) iku jalaran kadayan saka pakecapané aksara *g* kang dumunung ing sangarepé, sairib karo panulisé tembung *saged*, *reged*, *wragad*. Ananging yèn ditlusur saka sejarahé, panulisé tetembungan *jagad raya* (tembung *jagad* ditulis kanthi sigegan aksara *d*) iku ora trep. Liré, mangkéné.

Tetembungan *jagat raya* iku dumadi saka rong tembung, yaiku *jagat* lan *raya*. Tembung *jagat* kuwi lumrahé ditegesi ‘jagat gedhé’, yaiku jagat kang gumelar iki utawa jagat salumahing bumi sakurebing langit. Teges iki satemené wis mingset saka teges kang sakawit. Manut sejarahé, tetembungan *jagat raya* iku minangka tembung Kawi (basa Jawa Kuna) kang asalé saka basa Sansekerta. Ing sakawit panulisé *jagat raya* iku *jagat traya*. Tembung *traya* minangka owah-owahan tembung *tri* kang mengku teges ‘telu’. Kanthi mangkono, tetembungan *jagat traya* kang ing jaman saiki banjur dadi *jagat raya* kuwi mengku teges ‘jagat telu’, yaiku donya, suwarga, lan ngisor bumi (naraka). Tembung *tri* owah dadi *traya* iku minangka owah-owahan dhapukaning tembung ing basa Sanskerta. Kajaba bisa owah dadi tembung *traya*, tembung *tri* iku bisa owah dadi *trai*, *trayo*, lan sapanunggalané kang kabèh mau isih mengku anasir teges ‘telu’, upamané, *trailokya* ‘jagat tetelu’, *trailokyarajya* ‘pepréntahan jagat tetelu’, *trayodaśa* ‘tetulas’, *trayodaśí* ‘bengi kang kaping tetulas’ (diétung saka setengah sasi kang sapisan manut pétungan rembulan). Kanthi mangkono, panulisé tembung *jagat* ing tetembungan *jagat raya* kuwi sing bener kanthi sigegan aksara *t*.

NGENTAS PITULUS

Ana pitakon kang inti sari utawa wosing pitakon mau mangkéné, “Kapriyé nalaré déné ana tetembungan *ngentas pitulus* lan tetembungan mau dianggo gegantiné tetembungan *ngomah-omahaké anak?*”

Tetembungan *ngentas pitulus* kang dianggo minangka lira-liruné utawa gegantiné tetembungan *ngomah-omahaké anak* iku

lumrahé dianggo déning juru sesorah utawa panata cara ing pasamuwan dhauping pangantèn. Wong sesorah kuwi lumrahé mesthi mbudi daya amrih narik kawigatèné wong kang padha ngrungokaké. Carané narik kawigatèn iku warna-warna. Salah sawijining cara kang asring ditindakaké déning para juru sesorah (panata cara), yaiku njaga amrih basané bener, becik, nengsemaké, ora njuwarèhi. Amrih basané ora njuwarèhi utawa ora mboten, juru sesorah (panata cara) mbudi daya golèk tembung utawa tetembungan kang trep maknané, laras rasa basané, éndah dirungokaké, lan ora mung ajeg nganggo tembung satembung kang dibolan-balèni. Kanggo nyebut “dhayoh”, upamané, juru sesorah (panata cara) bisa nganggo tetembungan **para tamu** (*ingkang minulya*), **para rawuh** (*ingkang dahat kinurmatan*), **para lenggah** (*ingkang kula urmati*), lan sapituruté kanthi lira-liru.

Tembung utawa tetembungan ing basa Jawa kang bisa dianggo kanthi lira-liru iku satemené wis cukup akèh. Ewa samono, ana sawenèhing wong (juru sesorah, panata cara) kang ora marem yèn ta mung nganggo tembung utawa tetembungan kang wis lumrah dianggo ing akèh. Kanggo nuruti mareming ati lan ngiras pantes mekaraké basa Jawa, wong mau banjur dhudhah-dhudhah tembung lawas ing susastra Jawa Kuna nyipta utawa ndhapuk tetembungan anyar kang dianggep luwih trep, laras, lan pèni.

Tetembungan *ngentas pitulus* kuwi kalebu tetembungan dhapukan anyar. Tetembungan iku dumadi saka rong tembung, yaiku *ngentas* lan *pitulus*. Tembung *ngentas* mengku teges (1) ‘njupuk saka ing (paméméan, kebon, pategalan, lan sapituruté)’, (2) ‘njupuk saka jeron (anglo, panggorèngan, banyu, lan sapituruté)’, (3) ‘ngunggahaké saka ing papan kang jero (kali, jurang, jugangan, lan sapituruté)’, (4) (teges entar) ‘mitulungi saka ing (bebaya, reribed, lan sapituruté)’, (5) (teges entar) ‘ngomah-omahaké’. Tembung *pitulus* kadhapuk saka tembung lingga *tulus* olèh wuwuhan ater-ater *pi-*. Tembung lingga *tulus* mengku teges warna-warna, déné teges kang cundhuk utawa trep karo kang dikarep-

aké ing kéné, yaiku 'terus utawa lestari slamet, ora ana sambé-kala'. Dadi, tembung *pitulus* kuwi tegesé 'kang nerusaké (kaslametan)' utawa 'kang nglestarékaké (kaslametan)'. Sing dikarepaké 'kang nglestarékaké kaslametan' ing kéné, yaiku *anak* utawa *turun*, jalaran *anak* utawa *turun* kuwi kang bakal nerusaké sejarahé wong tuwané utawa leluhuré, kang digegadhang tansah mujèkaké kaslametan, kang bisa mikul dhuwur mendhem jero. Kanthi mangkono, tetembungan *ngentas pitulus* kuwi maknané padha karo *ngomah-omahaké anak* utawa *ngrabèkaké anak*. Genéa ing kéné migunakaké tembung *ngentas*? Jalaran, anak kang wis diwasa kang isih urip legan kuwi kena diupamakaké ana ing sajroné juranging kasangsaran. Yèn anak mau nemu reribed ing uripé, luwih-luwih yèn wong tuwa wis ora ana ing mengkoné, mesthi waé ora ana kang diajak rembugan kanggo ngudhari reribed utawa sangganing uripé. Mula, anak kang wis diwasa banjur diomah-omahaké utawa dipalakramakaké supaya duwé kanca kanggo ngembat ruwet rentenging uripé. Kanthi mangkono, malakramakaké anak kuwi kena dibasakaké *ngentas anak* utawa tembungé kang pèni *ngentas pitulus*.

JUMBLAHIPUN SEDANTEN WONTEN TIGANG ATUS

Ukara kang kapacak iki awujud ukara krama. Ukara mau manawa dingokokaké kurang luwih dadi, "*Gunggungé kabèh ana telung atus*" utawa "*Cacahé kabèh ana telung atus.*" Ing kéné bisa disumurupi manawa tembung *jumlah* iku kanggo nyalini (ngramakaké?) tembung *cacah* utawa *gunggung* lan tembung *sedanten* kanggo ngramakaké tembung *kabèh*.

Tembung *jumlah* iku kalebu tembung kang, ing jaman saiki, wis arang kanggoné. Tembung mau asalé saka basa Arab *jamala* (*ja-ma-la*) kang saterusé banjur dadi tembung *jumlah*, tegesé 'cacah, gunggung, kèhé'. Sanajan ora luput, tembung *jumlah* iku arang kanggoné jalaran ing basa Jawa ana tembung kang padha tegesé karo tembung mau. Tembung Jawa kang tegesé padha karo tembung *jumlah* lan panganggoné luwih kaprah, yaiku

gunggung, cacah, lan (a)kèhé. Tembung *gunggung* lan *cacah* kalebu tembung krama ngoko, déné tembung *kèhé* kalebu tembung ngoko lan tembung iki yèn dikramakaké dadi *kathahipun*.

Tembung *sedanten* ing ukara mau kanggo ngramakaké tembung *kabèh*. Pancèn bener tembung *kabèh* iku kalebu tembung ngoko, ananging manut pranatan kramané tembung *kabèh* kuwi *sadaya*, dudu *sedanten*. Kanthi mangkono, cetha yèn tembung *sedanten* iku malah kanggo ngramakaké tembung *sadaya (sedaya)*, ora kanggo ngramakaké langsung saka tembung *kabèh*. Jalaran tembung *sadaya* iku kalebu tembung *krama baku*, mula tembung *sedanten* kena diarani tembung krama kang nyebal saka paugeran utawa tembung krama enggon-enggonan. Tembung krama kang wis baku ora kena dikramakaké manèh.

Kanthi katrangan iki, ukara kang kapacak minangka irah-irahan mau bisa didandani, upamané, mangkéné.

- (1) *Gunggungipun sadaya wonten tigang atus.*
- (2) *Cacahipun sadaya wonten tigang atus.*
- (3) *Kathahipun sadaya wonten tigang atus.*

TEMBUNG-TEMBUNG KANG LUMRAHÉ KANGGO NYEBUT PARA TAMU

Ing sajroné sesorah ana sawenèhing panata cara utawa juru sesorah kang kumudu-kudu nyebut utawa ngaturi sawiji-wijiné para tamu kanthi tlesih, ing pangajab amrih aja nganti ana tamu kang gerah panggalihé amarga ora disebut banjur rumanggsa dikiwakaké. Anggoné nyebut utawa ngaturi tamu kuwi lumrahé diurutaké adhedhasar kalenggahan utawa pepangkatané wiwit kang dhuwur dhéwé mangisor, utawa adhedhasar yuswa utawa umuré. Adhedhasar jejer kalenggahané diurutaké, upamané, bupati, camat, lurah, dhukuh (kepala dhusun), lan sapituruté; adhedhasar umur kasebut wiwit kang sepuh nganti kang enom dhéwé. Panyebuté para tamu adhedhasar umur iki, upamané, mangkéné.

- *Para sepuh ingkang minangka pancering lelenggahan (ingkang dahat binektènan, ingkang sinudarsana tinulad tinuladha déning*

saguning putra wayah tuwin para wiranèm sadaya, lan sapituruté).

- **Bapak-bapak sarimbit Ibu-ibu** ingkang dahat kinurmatan.
- **Para kadang (para sadhèrèk)**, inggih ingkang kapernah werdha tuwin mudha, saha **anak-anak** kula kakung putri ingkang saèstu kula tresnani

Bab panyebuté para tamu kanthi tlesih mangkono kuwi kena waé, ananging yèn dibolan-balèni tundhoné njuwarèhi (mboseni) tur ngentèk-entèkaké wektu. Kajaba kuwi, ing babagan panyebuté para tamu iku perlu digatèkaké (1) ana lan orané tamu kang bakal disebut (yèn lurahé ora rawuh, upamané, ya ora perlu disebut; yèn ing kono ora ana tamu kang pantès disebut anak-anak, ya ora perlu nyebut *anak-anak kula*, lan sapituruté), (2) anggoné nganggo tembung kudu sing bener (tembung *leluhur* lan *para leluwur*, upamané, sanajan tembung asalé padha, ananging tegesé wis béda; tembung *leluhur* lan *leluwur*, sanajan ing sakawit tegesé padha nanging cak-cakané saiki wis béda), (3) aja nganti nganggo tembung-tembung mung apalan (marga tiru-tiru) ananging ora mangerti maknané. Amrih ora kléra-klèru, ing ngisor iki diterangaké teges utawa maknané sawatara tembung kang asring dianggo nyebut para tamu.

- *para sepuh*:
wong-wong (tamu) kang umuré pancèn wis kagolong tuwa
- *pinisepuh*:
wong kang dianggep tuwa (sok dadi juru rembug, lan sapituruté)
- *sesepuh*:
 1. wong kang dianggep tuwa (padha karo *pinisepuh*);
 2. kepala utawa wong kang dadi pemimpin sawijining bebadan (pangarsané pakumpulan mudha-mudhi, lan sapituruté);
- *kasepuhan*:
 1. golongan wong-wong tuwa;
 2. kang kalebu golongan panjenengané nata (ratu);

- *para luhur*:
 1. wong-wong kang isih darahing ratu;
 2. wong-wong kang utama bebudèné
- *para jamhur*: wong-wong kang pinunjul ing kawruh;
- *leluhur* : wong kang nurun-nurunaké;
- *leluwur*: wong (wong-wong) kang nurun-nurunaké, ananging wis ora ana (saiki wis mati);
- *para tamu* : wong-wong kang rawuh (teka) ing kono; dhayoh;
- (*para*) *pepundhèn*: wong (barang) kang dipundhi-pundhi (sesembahan).

PARA TAMU..., KEPARENGA KULA NGADEG (JUMENENG) SAWATAWIS....

Tembung *ngadeg* manut paugeran kalebu éwoning tembung *krama ngoko*, yaiku golonganing tembung kang bisa dianggo ing tataran *ngoko* lan ing tataran *krama* tanpa luwih dhisik ngowahi utawa nyalini wujuding tembung mau. Contoné, mangkéné.

(1a) *Adhiku lagi bisa mbrangkang, durung bisa ngadeg.* (ngoko)

(1b) *Adhi kula saweg saged mbrangkang, dèreng saged ngadeg.*
(krama)

Ukara (1b) iku kanggo ngramakaké ukara (1a) lan manut paugeran dianggep bener, rasa basané uga dianggep wis laras. Ananging ing jaman saiki ana wargananing masyarakat kang nganggep yèn tembung *ngadeg* iku sejajar karo tembung *ngoko* temahan ora laras rasa basané yèn dianggo ing tataran *krama*, luwih-luwih yèn dipacak ing ukara kang jejering ukara mau *utama purusa* (sesulihé wong kapisan), *kayata, kula, kawula, adalem, abdi dalem kawula*. Upamané, mangkéné.

(2a) *Para tamu ingkang minulya, keparenga kula ngadeg sawatawis wonten ing ngarsa panjenengan sadaya saha sumela atur.*

Sanajan ora nyebal saka pranatan, ukara (2a) iki lumrahé diarani degsura (ora ngerti tata krama) jalaran migunakaké tembung *ngadeg*. Amrih rasa basané ora nggronjal, ana sawenèhing wong

kang banjur ngganti utawa nyalini tembung *ngadeg* mau nganggo tembung *jumeneng*, mangkéné.

(2b) *Para tamu ingkang minulya, keparenga kula jumeneng sawatawis wonten ing ngarsa panjenengan sedaya saha sumela atur.*

Ing pangangkah anggoné nyalini tembung *ngadeg* nganggo tembung *jumeneng* ing ukara kasebut supaya rinasa luwih alus lan urmat.

Wis kasumurupan ing akèh manawa tembung *jumeneng* iku kalebu éwoning tembung *krama inggil*, yaiku tembung *krama* kang urmat banget. Tembung iku lumrahé kanggo ngajèni marang wong liya kang pantes diormati, yaiku *madyama purusa* utawa *pratama purusa* (sesuluhé wong katelu). Kanthi mangkono, ukara (2b) iku malah kena diarani luwih degsura tinimbang ukara (2a). Amrih ukara mau, yaiku (2a) lan (2b), dadi ukara kang becik, ing kéné perlu golèk tembung kang luwih mardika kanggo nyalini tembung *ngadeg* lan *jumeneng* tumrap utama purusa 'kula'. Carané golèk tembung mau ana dasanamané, banjur ngancik tataran kapindho, yaiku nyurasa teges utawa makna né tembung mau lan dasanamané pisan. Ing tataran iki perlu digatèkaké teges bakuning tembung, ajining rasa kang dumunung ing tembung, trap-trapan kang kalumrah tumrap panganggoné tembung gegayutan karo unggah-ungguh, leléwaning basa, lan sapituruté. Tataran kang pungkasan, yaiku milih tembung kang trep, kang laras sakabèhé (tegesé pas, surasané becik, dudu tembung enggon-enggonan, lan sapituruté).

Tembung *ngadeg* iku bareng ditlusur tetéla darbé dasanama pirang-pirang, kayata: *jumeneng*, *jejer*, *mandhiri*, *ngayer*, *nganyur*, *nganyor*, *nganyot*, lan sapituruté. Tembung *ngadeg* tegesé 'njejer jejeg', minangka tembung umum (dudu enggon-enggonan), kalebu tembung *krama ngoko*; *jumeneng* tegesé 'njejer jejeg', kalebu tembung umum, éwoning tembung *krama inggil*; *mandhiri* tegesé padha karo *ngadeg*, uga kalebu tembung *Kawi*; *jejer* tegesé padha karo *ngadeg*, uga kalebu tembung umum (dudu enggon-enggonan), minangka tembung *krama ngoko*; déné *ngayer*, *nga-*

nyur, nganyor, nganyot tegese padha karo *ngadeg* nanging mengku surasa 'murang tata' lan minangka tembung enggon-enggonan. Kanthi cara nlusur dasanamaning tembung, nyurasa tegesing, lan milah-milah pangetraping dasanamané tembung siji lan sijiné bisa disumurupi yèn tembung kang luwih trep lan luwih mardika kanggo nyalini tembung *ngadeg* utawa *jumeneng* tumrap ukara (2a) lan uga (2b), yaiku tembung *jejer*. Kanthi mangkoo, ukara kasebut wujudé banjur dadi kaya kang kacetha ing ngisor iki.

(2c) *Para tamu ingkang minulya, keparenga kula jejer sawatawis wonten ing ngarsa panjenengan sadaya saha sumela atur.*

DIPENDHEM, DIKUBUR, DIMAKAMAKÉ

Tembung *dipendhem* iku mengku teges 'didokok sajroning lemah (diurugi)'. Tembung iki minangka tembung kang mardika, bisa kanggo nyebut apa waé kang dipendhem ing lemah. Ananging, yèn kang dipendhem iku ragané wong kang wis mati utawa layon, luwih-luwih layoné wong kang perlu diajèni, arep nyebut nganggo tembung 'dipendhem' kuwi lumrahé ora mentala, ora tegel, utawa rasané ora tekan. Jalaran ana sambung rapeté karo rasa (alus-kasar, nranyak-urmat), ing mangka ukuran iku mung gumantung masyarakat lan ukuraning rasa mau ora padha tumrap masyarakat siji lan liyané, mula kanggo nyebut 'dipendhem' mirunggané tumrap layon banjur warna-warna tembungé, kayata, *dipetak, dikubur, dimakamaké, disarèkaké*. Panganggoné tembung kang warna-warna iki ing pangangkah kanggo nyingkiri rasa kang dianggep nranyak, kasar, ora ngajèni.

Tembung *dipetak* iku kalebu tembung madya-krama, dumadi saka tembung lingga *petak* (krama) olèh wuwuhan ater-ater *di-* (ngoko). Tembung *petak* kalebu tembung krama, yaiku kanggo ngramakaké tembung *pendhem*. Kanthi mangkono tembung *dipetak* (madya-krama) utawa *dipunpetak* (krama lugu) kuwi tegesé padha waé karo *dipendhem*. Bédané, ajining rasa kang dumunung ing tembung *dipunpetak* luwih dhuwur sathithik tinim-

bang tembung *dipendhem* awit tembung *dipunpetak* kuwi kalebu tembung krama utawa tembung urmat.

Tembung *dikubur* iku kadhapak saka tembung lingga *kubur*. Tembung *kubur* asalé saka tembung Arab *qubuuran* kang tegese ‘pendhem’ utawa ‘kubur’. Dadi, tembung *dikubur* kuwi tegesé padha karo ‘dipendhem’. Jalaran asalé saka basa manca lan bokmanawa durung dhamang temenan tegesing tembung mau, déning masyarakat tartamtu tembung *dikubur* rasa basané dianggep luwih alus sathithik tinimbang *dipendhem*.

Tembung *dimakamaké* kadhapak saka tembung lingga *makam* oleh wuwuhan *di-/aké*. Tembung *makam* asalé saka tembung Arab *maqom* kang tegesé ‘papan’, ‘panggonan’, ‘kalenggahan (drajat) kang anggoné olèh kanthi laku kang abot (tumrap kyai sufi)’. Tembung *maqom* kang mengku teges ‘kalenggahan’ iku, upamané, ing ukara, ‘*Maqomé Kyai A kuwi luwih dhuwur tinimbang maqomé Kyai B*’. Tembung *maqom* ing ukara iki tegesé ‘drajad kalenggahan’ dudu ‘papan’ utawa ‘panggonan’. Kanthi katrangan iki bisa disumurupi yèn tembung *dimakamaké* (ngoko) utawa *dipunmakamaken* (krama) tumrap layon iku manawa ditlusur saka basa asalé mengku teges ‘dipapanaké’ utawa ‘didokok ing panggonan’. Déné karepé, layon iku ‘dipapanaké’ ing panggonan kang langgeng’, yaiku ‘kuburan’.

Kajaba tembung-tembung mau, ana manèh tembung kang luwih alus utawa luwih urmat kanggo nyebut ‘dipendhem’ tumrap layon, yaiku *disarèkaké* utawa *dipunsarèkaken*. Tembung *disarèkaké* (*dipunsarèkaken*) iku kalebu tembung krama inggil kang mengku teges wantah ‘diturokaké’. Déné teges ‘dikubur’ utawa ‘dipendhem’ ing tembung mau kalebu teges éntar. Dadi, panganggoné tembung *disarèkaké* (*dipunsarèkaken*) tumrap layoné wong kang perlu diajèni iku laras karo rasa urmat jalaran layon ing kéné dianggep (*dipindhakaké*) wadhag kang saré (turu) lan layon kang dikubur *dipindhakaké* wadhag kang *disarèkaké* (*diturokaké*).

ROH-ARWAH

Ing sajroné basa Jawa kejaba ana tembung *roh*, uga ana tembung *arwah*. Panganggoné tembung loro iki sok digebyah uyah utawa dicaruk banyu. Liré, tembung *roh* lan tembung *arwah* iku anggoné nganggo asring lira-liru kanthi mardika, ora dibédakaké. Bokmanawa tembung loro mau dianggep padha teges utawa maknané. Buktiné, ing upacara sripah utawa ing kalodhangan liyané sok ana wong (panatacara, juru sesorah, kaum utawa modin) kang gawé ukara, upamané, mangkéné.

- (1) *Para tamu, mugi wonten keparengipun kula dhèrèkaken ngunjukaken pandonga kagem **arwahipun** Almarhum Bapak ...*
- (2) *Kanthi pandonga kala wau, mugi-mugi anggènipun sowan **rohipun** Almarhum Bapak ... wonten ing Ngarsa Dalem Allah ...*
- (3) *Ziarah kubur iku, sing baku, ndongakaké **arwahé** para leluhur kang sumaré ing kono.*
- (4) *Ndongakaké **rohé** para leluhur kuwi ora kudu ana ing kuburan.*

Panganggoné tembung **roh** lan **arwah** ing ukara-ukara iki mau wis trep apa durung?

Tembung *roh* lan *arwah* iku asalé saka basa Arab. Tembung loro mau tegesé padha karo nyawa, yaiku 'dat kang njalari urip'. Bédané, tembung *roh* iku mengku teges 'nyawa kang cacahé mung siji', déné tembung *arwah* mengku teges 'nyawa kang cacahé akèh'. Kanthi mangkono, yèn kang dikarepaké iku 'nyawa kang cacahé mung siji' anggoné nyebut beciké nganggo tembung *roh*. Déné yèn kang dikarepaké iku 'nyawa kang cacahé akèh', anggoné nyebut prayogané nganggo tembung *arwah* supaya laras karo maknané tembung ing basa asalé. Kanthi mangkono, panganggoné tembung *arwah* ing ukara (1) iku ora trep jalaran kang dikarepaké ing ukara mau *arwah* kanggo nyebut 'nyawa kang cacahé mung siji'. Tembung kang trep tumrap ing ukara (1) iku tembung *roh*, kaya kang tumrap ing ukara (2). Ing kéné uga perlu disumurupi manawa basa Jawa lan basa Arab kuwi duwé cara

dhéwé-dhéwé kanggo mahyakaké cacah utawa akèhing barang. Contoné, mangkéné (kanggo nggampangaké anggoné nulis, basa Arab ing kéné ditulis nganggo aksara Latin).

| Bahasa Arab | Bahasa Jawa |
|----------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 1. <i>Illa arwahi ahli qubuuri ...</i> | 1. Dhumateng arwahipun ahli kubur ... 1a. Dhumateng rohipun para ahli kubur... 1b. Dhumateng roh-rohipun (para) ahli kubur... 1c. Dhumateng <i>sadaya</i> rohipun (para) ahli kubur... |
| 2. <i>Illa ruhi Almarhumah Ummi...</i> | 2. Dhumateng rohipun Almarhumah Ibu... |

Ing kéné bisa digawé dudutan, sing baku, yèn nyebut 'nyawa kang cacahé mung siji' beciké ora nganggo tembung *arwah*.

NIMBALI-NGATURI

Tembung *nimbali* lan *ngaturi* iku tegesé padha karo tegesing tembung ngundang, yaiku (a) 'akon mara', 'nyeluk', (b) 'nyebut', (c) 'ngulemi' utawa 'nyuruhi'. Bédané, tembung *nimbali* lan *ngaturi* kalebu éwoné tembung *krama ngoko*. Mbokmenawa amarga tatarané padha, ing jaman saiki panganggoné tembung *nimbali* lan *ngaturi* iku sok cawuh utawa klèra-klèru, luwih-luwih tumrap para nom-noman. Contoné mangkéné.

- (1a) *Bu Guru, kala wau punapa saèstu **ngaturi** kula?*
- (1b) *Bu Guru, kala wau punapa saèstu **nimbali** kula?*
- (2a) *Pak Lurah punika menawa **ngaturi** kula ngagem tembung 'Thole'.*
- (2b) *Pak Lurah punika menawi **nimbali** kula ngagem tembung 'Thole'.*
- (3a) *Rikala kagungan kersa mantu Pak Nata inggih **ngaturi** kula sakanca.*
- (3a) *Rikala kagungan kersa mantu Pak Nata inggih **nimbali** kula sakanca.*
- (4a) *Aku arep **nimbali** Bu Guru supaya mriksani kadadéan iki.*
- (4a) *Aku arep **ngaturi** Bu Guru supaya mriksani kadadéan iki.*

Manut paugeran, sanajan teges lan tataran ing unggah-ungguhing basa padha, ananging panganggoné utawa trap-trapané tem-

bung *nimbali* lan *ngaturi* iku béda utawa dibédakaké. Panganggoné tembung *ngaturi* itu, ing antarané

- (a) tumrap wong enom marang wong tuwa utawa wong kang luwih tuwa,
- (b) tumrap murid marang guru,
- (c) tumrap andhahan (karèhrèhan, abdi) marang pandhuwurané (bandarané), lan
- (d) tumrap pawongan marang kanca utawa wong liya sabagané, luwih-luwih kang srawungé durung pati raket, kang kudu diajèni.

Déné panganggoné tembung *nimbali* iku minangka kosok baliné panganggoning tembung *ngaturi*, yaiku

- (a) trumrap wong tuwa marang wong kang luwih enom kang wis kulina banget,
- (b) tumrap wong tuwo marang anak, putu, buyut, prunan, lan sapituruté, lan
- (c) tumrap pandhuwuran (panggedhé, bandara) marang andhahan (karèhrèhan, abdi, lan sapituruté).

Adhedasar paugeran iki, panganggoné tembung *nimbali* lan *ngaturi* kang bener yaiku ing ukara (1b), (2b), (3b), lan (4b).

KERANTEN WEKDAL ... PEPANGGIHAN DIPUNMILAI

Ana wong kang mbuka sawijining parepatan dhusun kanthi ukara kurang luwih mangkéné, "*Para rawuh, warganing dhusun ingkang kula tresnani, keranten wekdal sampun dalu, sumangga pepanggihan punika tumanten dipunmilai!*" Bab kang perlu olèh kawigatèn ing kéné dudu bab racikaning ukara, ananging bab panganggoné tembung *keranten* lan *dipunmilai*.

Tembung *keranten* ing ukara iku kanggo ngramakaké tembung *karana* (*kerana utawa krana*). Ing kéné perlu disumurupi manawa tembung *karana* (*kerana, krana*) kuwi kalebu èwoné tembung *krama ngoko*, yaiku golonganing tembung kang wis bisa dianggo ing basa tataran ngoko lan krama tanpa ngowahi utawa

nyalini wujuding tembung mau. Dadi, manut pranatan, tembung *karana* iku ora perlu dikramakaké dadi *keranten*. Manawa nganggo tembung *karana* ora tekan ing rasa, jalaran rumangsa yèn tembung mau kaya tembung ngoko, bisa disalini nganggo dasa namané tembung mau kanthi milih endi kang dianggep laras. Dasa namané tembung *karana* iku, *kayata, jalaran, awit, sabab (sebab), amarga (marga)* utawa *amargi* (krama).

Tembung *dipunmilai* iku kanggo ngramakaké tembung *dipunmulai*. Ing mangka, tembung *dipunmulai* kuwi kalebu éwoning tembung Indonesia, durung kalebu wargané tembung Jawa. Sanajan wong kang diajak guneman utawa rembugan racaké ya wis ngerti apa kang dikarepaké, prayogané tembung *dipunmilai* mau disalini nganggo tembung kang wis kaprah ing basa Jawa, *kayata, tembung dipunawiti, dipunwiwiti, utawa dipunayati*.

NYAOSI-MARINGI

Tembung *nyaosi* lan *maringi* iku tegesé 'awèh ... marang', padha tegesé karo tembung *mènèhi* lan *nyukani*. Bédané, *mènèhi* kalebu golonganing tembung *ngoko, nyukani* kalebu golonganing tembung *krama, déné nyaosi lan maringi* kalebu éwoning tembung krama inggil.

Tembung *nyaosi* iku kalebu *kriya tanduk* (verba aktif). Tembung iki kadhapuk saka tembung lingga *caos* kawuwuhan ater-ater anuswara *m-* lan panambang *-i*. Dhapukaning tembung *kriya* mangkéné iki lumrahé diarani *rimbag tanduk i- kriya*. Tembung *maringi* lan uga *nyukani* iku sajinis karo tembung *nyaosi*, yaiku kalebu golonganing tembung *kriya tanduk*. Rimbagané tembung loro iki uga padha, yaiku kalebu *rimbag tanduk i-kriya*. Tembung *maringi* kadhapuk saka tembung lingga paring olèh wuwuhan ater-ater anuswara *ng-* lan panambang *-i, déné nyukani* kadhapuk saka tembung lingga *suka* olèh wuwuhan ater-ater anuswara *ny-* lan panambang *i-*.

Ing jaman saiki asring tinemu panganggoné tembung *nyaosi, maringi, lan nyukani* kang nyebal saka paugeran, cawuh, utawa

klèra-klèru, luwih-luwih tumrap para nom-noman. Klèra-klèru utawa cawuhé panganggoning tembung iku ora mung winates ing ukara tanduk (aktif) nanging uga ing ukara tanggap (pasif). Contoné, mangkéné.

- (1a) *Aku ora bisa **nyaosi** apa-apa marang Pak Lurah.*
- (1b) *Aku ora bisa **maringi** apa-apa marang Pak Lurah.*
- (2a) *Bénjing kula **nyaosi** kabar dhumateng panjenengan.*
- (2b) *Bénjing kula **maringi** kabar dhumateng panjenengan.*
- (3a) *Buku kalih punika ingkang satunggal badhé kula **caosaken** Pak Danu, satunggalipun malih badhé kula **caosaken** Pak Umar.*
- (3b) *Buku kalih punika ingkang satunggal badhé kula **paringaken** Pak Danu satunggalipun malih badhé kula **paringaken** Pak Umar.*
- (4a) *Bu, sopipun dèrèng **kula sukani** sarem, lho!*
- (4b) *Bu, sopipun dèrèng **kula caosi** sarem, lho!*
- (4c) *Bu, sopipun dèrèng **kula paringi** sarem, lho!*
- (5a) *Bu, sop punika sampun **panjenengan paringi** sarem punapa dèrèng?*
- (5a) *Bu, sop punika sampun **panjenengan sukani** sarem punapa dèrèng?*

Manut paugeran, tembung *nyaosi* (*takcaosi*, *kula caosi*, *dipuncaosi*, *kula caosaken*, *dipuncaosaken*, lan sapituruté) iku dianggo guneman tumrap

- (a) anak katujokaké marang wong tuwa (bapa biyung),
- (b) wong enom katujokaké marang wong kang awuné utawa umuré luwih tuwa,
- (c) murid katujokaké marang guru,
- (d) andhahan katujokaké marang pandhuwuran,
- (e) padha-padha kanca kang durung pati rumaket, utawa
- (f) padha-padha kanca kang wis rumaket ananging perlu ngajèni sawatara.

Tembung *maringi* (*uga dipunparingi, dipunparingaken, panjenengan paringi, panjenenga paringaken, lan sapituruté*) dianggo guneman tumrap.

- (a) wong tuwa katujokaké wong enom,
- (b) guru katujokaké marang murid, utawa
- (c) padhuwuran katujokaké marang andhahan kang umuré luwih enom, lan sapituruté.

Déné tembung *nyukani* (*uga nyukakaken, dipunsukakaken, kula sukani, kula sukakaken, lan sapituruté*) lumrahé dianggo guneman tumrap sapa-dha-sapa-dha, guneman mardika (nétral) kang ora mligi katujokaké marang madyama purusa (wong kaloro) utawa pratama purusa (wong katelu), upamané, ngandhakaké resèp jamu, resèp olah-olahan (mangsak), andharan babagan ilmu, lan sapituruté.

Adhedasar pranatan iki, bisa disumurupi manawa ukara (1a), (2a), (3a), (4a), lan (5a) kalebu golonganing ukara kang manut paugeran, déné ukara-ukara liyané bisa diarani ukara kang nyebal saka pranatan. Kagem lelimbangan, ing ngisor iki kapacak ukara-ukara kang panganggoné tembung sing dadi wosing rembug ing tulisan iki trep karo paugerané.

- (1) *Jeng Sus, yèn wis rampung diwaos, buku kuwi **paringna méja** kono waé!*
- (2) *Para kadang sadaya, saka kaparengipun Bapak Camat, ménda-ménda punika badhé **kaparingaken** dhumateng para putra ing dhusun ngriki ingkang taksih sinau ing SD.*
- (3) *Sinaosa sampun **dipunsukani** tandha boten angsal ménggok nengen, ananging wonten kémawon tiyang ingkang nékad nerak awisan punika.*
- (4) *Pak Umar sampun **kula caosi** jadwal acaranipun.*
- (5) *Serat uleman saraséhan ingkang **panjenengan paringaken** kula kala wingi punika **kula caosaken** Pak Agung awit kula sampun dipunkintuni piyambak déning panitia.*
- (6) *Cèt témbok punika katingal sumeblak awit **kula sukani** obat makaten punika. Menawi panjenengan ngersakaken, mangké*

kula caosi. Perlu kula caosi priksa, anggèn panjenengan maringi obat punika sampun kathah-kathah, cekap satunggal séndhok saben satunggal kilonipun.

SUWARGI-ALMARHUM

Ana pitakon, “Kanggo nyebut wong kang wis mati kuwi sing bener nganggo tembung *suwargi* apa *almarhum*?”. Pitakon iki bisa diwangsulni kanthi cekak, “kabèh bener”. Nalaré, tembung-tembung mau wis ditampa déning masyarakat lan banjur didadèkaké tembung dasa nama (*sinonim*). Mung waé, tembung loro iku béda asalé.

Tembung *suwargi* (utawi *swargi*) iku kanggo ngramakaké tembung *suwarga* utawa *swarga*. Tembung *suwarga* utawa *swarga* asalé saka basa Sansekerta *svàrga* (*svarga*). Déné tegesé *svàrga*, yaiku ‘cahya, sumoro’, ‘taman’, ‘papan kang sumoro’, ‘taman firdaus’. Ing basa Jawa, tembung *suwarga* utawa *swarga* banjur ditegesi ‘alam kanikmatan padunungané’ para sukma (kang padha utama rikala urip ing donya). Kanthi mangkono, nyebut wong kang wis mati kanggo tembung *suwargi* utawa *swargi* kuwi mengku karep (1) ngajèni utawa ngormati wong kang wis mati mau, (2) nggadhang utawa ngajab becik yèn wong kang wis mati mau manggon ana ing suwarga.

Tembung *almarhum* iku asalé saka basa Arab. Tembung iki kanggo nyebut wong kang wis mati tumrap *wong lanang*, déné yèn sing mati mau wong wadon anggoné nyebut nganggo tembung *almarhumah*. Panganggoné tembung iki uga mengku karep ngormati lan pangajab becik marang wong kang wis mati mau salaras karo teges utawa maknané tembung *almarhum* utawa *almarhumah*. Teges utawa maknané tembung *almarhum* (*almarhumah*) yaiku ‘kang rinahmatan’ utawa ‘kang olèh sih kawelasan’ (kang olèh sih kawelasan saka Ngarsa Dalem Pangéran Inggang Maha Kuwasa).

Kajaba tembung-tembung mau, ana manèh tembung kang uga sok dianggo nyebut wong kang wis mati, yaiku tembung

sregi lan *jenat*. Tembung *sregi* iku minangka tembung enggon-enggonan (dhialèk). Tembung iki asalé saka ingsebaning pakecapan tembung *suwargi* utawa *swargi*. Déné tembung *jenat*, asalé saka basa Arab *jannatun* kang tegesé ‘swarga’. Ananging, panganggoné tembung *jenat* iku lumrahé kanggo nyebut wong kang wis mati tumrap wong biasa (lumrah) kang ora perlu diurmati banget, upamané, *jenaté si Dhadhap*, *jenaté si Suta*, lan sapituruté.

PANCA DASA WARSA: “SÈKET TAUN” APA “LIMALAS TAUN”?

Ing sajroné basa Jawa ana tembung wilangan kang dianggo ing tataran ngoko (*siji*, *loro*, *telu*, *papat*, *lima*, lan sapituruté), ana tembung wilangan kang dianggo ing tataran krama (*satunggal* (*setunggal*), *kalih*, *tiga*, *sekawan*, *gangsals*, lan sapituruté), lan ana tembung wilangan kang mung sok dianggo ing basa éndah utawa basa susastra (*éka*, *dwi*, *tri*, *catur*, *panca*, lan sapituruté). Tembung wilangan kang saiki kelumrah dianggo ing tataran ngoko lan tataran krama iku asalé saka tembung wilangan basa Kawi utawa basa Jawa Kuna, déné tembung wilangan *éka*, *dwi*, *tri*, lan sapituruté iku asalé saka basa Sanskerta.

Bab panganggoné tembung wilangan ing tataran ngoko katoné ora ana pakèwuhé. Ananging panganggoné tembung wilangan ing tataran krama, luwih-luwih tumrap para nom-noman, sok ana seling surupé. Tembung wilangan, upamané, *selikur*, *rolikur*, *telu likur*, *patlikur*, *selawé*, *nem likur*, lan sapituruté sok dikramakaké dadi *kalih dasa setunggal*, *kalih dasa kalih*, *kalih dasa tiga*, *kalih dasa sekawan*, *kalih dasa gangsals*, *kalih dasa enem*, lan sapituruté. Ing mangka, kramané tembung-tembung wilangan mau kuduné *selikur*, *kalih likur*, *tiga likur*, *kawan likur*, *selangkung*, *nem likur*. Bab iki bokmanawa amarga kadayan basa Indonesia utawa ketonto kayadéné ngramakaké étungan sawisé telung puluh munggah (*tigang dasa satunggal*, *tigang dasa kalih*, *tigang dasa tiga*, lan sapituruté). Kajaba kuwi, panganggoné tembung wilangan

kang asalé saka basa Sanskerta asring uga ana tuna dungkapé. Sawenèhé dhalang, upamané, ngojahaké déwa cacah telung puluh kang (kabèh) darbé watak sanga kanthi tetembungan *déwa tri dasa awatak nawa*. Tembung *tri dasa* kang dikarepaké déning dhalang mau cetha yèn kanggo nyalini tembung *telung puluh*. Ing mangka, tembung *tri dasa* iku asliné ateges 'tetulas'. Semono uga tetembungan *panca dasa warsa* ing jaman saiki ana kang negesi 'sèket taun', ing mangka tetembungan mau ing basa Sanskerta tegesé 'limalas taun'. Amrih cethané, ing ngisor iki dipacak urutané tembung wilangan ing basa Kawi, Sanskerta, lan basa Jawa saiki.

| Basa Kawi | Basa Sanskerta | Basa Jawa | |
|-------------------------|-------------------|------------|---------------|
| | | Ngoko | Krama |
| tunggal | eka | Siji | satunggal |
| rwa (dwa) | dwi (dwa) | Loro | kalih |
| têlu (tiga) | tri | Telu | tiga |
| pat (papat) | catur | Pat, papat | sekawan |
| lima | panca | Lima | gangsal |
| nêm | sad | nem, enem | nem, enem |
| pitu | sapta | pitu | pitu |
| wwalu | asta | wolu | wolu |
| sanga | nawa | sanga | sanga |
| sepuluh | dasa | sapuluh | sadasa |
| sawêlas | ekādasa | sewelas | sewelas |
| rwa wêlas | dwadasa | rolas | kalih welas |
| tiga wêlas | trayodasa/tridasa | telulas | tiga welas |
| pad wêlas | catudasa | patbelas | kawan welas |
| lima wêlas | pañcadasa | limalas | gangsal welas |
| nêm wêlas/-nêm bêlas | sodasa | nembelas | nembelas |

| Basa Kawi | Basa Sanskerta | Basa Jawa | |
|---------------|----------------|--------------|---------------|
| | | Ngoko | Krama |
| pitu wêlas | saptadasa | pitulas | pitulas |
| wwalu wêlas | astadasa | wolulas | wolulas |
| sanga wêlas | nawadasa | sangalas | sangalas |
| rwang puluh | wimsati | rong puluh | kalih dasa |
| salikur | ekawingsati | selikur | selikur |
| rwalikur | dwawingsat | rolikur | kalih likur |
| têlulikur | triwingsat | telu likur | tiga likur |
| pad likur | caturwingsat | pat likur | kawan likur |
| lima likur | pañcawingsat | selawé | selangkung |
| têlung puluuh | tringsat | telung puluh | tigang dasa |
| patang puluh | catwaringsat | patang puluh | kawan dasa |
| limang puluh | pañcaringsat | sèket | sèket |
| nêmang puluh | sasti | sewidak | sewidak |
| pitung puluh | saptati | pitung puluh | pitung puluh |
| wwalung puluh | asiti | wolung puluh | wolung puluh |
| sangang puluh | nawati | sangan puluh | sangang puluh |

Saka cathetan iki bisa disumurupi manawa *pañcadasa* iku ing basa Sansekerta ateges 'limalas', déné kang ateges 'sèket' iku *pañcaringsat*. Dadi, tetembungan *panca dasa warsa* iku yèn kapirid saka asalé mengku teges 'limalas taun', dudu 'sèket taun'. Manawa *panca dasa warsa* kuwi sing dikarepaké padha karo 'sèket taun', *tri dasa* padha karo 'telung puluh', lan sapitiruté. Bab iku ateges blegéré (wujud utawa dhapukané) basa Jawa, mung tetembungané nyilih basa Sansekerta.

ENDI KANG BENER: "KIYAMBAK" APA "PIYAMBAK"?

Kajaba tembung *piyambak*, ing sajroné basa Jawa uga ana tembung *kiyambak*. Tembung loro iki jinis utawa golongané padha, yaiku kalebu éwoné tembung pronominal; wujud utawa blegéré mèh padha mung béda pakecapan ing wiwitané tembung, yaiku

tembung *piyambak* kawiwitan swara /p/ lan tembung *kiyambak* kawiwitan swara /k/; sarta teges lan panganggoné uga padha, yaiku kanggo ngramakaké tembung *dhéwé*. Mula ora mokal yèn banjur ana pitakon, “Endi tembung kang bener, *kiyambak* apa *piyambak*?”

Satemené pitakon iku bisa diwangsuli kanthi cekak aos, “Kabèh tembung mau bener, manut empan lan papané.” Nalaré, basa iku darbèké masyarakat. Beciké basa, bener lan luputé basa, sarta mekar tumangkaré basa iku kang nemtokaké ya masyarakat kang nduwèni basa iku mau. Mula, yèn ana tembung utawa tetembungan kang wis kelumrah dianggo déning masyarakat lan ora ana saru sikuné, tembung utawa tetembungan mau mesthi waé wis dianggep bener déning masyarakaté, yaiku masyarakat kang nduwèni basa mau. Malah ing wilayah tartamtu, upamané, ing wilayah Kebumèn, tinemu tembung *piyambek* lan *kiyambek*. Tembung loro iki kelumrah dianggo ing pasrawungan saben dinané minangka lira-liruné tembung *piyambak* lan *kiyambak*. Mesthi waé tembung *piyambek* lan *kiyambek* iku dianggep bener déning masyarakat ing wilayah mau.

Sawijining téori nyebutaké, yèn ana tembung loro utawa luwih kang béda wujudé utawa béda pakecapané, tembung-tembung mau mesthi ana bédané. Bédané tembung-tembung mau bisa dumunung ing teges utawa maknané, rasa basané, asal-usulé, utawa panganggoné. Jalaran tembung *piyambak*, *kiyambak*, *piyambek*, lan *kiyambek* iku kabèh dianggep bener, teges lan panganggoné uga dianggep padha, yaiku kanggo ngramakaké tembung *dhéwé*, bédané wujud utawa pakecapan tumrap tembung-tembung mau banjur mbédakaké apa?

Pitakon iki ora bisa diwangsuli kanthi cekak aos kaya pitakon sadurungé. Kanggo mangsuli pitakon iki butuh katrangan rada rowa, mangkéné.

1. Tembung *piyambak* asalé saka tembung Jawa Kuna *prihambak* kang ateges ‘dhéwé’. Basa Jawa Kuna iku ing sakawit utawa asliné ditulis nganggo aksara Jawa Kuna. Kanggo nglatinaké

aksara Jawa (Kuna) lumrahé ana kang nganggo aksara h lan ana uga kang ora. Mulané, ing basa Jawa banjur tinemu sawatara tembung kang wujudé kembar (dhobel), kayata, *hamba – amba, haywa – aywa, bahu – bau, grahita – graitra, rahina – raina, wahing – waing*. Kanthi mangkono, tembung *prihambak* sok uga ditulis *priambak*. Ing pakecapan tembung *priambak* banjur swarané /r/ ilang dadi *piambak*, kayadéné tembung *priyayi* dadi *piyayi*, *prawira* dadi *pawira*, *prakara* dadi *pekara*. Kanggo ngluwesaké pakecapan, tembung *piambak* banjur dadi *piyambak*, kayadéné tembung *priangga* dadi *priyangga*, *piandel* dadi *piyandel*. Dadi, tembung *piyambak* (kawiwitan swara /p/ iku luwih cedhak karo tembung asalé (Jawa Kuna) tinimbang tembung *kiyambak*.

2. Tembung *piyambak* iku panganggoné sok lira- liru karo tembung *kiyambak*. Tembung-tembung kang wujudé kembar kanthi lira-liru swara /p/ karo /k/ kayadéné tembung *piyambak* lan *kiyambak* iku ing basa Jawa dianggep rada lumrah. Déné sawatara tembung kang wujudé kembar kanthi lira-liru swara /p/ karo /k/ saliyané *piyambak* lan *kiyambak*, kayata: *pipa – kipa, pompa – kompa, piyik – kiyik, jupuk – jukuk, pisang – kisan*g. Ananging manawa ditliti kanthi tlesih, tetéla tembung-tembung kang wujudé kembar iku mau ora ke-lumrah dianggo lira-liru kanthi mardika ing sadhéngah papan. Tembung-tembung kang mengku swara /k/ iku (*kipa, kompa, kiyik, jukuk, kisan*g) lumrahé mung dianggo ing basa lisan padinan utawa ing basa enggon-enggonan. Déné tembung-tembung kang mengku swara /p/ (*pipa, pompa, piyik, jupuk, pisang*) bisa dianggo ing basa resmi (lisan utawa tinulis) lan bisa ditampa lan dipahami déning wong Jawa ing ngendi waé. Kanthi mangkono, tembung *pipa, pompa, piyik, jupuk, pisang*, lan uga *piyambak* iku kena diarani tembung kang baku.
3. Tembung *piyambek* lan *kiyambek* iku mujudaké lira-liruné tembung *piyambak* lan *kiyambak* kanthi nyalini *a* kang

dumunung ing wanda pungkasané tembung mau nganggo *e* (pepet). Lira-liruné tembung *piyambak* – *piyambek* utawa *kiyambak* – *kiyambek* satemané uga ora ngijèni, ananging ana tunggalé, upamané, *ditekak* – *ditekek*, *keselak* – *keselek*, *ngidak* – *ngidek*, *picak* – *picek*, *dhedhak* – *dhedhek*, *kebak* – *kebek*.

Sanajan tembung-tembung *piyambek*, *kiyambek*, *ditekek*, *keselek*, *ngidek*, *picek*, *dhedhek*, lan *kebek* iku kelumrah dianggo déning masyarakat, ananging tembung-tembung mau mung winates ing basa lisan ing wilayah-wilayah tartamtu. Kanthi mangkono, tembung *piyambek*, *kiyambek*, *ditekek*, *keselek*, lan sapituruté iku kalebu éwoning tembung enggon-enggonan, dudu tembung kang baku.

Kanthi katrangan iki bisa disumurupi bédané tembung *piyambak* lan *kiyambak*. Tembung *piyambak* kalebu éwoné tembung kang baku, déné *kiyambak* ora kalebu tembung kang baku.

TEGESÉ TETEMBUGAN “WIWARARUKMI”

Pagelaran macapat iku minangka udyana kang becik banget kanggo ngipuk-ipuk amrih mekar tumangkaré basa lan sastra Jawa. Liré, pagelaran macapat iku kajaba bisa kanggo nggegulang seni tembang, uga bisa minangka sarana dhudhah-dhudhah kanggunan adiluhung kang pinacak ing sajroné susastra Jawa lan uga nyinau basané. Bab iki bisa disumurupi jalaran ing pagelaran macapat sawisé layang wacan ditembangaké lumrahé banjur dirembug apa isiné layang wacan mau lan uga dirembug tegesing sawatara tembung utawa tetembungan kang dianggep peteng utawa angèl. Pagelaran macapat kang cak-cakané kaya mangkono iku racaké ditindakaké déning pakumpulan macapatan kang wargané ajeg lan uga ajeg nganakaké pagelaran. Kajaba kuwi, ing saben pagelaran macapat mesthi ana wong kang dianggep mumpuni utawa ahli ing babagan basa lan sastra Jawa kang bisa dadi paran pitakonan utawa parampara yèn ana bab-bab kang perlu dirembug. Temahan, yèn ana bab-bab kang dadi

rembug banjur bisa diudhari ing wektu iku uga. Kanthi mangkono, wong-wong kang teka ing pagelaran macapat mau padha marem atiné amarga olèh bebathèn tambahing sesurupan.

Ananging ora kabèh pagelaran macapat cak-cakané kaya kang wis dibèbèraké ing dhuwur mau. Ana pagelaran macapat kang mung nengenaké tembangé, ora ngrembug apa isiné layang wacan kang ditembangaké lan uga ora ngrembug basané. Ana manèh pagelaran macapat kang cak-cakané kaya kang wis dibèbèraké ing dhuwur mau ananging ora ana wong kang bisa dadi paran pitakonan. Ing satemah, rembug bab basa lan sastrané dadi ora tumanja. Bab iki kaya kang dingendikaké Bapak Msd kang naté rawuh ing Balai Bahasa Yogyakarta saperlu nggenahaké tegesing sawatara tembung ing sajroné layang wacan. Layang wacan kang adhapur tembang macapat iku tau dianggo macapat-an nalika wungon tirakatan ing malem tanggal 17 Agustus kapungkur saperlu mèngeti dina kamardikan Republik Indonesia. Manut pangadikane Bapak Msd, ing sakawit pagelaran macapat tumindak kanthi rancang. Sawatara warganing dhusun gentènan maju nembang mamèraké moncèring swara, ngesing céngkok, lan kèwesing gregel. Dadi, swasana bengi kuwi mèmper karo pagelaran sayembara nembang. Ananging bareng tekan giliran ngrembug bab isiné layang wacan lan tegesé tembung, swasanané dadi malik grémbyang kaya nyang-nyangan pitik ing ngarep pasar, oncor-oncoran rega, rebut bener. Ana sawatara tembung kang tegesé dianggep peteng dadi rembug muyeg. Amarga ora ana wong kang bisa dadi paran pitakonan, nganti rampung pagelaran tembung-tembung mau durung bisa diudhari kanthi cetha. Sawenèhing tembung kang kalebu digenahaké apa maknané déning Bapak Msd yaiku tembung *wiwara* ing tetembungan *wiwara rukmi* kang kapacak ing sajroné tembang gambuh ngisor iki.

Kamardikan mrih jumbuh,
dipunisi tandang kang sumaguh,

wit mardika iku lir *wiwara rukmi*,
kanggo nuju jaman maju,
nggayuh gesang lair batos.

Cundhuk karo tegesé tembung *wiwara* ing tembung mau ana kang nggathukaké karo tembung *wara-wara* kang ateges 'awèh weruh' utawa 'pengumuman', kanggo gantiné tembung *proklamasi*, déné *rukmi* ditegesi 'emas'. Jalaran *wiwara rukmi* ditegesi 'proklamasi emas', mula ukara *wit mardika iku lir wiwara rukmi* banjur ditegesi kanthi pangothak-athik dadi 'jalaran mardika iku pindhané proklamasi emas'. Ana manèh kang nggathukaké tembung *wiwara* karo tembung *biwara*, *bayawara*, lan *pariwara* kang tegesé 'awèh weruh' utawa 'awèh kabar' lan ana uga kang nggathukaké tembung *wiwara* karo tembung *wara* kang ateges 'pilihan, pinilih', 'linuwih'. Banjur endi sing bener?

Tembung *wiwara* kang kapacak ing sajroné tembang ing dhuwur iku satemené ora ana gandhèng cènèngé karo tembung *wara-wara*, *bayawara*, *pariwara*, *biwara*, lan *wara* kang disebut mau. Tembung *wiwara* iku asalé saka basa Sanskerta kang ateges 'bolongan', 'lèng', 'lawang', 'kori', utawa 'guwa'. Tembung *rukmi* tegesé 'emas'. Kanthi mangkono, tetembungan *wiwara rukmi* iku bisa ditegesi 'bolongan emas', 'lèng emas', 'guwa emas', 'lawang emas', utawa 'kori emas'. Mesthi waé ora kabèh teges iki jumbuh karo apa kang dikarepaké ing sajroné tembang gambuh kasebut. Teges kang cocog yaiku 'lawang emas' utawa 'kori emas', utawa malah bisa ditegesi 'gapura emas'. Dadi, ukara "wit mardika iku lir wiwara rukmi" ing tembang mau bisa ditegesi 'jalaran mardika iku pindhané gapura emas'. Bab iki jumbuh karo pangandikané Bung Karno (Presiden I Republik Indonesia) kang kurang luwih, mangkéné, "*Bahwa kemerdekaan itu bukanlah tujuan utama dari perjuangan bangsa Indonesia, ...kemerdekaan itu merupakan pintu gerbang emas untuk menuju masyarakat Indonesia yang adil makmur dan merata*"

DALEM - ADALEM

Wong (bocah) yèn ditimbali (diundang) déning wong tuwa utawa wong kang kudu diajèni (diurmati), ana kang anggoné wangsulan mangkéné, “kula, Pak...”, “kula, Bu ...”, “kula, Dèn ...”, “dalem, Pak ...”, “dalem, Bu ...”, “dalem, Dèn ...”, lan sapituruté. Tembung *dalem* kang dianggo miwiti ukara wangsulan iku mau apa padha tegesé karo tembung *kula* lan panganggoné tembung mau apa wis laras karo parama basa Jawa? Kanggo mangsuli pitakon iki perlu katrangan rada rowa, mangkéné.

Tembung *dalem* iku kalebu éwoning tembung *polisemi*. Kaéwokaké tembung *polisemi* jalaran tembung iki mengku teges warna-warna utawa pirang-pirang lan béda-béda. Amrih cetha, ing ngisor iki kapacak sawatara warna-warnané teges tembung *dalem* (*krama inggil* dicekak *ki*, *krama ngoko* dicekak *kn*, tembung *engon-engonan* (dhialèk) dicekak *engg*, déné tegesing tembung utawa ukara diapit nganggo tandha ‘...’).

1. *dalem* ki ‘omah’; *dalem ageng* ki ‘omah gedhe’, ‘omah pokok’ (dudu omah gandhok, pringgitan, pandhapa, èmpèr, lan sapituruté); *dedalem* ki ‘manggon’, ‘dedunung’, ‘omah-omah: **dedalem** ing kitha ‘dedunung (manggon, omah-omah) ing kutha’
2. *dalem* kn (a) ‘(ing) sajroné wektu (mangsa)’: **dalem** sesasi mulih sepisan ‘sajroné wektu sesasi mulih sepisan’; (b) ‘saben’ **dalem** sekiloné dibayar Rp100,00 ‘saben sekiloné dibayar Rp100,00’
3. *dalem* ki (a) ‘-mu’: putra **dalem** ‘anakmu’; (b) ‘-é, -né’ (tumrap panjenengané ratu): *kagungan dalem gangsa* ‘gamelan duwèké ratu’, gamelané Sang Prabu’: (c) (utawa *adalem*) ‘aku, -ku’: **dalem** (*adalem*) nyuwun pamit ‘aku njaluk pamit’, anak **dalem** (*adalem*) punika saweg umur tigang taun ‘anakku iki lagi umur telung taun’
4. *dalem* kn *engg* ‘njero, sajroné’: *piwulang kang kapacak ing dalem kitab* ‘piwulang kang kapacak ing sajroné (njero) kitab’

Ing pratélan iki bisa disumurupi manawa tembung *dalem* iku bisa mengku teges ‘-mu’, yaiku sesulih pandarbé madyama pu-

rusa (*kata ganti empunya persona kedua*), lan uga bisa mengku teges 'aku' utawa '-ku', yaiku tembung sesulih utama purusa (*kata ganti persona pertama*) utawa sesulih pandarbé utama purusa (*kata ganti empunya persona pertama*). Généa tembung *dalem* bisa mengku teges '-mu' utawa 'kowé' lan '-ku' utawa 'aku'?

Tembung *dalem* kang kapacak ing angka 3 iku ing sakawit mengku teges '-mu' (sesulih pandarbé madyama purusa) utawa 'kowé' (sesulih madyama purusa). Tembung *dalem* iku banjur olèh wuwuhan a- kang mengku teges 'dudu' dadi *adalem*. Tembung *adalem* kuwi tegesé 'dudu kowé', yaiku 'aku', lan dianggo ing tataran krama inggil. Dhapukaning tembung kaya mangkéné iki padha karo dhapukaning tembung Jawa Kuna *sura* 'déwa' dadi *asura* 'dudu déwa', yaiku 'raseksa', 'buta'.

Ing sabanjuré tembung *adalem* 'aku' iku panganggoné asring kacekak dadi *dalem* kanthi teges kang isih tetep 'aku'. Kadadéan mangkéné iki ing basa Jawa ana tunggalé. Tembung *marta*, upamané, ing sakawit mengku teges 'matí' (asalé saka tembung *m^ota*, 'matí'). Tembung *amarta* tegesé 'urip' ('ora mati'). Panganggoné tembung *amarta* iku sok banjur dicekak dadi *marta* kanthi teges isih ajeg, yaiku 'urip'. Tetembungan *tirta marta*, upamané, yèn dijupuk saka tata gelaré utawa wujudé, mesthiné ateges 'banyu mati' (banyu sing matèni). Ananging, tetembungan *tirta marta* ing kéné kang dikarepaké mengku teges 'banyu panguripan'.

Kanthi andharan iki bisa digawé dudutan manawa tembung *dalem* kang asalé saka cekakané tembung *adalem* iku mengku teges 'aku'. Panganggoné tembung iki bisa lira-liru karo tembung *kula* (sesulih utama purusa). Bédané, tembung *kula* kelumrah dianggo ing tataran *krama* lan *dalem* (*adalem*) dianggo ing tataran *krama inggil*. Dadi, ukara wangsulan, 'Kula, Pak ...' iku krama lumrah, déné "Dalem, Pak ..." iku krama inggil. Panganggoné tembung-tembung mangkéné iki ora nalisir saka parama basa Jawa.

RESÈPSI - PASAMUWAN - PAWIWAHAN – PISTA

Ing sajroné basa Jawa akèh tinemu tembung-tembung kang asalé saka basa manca (Sanskerta, Arab, Cina, Portugis, Walanda, Inggris, lan sapituruté). Tembung-tembung saka basa manca mau ana kang dianggo kanthi wantahan (pakecapan lan panulisé isih padha karo ing basa asalé), kayata, *waskom, halte, wortel, amplifier, broiler*, lan ana uga kang wis dibesut (pakecapan lan panulisé wis dilarasaké karo pranatan basa Jawa), upamané, *gordhèn, kusir, pit, kompor, mandhor, kakus, bingkil, mesin, televisi, akuarium, oprasi*.

Tembung-tembung saka basa manca iku mleburné ing basa Jawa baka sathithik, kawiwitan atusan taun kepungkur (wiwit basa Jawa isih diarani basa Kawi utawa basa Jawa Kuna) nganti tumekané saiki. Amarga anggoné mlebu ing basa Jawa wiwit atusan taun kepungkur, mula ora mokal yèn cacahé tembung saka basa manca iku akèh banget, ana kang anyar lan ana uga kang wis lawas. Malah saking lawasé, wong Jawa dhéwé sok ora rumangsa utawa ora nglegéwa manawa satemené tembung-tembung kang dianggo ing saben dinané iku akèh kang asalé saka basa manca. Tembung-tembung saka manca kang kapétung lawas iku, kayata, *aksara, basa, swara, sрати, geni*, (saka basa Sanskerta), *lair, pikir, kursi, mripat, jenat*, (saka basa Arab), *gendéra, méja, clana, gréja, béla* (saka basa Portugis), *cawan, tèh, soto, kécap, bakmi* (saka basa Cina), *bingkil, bangku, lampu, kakus, karcis, sepur* (saka basa Walanda).

Ing donya iki ora ana basa kang sampurna temenan, kang duwé tembung sarwa pepak lan ora kekurangan. Semono uga basa Jawa. Amarga ing sajroné basa Jawa ana kekuranganing tembung, mula wong Jawa banjur mbudidaya ngganepi kekurangan mau kanthi cara gawé tembung anyar utawa njupuk tembung-tembung saka basa manca. Pamrihé, yèn tembung-tembungé pepak, basa Jawa bisaa dadi saya cancingan (praktis), bisa dianggo ing sadhéngah papan lan kaperluan. Saupama wong Jawa kuwi ora gelem nampa babar pisan tembung-tembung saka

basa manca lan kabèh tembung kang asalé saka basa manca banjur dibuwangi, bokmanawa basa Jawa ora kena dianggo caturan ing jagating pasrawungan saiki. Pancèn wong Jawa kuwi ora gampang nampa sadhéngah tembung manca, ananging ora ateges emoh nampa babar pisan tembung-tembung saka basa manca. Wong Jawa yèn arep njupuk tembung saka basa manca (tembung anyar), racaké diétung luwih dhisik tuna lan bathiné, luwih dhisik digolèki ing sajroné basa Jawa wis ana apa durung tembung kang tegesé padha karo tembung saka basa manca mau, sawisé iku banjur dilelimbang pakecapané nggronjal apa ora, lan sapituruté. Kanthi mangkono, saben tembung manca kang arep dianggo ing basa Jawa kuwi luwih dhisik kudu disaring kanthi setiti, dilelimbang cocog lan orané teges sarta rasa basané, lan sabisa-bisa dilarasaké pakecapan sarta panulisé karo lagu lagéhan lan pranatan ing basa Jawa. Sanajan wis diréka kaya mangkono, éwasemono tembung-tembung saka basa manca kang dianggo ing basa Jawa iku tetep akèh, satemah ora gampang anggoné ngéling-éling lan muwuhi kangélané wong kang nyinau basa Jawa. Dadi, panganggoné tembung-tembung saka basa manca iku kajaba ana perluné uga ana risiko utawa pitunané.

Wong Jawa iku anggoné nyinau basané lumrahé mung adhedhasar basa lisan, kanthi cara ngrungokaké yèn ana wong caturan, ngrungokaké yèn ana wong sesorah, ngrungokaké yèn ana dhalang kojah, lan sapituruté, banjur nitèni utawa nyathet ing sajroné batin apa waé kang dianggep becik. Olèh-olèhané ngrungokaké lan nenitèni mau ing mengkoné banjur dianggo utawa ditiru nalika caturan, sesorah, lan sapituruté. Arang wong kang nyinau basané, kalebu tembung-tembungé, saka buku piwulang basa, saka buku palapuran asil panalitiné para ahli basa, utawa saka bausastra (kamus). Jalaran anggoné nyinau basa Jawa iku akèh-akèhé mung adhedhasar basa lisan kanthi cara ngrungokaké (ora dicathet nganggo tulisan), mesthi waé panampané bisa seling surup tur yèn lali ora bisa dibalèni. Awit, basa lisan iku gampang ilang, bakda diucapaké wis ora ana ta-

beté, satemah ora bisa dibolan-balèni utawa ditamataké. Mula ora jeneng aèng yèn ing jaman saiki sok tinemu sawatara wong (panatacara, juru sesorah, lan liya-liyané) kang tumpang suh anggoné ngetrap tembung saka basa manca amarga saka kurang pangertiné.

Tembung-tembung kang panganggoné asring cawuh utawa tumpang suh iku ana sawatara, kayata, *wiwahan* utawa *pawiwahan* sok dianggo nyalini tembung *resèpsi*, *pasamuwan*, utawa *pista*; *kuwanda*, *kunarpa*, *jasad*, *jisim*, *layon* sok dianggo lira-liru kaya-kaya tanpa ana bédané; *udiyana*, *panti*, *sasana*, *asana*, *sana* uga sok dianggo kanthi lira-liru awit dianggep tegesé padha, lan sapituruté. Gandhèng rupaking papan, ing kalodhangan iki mung arep dirembug tembung *resèpsi*, *pawiwahan*, *pasamuwan*, lan *pista*.

1. *resèpsi* saka tembung *receptie* (Walanda) utawa *reception* (Inggris), tegesé 'lenggahan (pista, jejagongan) dhines kang diadani kanggo nampa lan mahargya tamu (ing pista wisudhan gubernur, bupati, présidhèn, utawa panggedhé liyané, ing pista dhauping pangantèn, lan sapituruté)
2. *wiwahan* utawa *pawiwahan* asalé saka tembung lingga *wiwaha* (Sanskerta) kang mengku tegesé 'pikrama', 'dhaup'; *wiwahan* utawa *pawiwahan* tegesé 'pista utawa bawahan ketemuning pangantèn'
3. *pasamuwan* asalé saka tembung lingga *samuwa* utawa *samuha* (Sanskerta) kang mengku tegesé (a) 'pakumpulan', 'gegolongan', (b) "regeng", ngengreng, 'sarwa becik'; *pasamuwan* tegesé (1) 'pakumpulan', (2) 'karamaéan ing pista', (3) 'gebyagan utawa kepyakan wayang wong, lan sapituruté'
4. *pista* asalé saka tembung *fest* (Walanda) kang tegesé 'seneng-seneng utawa sukan-sukan (mangan énak, tanggap warsa, lan sapituruté)'

Katrangan iki nuduhaké yèn tembung-tembung mau tegesé ora persis padha. Kanthi mengkono, panganggoné tembung papat iki mau ora kena digebyah uyah digawé padha, ora prayoga yèn dianggo lira-liru kanthi mardika.

KULA - KAWULA

Ing sajroné basa Jawa ana tembung *kula* lan ana uga tembung *kawula*. Tembung loro iki sok bisa dianggo lira-liru kanthi mardika lan sok ora bisa. Tembung *kawula* ing ukara, upamané, “*Dhuh Gusti, kawula marak sowan wonten ing ngarsa Paduka ...*”, bisa diganti nganggo tembung *kula*, “*Dhuh Gusti, kula marak sowan wonten ing ngarsa Paduka*” Ananging, tembung *kawula* kang dadi linggané tembung *ngawula*, upamané, ora bisa diliru utawa diganti nganggo tembung *kula*.

Tembung *kula* iku kalebu *polisemi*. Tembung *kula* kang sepiasan asal saka basa Sansekerta tegesé ‘turun’, ‘darah’, ‘trah’, ‘sanak sadulur’, ‘suku bangsa’, ‘kasta’. Tembung iki sabanjuré bisa didhapuk dadi tembung, kayata, *kulawarga* ‘sanak sadulur’, *kula mitra* ‘sanak lan kanca-kanca’, *kula wangsa* ‘sanak sadulur’, *kula sentana* ‘sanak sadulur’. Tembung *kula* kang kapindho kalebu éwoning tembung krama, ateges ‘aku’ (sesulih utama purusa). Panganggoné tembung iki, upamané, mangkéné.

1. *Kula dèrèng mangertos bab punika.* ‘Aku durung mangerti bab kuwi.’
2. *Lembunipun sampun kula guyang.* ‘Sapiné wis dakguyang.’
3. Kanggo mangsuli yèn diundang, upamané, “*Kula, Bu Guru*”

Tembung *kawula* iku asalé saka basa Jawa Kuna, tegesé ‘abdi’, ‘batur’. Ing basa Jawa saiki tembung *kawula* mengku teges (1) ‘abdi’, ‘batur’, (2) ‘rakyat’, ‘karèrèhan’. Satemené teges kang kasebut ing angka (2) iku minangka pamekaring teges kang kasebut ing angka (1). Jalaran, ‘rakyat’, utawa ‘karèrèhan’ iku ing panganggep kayadéné abdi utawa baturé dhedhuwurané (ratu, adipati, lan sapituruté). Tembung *kawula* kang mengku teges loro iku kalebu éwoné tembung krama ngoko (bisa dianggo ing tataran ngoko, krama, utawa krama inggil). Ing sabanjuré, tembung *kawula* dianggo gegantiné tembung sesulih utama purusa (aku) kanthi ancas ngajèni wong kang diajak guneman (madyama

purusa). Ing kéné kang ngajak guneman (*aku* utawa *utama purusa*) ngesoraké pribadiné kanthi madhakaké awaké dhéwé karo *abdi* utawa *batur* nganggo sebutan *kawula*. Tembung *kawula* kang dianggo sesulih utama purusa utawa wong kapisan (*kula*) kuwi kalebu éwoné tembung krama, ananging krama enggon-enggonan.

Andharan iki bisa digawé dudutan, mangkéné.

1. Tembung *kula* lan *kawula* bisa dianggo gegantiné tembung sesulih utama purusa (wong kapisan).
2. Tembung *kula* kalebu éwoné krama lumrah, tembung *kawula* kang ateges 'aku' kalebu tembung krama enggon-enggonan.
3. Tembung *kula* bisa dianggo ing tataran krama kanthi mardika ing sadhéngah papan lan kanggo sapa waé, déné tembung *kawula* kang ateges 'aku' beciké mung dianggo, upamané, yèn ndonga utawa sembahyang, utawa yèn matur marang wong kang sesambungané asipat *kawula* – gusti, kayata, ratu.

KÉRATA BASA

Kérata basa yaiku bab negesi tembung utawa nggolèki surasaning tembung kapidirid saka wacahané tembung utawa wandané tembung kang ditegesi mau, dijupuk cundhuk prayogané, diothak-athik, digathuk-gathukaké supaya mathuk. Tembung *guru*, upamané, yèn arep dikérata basa luwih dhisik kudu diwancah utawa dipecah didadèkaké wanda-wanda, yaiku dadi wanda *gu* lan wanda *ru*. Saben wandané tembung mau banjur diréka, dianggep kaya-kaya minangka tembung wod (tembung wod kuwi éwoning tembung kang mung dhapur sawanda), nuli diothak-athik diwènèhi teges kang gathuk lan mathuk karo tegesing tembung kang lumrah. Tembung *guru* kuwi mengku teges 'wong kang pagawéné mulang muruk ing pamulangan'. Tembung iki yèn dikérata basa bisa ditegesi 'digugu lan ditiru', yaiku wanda *gu* diwènèhi teges rékan 'digugu' lan wanda *ru* diwènèhi teges rékan 'ditiru'. Kanthi pangothak-athik, teges 'digugu lan

ditiru' kuwi dadi katon gathuk lan mathuk karo tegesé tembung *guru*. Conto tembung kérata basa liyané, kayata:

| | |
|---------------|------------------------|
| <i>siti</i> | : isi bulu bekti |
| <i>rambut</i> | : éramé kok lembut |
| <i>jangan</i> | : sejané dipangan |
| <i>kathok</i> | : diangkat baka sithok |
| <i>sruwal</i> | : saru yèn uwal |

Kérata basa kuwi asring uga diarani *jarwa dhosok*. Diarani *jarwa dhosok* (*jarwa* = teges, *dhosok* = dhesuk) jalaran anggoné negesi tembung ing kérata basa kuwi mung adhedhasar pangéntha-éntha utawa pangothak-athik, kaya-kaya kanthi peksan, kanthi dhesekan utawa dhosokan. Ora mokal yèn tembung siji kuwi bisa dikérata basa dadi warna-warna. Tembung *guru*, upamané, kajaba bisa dikérata basa dadi 'digugu lan ditiru', uga bisa dikérata basa dadi 'wagu tur kuru', 'luguné yèn tanggal tuwa ora bisa turu', lan sapituruté.

Kérata basa iku ana sambung rapeté karo étimologi, yaiku sesurupan bab nlusur asal-usulé (tegesing) tembung. Ananging, étimologi ing kéné dudu étimologi murni, dudu étimologi ilmiah, mung adhapur étimologi rakyat (*volks etymologie*). Diarani mangkono jalaran anggoné negesi tembung ing kérata basa kuwi mung adhedhasar rékan, adhedhasar pangéntha-éntha, kaya-kaya saben tembung kuwi minangka camboraning tembung-tembung wod. Pangerti bab tembung wod ing kéné mesthi waé uga ora padha karo pangerti bab tembung wod kang dicungulaké déning A.C. Vreede (1883) lan R. Brandstetter (1910). Téori bab tembung wod iku ing sakawit muncul saka panalitiné ahli basa rikala nliti basa-basa Indo-German, kayata, basa Sanskerta. Manut panaliti, tembung-tembung Sanskerta iku akèh kang didhapuk saka tembung wod. Amarga tembung-tembung Jawa iku ana (akèh) kang asalé saka basa Sanskerta, mula banjur ana panganggep yèn tembung-tembung Jawa iku uga didhapuk saka camboraning tembung wod. Kanthi mangkono, jeneng kérata

basa *kuwi* bokmanawa kapirid saka tembung *Sanskerta basa*, banjur ing pakecapan dadi *kerta basa – kérata basa*.

Lumrahé wong kang wasis ngérata basa *kuwi* banjur dianggep ahli utawa empu basa, yèn jejagongan banjur dadi paran pitakonan bab *kérata* basané sawernaning tembung. Panganggep kaya mangkono iki mesthi waé ora bener, ora trep karo nyatané, jalaran ngérata basa *kuwi* dudu pakarti ilmiah, mung dhapur othak-athik utawa pangéntha-éntha. Mulané, *kérata* basa utawa jarwa dhosok iku prayogané ora perlu diwulangaké marang murid utawa marang para siswa. *Kérata* basa beciké mung kanggo dhagelan utawa geguyon.

TEMBUNG KRAMA INGGILÉ APA?

Masyarakat Jawa *kuwi* duwé tata cara kanggo njaga beciking srawung utawa beciking sesambungan antarané warga siji lan sijiné. Tata cara kaya mangkono mau diarani tata krama, subasita, udanagara, utawa unggah-ungguh. Jalaran wis manjing dadi padatan, sanajan tanpa tinulis lan ora diundhangaké, sapa waé wong kang nindakaké sesambungan karo wong liyané (amarga pakaryan, dedagangan, utawa sesambungan lumrah saben dinané karo kanca, tangga teparo, lan sapituruté) racaké padha mbudidaya amrih bisa nuhoni tata cara kang wis kelumrah dianggo ing masyarakat mau.

Tata krama iku kejaba ketitik (katon) saka solah bawa (kalebu sandhang panganggo), uga ketitik saka panganggoné basa. Yèn wong Jawa, upamané, madhayoh menyang panggonané wong kang luwih tuwa utawa luwih dhuwur drajat pangkaté saperlu ulem-ulem, anggoné nyandhang mung kaosan, anggoné lungguh lèyèh-lèyèh sikilé tumpang tali, lan anggoné jawab utawa matur mung kanthi ngoko, patrap kang kaya mangkono mau kena diarani degsura utawa ora ngajèni marang wong kang didhayohi. Dadi, panganggoné basa iku kalebu anasir kang wigati ing sajroné pasrawungan lan dadi salah sawijining ukuran tata krama utawa subasita.

Wong diarani ngerti ing subasita manawa wong mau bisa lan gelem mapanaké utawa ngenggonaké dhiri pribadiné kanthi trep, ora gumedhé, kepara andhap asor, banjur bisa lan gelem ngajèni liyan kanthi murwat. Ngajèni utawa ngurmati liyan kuwi bisa dilairaké kanthi solah bawa lan panganggoné basa kang laras karo unggah-ungguhé. Kajaba laguning gunem alus, dekung, lan pakecapané cetha, panganggoné basa kang urmat kuwi uga diwujud salining sawatara tembung kang rinasa dadi tandha pangaji-aji utawa tandha pakurmatan. Tembung-tembung kang dianggo tandha pakurmatan mau diarani tembung krama, déné yèn urmat banget diarani tembung krama inggil.

Tembung krama inggil iku gegayutan karo sarira utawa badan lan anggotané badan, panganggo, kriya utawa panggawé, kaanan utawa sipat, barang darbé, utawa pamanggoné kang kinurmatan. Wong kang diurmati nganggo tembung krama inggil iku winates tumrap wong kapindho (madyama purusa utawa wong kang diajak guneman) lan wong katelu (pratama purusa utawa wong kang digunem). Tembung krama inggil ora prayoga yèn dianggo tumrap utama purusa utawa wong kang guneman.

Satemené tembung krama lan krama inggil iku gunggungé ora akèh, udakara mung 400 iji. Éwa samono, ora sadhéngah wong apal kabèh tembung krama lan krama inggil mau, luwih-luwih tumrap para nom-noman. Ora mokal yèn jaman saiki yèn ana bocah mlebu toko banjur ditakoni, "*Mundhut punapa, Mas?*", anggoné wangsulan, "*Badhé mundhut buku ...*" utawa, "*Badhé mundhut permèn ...*", lan sapituruté. Manut umggah-ungguh, panganggoné tembung *mundhut* tumrap wong kang guneman (utama purusa) kaya mangkono mau cetha yèn ora trep amarga tembung *mundhut* kuwi kalebu éwoning tembung krama inggil. Kuduné, tembung kang trep dianggo tumrap utama purusa (wong kang guneman) kaya ing ukara wangsulan mau, yaiku tembung *tumbas* (tembung krama lugu). Tumpang suh panganggoné tembung mangkéné iki bokmanawa pancèn durung mangerti temenan endi kang kalebu éwoning tembung krama inggil

lan endi kang kalebu éwoning tembung krama lugu utawa krama lumrah. Awit saka iku, ing udyana iki bakal dipacak tembung-tembung krama inggil kang gegayutan karo anggotaning badan, ngiras pantes nanggapi pamundhuté salah sawijining sutresna *Puspa Rinoncé*. Kanggo nggampangaké anggoné nulis, tembung *ngoko* ditengeri (N), krama *ngoko* (KN), lan *krama* (K). Déné tembung krama inggil tanpa diwènèhi tengeran apa-apa.

| Ngoko/Krama | Ngoko/Krama | Krama inggil |
|-----------------------|--------------------|---------------------|
| alis (KN) | | imba |
| ari-ari (KN) | | tuntunan |
| ati (N), manah (K) | | galih |
| awak (N), badan (KN) | | salira; slira |
| balung (KN) | | tosan |
| bangkèkan (KN) | | madya; pamekak |
| bathuk (KN) | | palarapan |
| bokong (KN) | | pocong |
| bregos (KN) | | rawis |
| cangkem (KN) | | tutuk |
| dhadha (KN) | | jaja |
| dhengkul (KN) | | jengku |
| embun-embunan (KN) | | (pa)sundhulan |
| endhas (N), sirah (K) | | mustaka |
| geger (KN) | | pengkeran |
| gelungan(KN) | | ukel |
| githok (KN) | | griwa; julukan |
| gulu (KN) | | jangga |
| ilat (KN) | | lidhah |
| irung (KN) | | grana |
| janggut (KN) | | kethekan |
| jénggot (KN) | | gumbala |
| kuku (KN) | | kanaka |
| kuping (KN) | | talingan |
| mata (N), mripat (K) | | tingal |
| pipi (KN) | | pangarasan |

| | |
|---------------------|-------------|
| pundhak (KN) | pamidhangan |
| pupu (KN) | wentis |
| rai (KN) | pasuryan |
| rambut (KN) | réma |
| sikil (N), suku (K) | sampéyan |
| susu (KN) | prembayun |
| tangan (KN) | asta |
| weteng (KN) | padharan |

LUNGGUH-LINGGIH-LENGGAH-PINARAK

Tumrapé wong Jawa, ngajèni utawa ngurmati liyan iku kanthi cara manéka warna, ya kanthi patrap (nyandhang panganggo, solah bawa) lan uga lumantar panganggoning basa. Patrap kang diarani trapsila tumrapé wong Jawa iku, kajaba anggoné manganggo sandhangan sopan, uga diwujudaké kanthi solah bawa kang trep karo kaanané, upamané, yèn lagi omong-omongan karo wong kang diajèni prayogané aja mandeng rai, becik semu ndhungkluk, lan yèn anggoné omong-omongan karo ngadeg, sikil loro-loroné kudu jejeg, aja njangkah, tangané ngapurancang (tangan tengen didokok ing ngarep utawa nyekeli tangan kiwa, aja tangan kiwa kang didokok ing ngarep utawa nyekeli tangan tengen), lan sapituruté. Déné panganggoné basa kang diarani trapsila iku, kajaba kedaling wacana utawa wetuning pangucap kudu cetha, laguné kepara dekung, uga dikanthèni panganggoné tembung-tembung krama utawa krama inggil.

Gandhèng karo bab tembung ngoko, krama, lan krama inggil, ing jaman saiki ana sawatara warganing masyarakat kang tumpang suh panganggepé marang sapérangan golonganing tembung tetelu iku mau. Tembung *lungguh*, upamané, déning sapérangan warganing masyarakat tartamtu dianggep tembung ngoko, *linggih* dianggep tembung krama, *lenggah* dianggep tembung krama inggil, déné tembung *pinarak* malah arang-arang dianggo. Bab iki bisa katitik ing ukara, upamané, mangkéné.

- (1) Sapa sing *lungguh* madhep ngidul kaé?
- (2) Mengko, yèn Pak Lurah wis kepareng *lenggah*, unjukané ndang ditokaké!
- (3) Mangga Mas, *lenggah* ngajeng riki!
- (4) Matur nuwun, kula kepéngin *linggih* ngriki kémawon, caket kaliyan kanca-kanca

Tembung *lungguh* kang dumunung ing ukara (1) dianggep tembung ngoko, *lenggah* ing ukara (2) lan (3) dianggep tembung krama inggil, déné *linggih* ing ukara (4) dianggep tembung krama. Banjur panganggep mangkéné iki apa wis bener? Bab iki perlu ditlusur kanthi tlesih, mangkéné.

Tembung *linggih* iku mengku teges 'sumèlèh sing katapakaké bokongé'. Tembung iki kalebu éwoning tembung ngoko, malah miturut sejarahé, tembung *linggih* iku kalebu tembung ngoko baku. Ing jaman saiki tembung *linggih* ana sing nganggep tembung enggon-enggonan lan banjur arang-arang dianggo ing basa padinan.

Tembung *lungguh* iku kalebu éwoning tembung ngoko. Tembung iki mengku teges warna-warna, kayata, (a) 'sawah (palemahan) kang digadhuhaké marang pamong désa sing pametuné minangka bayaré', (b) 'pepangkatan', 'pangkat', (c) 'dhodhok sèlèhé prakara', (d) 'mapan utawa wis becik tumrap pasang rakiting ukara, lan sapituruté'. Déné tembung *lungguh* kang ateges 'sumèlèh sing katapakaké bokongé' ing sakawit kalebu tembung ngoko enggon-enggonan. Amarga owah gingsiring jaman, tembung *lungguh* iku ing wektu saiki dianggep tembung ngoko baku (dudu tembung enggon-enggonan manèh).

Tembung *lenggah* iku miturut sejarahé kalebu tembung krama, yaiku kanggo ngramakaké tembung *linggih* lan uga tembung *lungguh*. Tembungé krama inggil tumrap *linggih* (ngoko) lan *lenggah* (krama), yaiku *pinarak*. Déné tembung *lungguh* (ngoko, enggon-enggonan) kang dikramakaké dadi *lenggah* ing sakawit ora ana krama inggilé. Kanthi mangkono, urutan undha usuking tembung kang baku kuwi ing sakawit *linggih* (ngoko)-*lenggah*

(krama)-*pinarak* (krama inggil). Éwa semono, yèn ing jaman saiki masyarakat nganggep tembung *lungguh* kuwi kalebu tembung baku ngoko lan tembung *lenggah* iku krama inggil, ya bisa waé waton kabèh warganing masyarakat wis gelem nampa, jer basa iku darbèké masyarakat lan owah gingsiring basa kang nemtokaké uga masyarakat. Déné tulisan iki mung dhapur ngélingaké dhodhok sèlèhé tembung-tembung iku mau miturut sejarahé.

ANDANA WARIH-ANDANAWARI

Basa pedhalangan iku kalebu basa éndah utawa basa susastra. Ora mokal yèn ing sajroné basa padhalangan iku akèh tinemu tembung utawa tetembungan kang arang dianggo utawa malah ora kelumrah dianggo ing basa padinan, kepara malah ana uga kang ora disumurupi apa teges kang satemené déning sapérangan warganing masyarakat. Ing wektu kapungkur ana sutresna *Puspa Rinoncé* kang mundhut priksa bab tetembungan *andanawa ri* (*andenawa ri*). Panjenengané olèh tetembungan iki nalika midhangetaké giyaran wayang kulit saka radhio. Panyanané, pocapaning dhalang tumrap tetembungan iki klèru, déné kang dianggep bener yaiku *andana warih* (dudu *andenawa ri*). Banjur kapriyé genahé tumrap bab iki? Tetembungan *andana warih* lan *andanawa ri* (*andenawari*) iku satemené kabèh bener lan minangka tembung loro kang béda tegesé. Tembung *andana warih* iku mengku teges 'awèh (mènèhi, paring, maringi) banyu'. Gerbané, *andana warih* kuwi 'pandhita', yaiku 'wong kang awèh (mènèhi, paring, maringi) banyu kang dimantrani minangka tamba'. Panganggoné tetembungan iki, upamané, mangkènè.

"Punika ta warnanira Radèn Janaka, satriya pamadyaning Pandhawa. Satriya bagus kang wus kaloka sekti mandraguna, tau taté ngentas karya dadi jagoning déwa nyirnakaké satru sekti. Padha-padha titahing déwa, Radèn Janaka kadunungan kasektèn linangkung jalaran wiwit mudha remen nggegulang kaprigelan olah sawarnining dedamel miwah olah bandayuda. Dhasar satriya *trahing kusuma rembesing madu tedhaking andana warih* linambaran gentur tapané, datan

mokal yèn ta Radèn Janaka tajem polatané, kukuh bebudèné, sidik paningalé.”

Tetembungan *trahing kusuma rembesing madu* kang kapacak ing ukara pungkasan iku mengku teges ‘tedhak (turun) pandhita’. Dadi, miturut critané, Radèn Janaka kuwi trahing ratu lan uga trahing pandhita. Disebut trahing ratu jalaran Radèn Janaka kuwi wayahé (putuné) Prabu Pandhu Déwanata lan disebut trahing pandhita jalaran Radèn Janaka kuwi wayah buyuté (putu buyuté) Bagawan Abiyasa.

Tetembungan *andanawa ri* iku dumadi saka tembung *an-* + *danawa* + *ari*. Tembung *danawa* asalé saka basa Sanskerta *dânawa* ‘buta’ lan *ari* (uga saka basa Sanskerta) mengku teges ‘mungsu’. Panulisé tetembungan *dânawa ari* ing sakawit digandhèng dadi *dânawâri*, ananging sawatara dhalang anggoné ngucapaké dadi *danawa ri* (*andanawa ri*). Adhedhasar tetembungané, *danawa ari* iku mengku teges ‘mungsu(é) buta’; déné gerbané, tetembungan iki mengku teges ‘déwa’ utawa (yèn ing crita wayang) ‘satriya’. Kanthi mangkono, tetembungan *danawa ari* (*dânawâri*) kang ing pakécapan banjur dadi *danawa ri* (*denawa ri*) iku bisa ditegesi ‘déwa’ utawa ‘satriya’. Panganggoné tetembungan iki, upamané, mangkéné.

“Punika ta warnanira Radèn Abimanyu iya Parta Tanaya. Satriya kang kalok kajanapriya ing saindenging bawana, yèn priya ngondhangaké kasektèné, yèn wanodya ngondhangaké kabagusané. Sanadyan ta kadunungan kasektèn linangkung, Radèn Abimanyu datan kuma-lungkung, bagus datan kumenthus, limpad datan kuméwat, ing satemah kathah jalma gung alit kang samya tresna asih marang *Sang Andanawa ri*.”

Tetembungan *Sang Andanawa Ri* kang dumunung ing pungkasaning ukara pethikan panyandra iku mengku teges ‘satriya’, dudu ‘déwa’. Déné kang dikarepaké *Sang Andanawa Ri* ing ukara mau, yaiku Radèn Abimanyu, lan wis disumurupi yèn Radèn Abimanyu kuwi kalebu golonganing satriya, dudu golonganing déwa.

NGOMBÉ-NGUNJUK

Tembung *ngombé* lan *ngunjuk* iku tegesé padha, yaiku 'ngle-bokaké ing cangkem (tutuk) terus diulu (tumrap barang cuwèr, kayata, banyu, wédang, legèn, lan sapituruté)'. Bédané, tembung *ngombé* kalebu tembung krama ngoko, *ngunjuk* kalebu tembung krama inggil. Salaras karo paugeran unggah-ungguhing basa, panganggoné tembung-tembung krama inggil iku lumrahé mung tumrap wong (madyama purusa lan pratama purusa) kang pantes diajèni utawa diurmati. Miturut parama basa, panganggoné tembung-tembung krama inggil kang tumrap utama purusa utawa wong kapisan, kajaba ratu, kena diarani degsura utawa ora ngerti tata krama. Sanajan paugerané wis cetha, éwa samono isih asring tinemu panganggoné tembung tembung *ngunjuk* kang tumrap utama purusa, upamané, mangkéné.

A: *Ngersakaken unjukan punapa, Mas, ... kopi?*

B: *Tèh mawon, Bu, ... kula dipunawisi **ngunjuk** kopi*

Tembung *ngunjuk* kang kapacak ing ukara B iku ora laras jalaran tembung mau dianggo tumrap utama purusa (*kula*). Amrih laras karo paugeraning parama basa, tembung *ngunjuk* ing ukara iku prayogané disalini nganggo tembung *ngombé* kang kalebu tembung krama ngoko, yaiku éwoning tembung kang bisa dianggo ing tataran ngoko lan tataran krama tanpa ngowahi utawa nyalini wujuding tembung mau. Kanthi mangkono, ukara iku wujudé banjur dadi mangkéné (kang laras karo paugeran).

B. ... ngombé kopi ...

MRIKI-NGRIKI

Tembung *mriki* lan *ngriki* iku kalebu éwoning tembung krama. Panganggoné tembung loro iki, luwih-luwih tumrap bocah-bocah utawa para mudha, asring cawuh utawa tumpang suh. Contoné, mangkéné.

(1) *Sowan kula **ing mriki** punika, sapisan*

(2) *Kaparenga kula jejèr sawatawis wonten **ing mriki** saha sumela atur.*

- (3) *Sampun dangu piyambakipun boten **ngriki**.*
- (4) *Piyambakipun manawi **ngriki** temtu wanci sonten.*

Lumrahé, tembung *mriki* iku kanggo ngramakaké tembung *mréné* lan tembung *ngriki* kanggo ngramakaké tembung (*ing*) *kéné*. Kanthi mangkono, panganggoné tembung *mriki* ing ukara (1) lan (2) sarta *ngriki* ing ukara (3) lan (4) ora laras. Jalaran, ukara-ukara mau yèn dingokokaké manut tembung-tembungé kang dianggo dadiné mangkéné.

- (1a) *Sowanku (tekaku) ing **mréné** iki, sapisan*
- (2a) *Lilanana aku ngadeg sawatara ing **mréné** lan nyela atur.*
- (3a) *Wis suwé dhèwèké ora (**ing**) **kéné**.*
- (4a) *Dhèwèké yèn (**ing**) **kéné** mesthi wayah soré.*

Amrih laras karo ukarané, tembung *mriki* ing ukara (1) disalini nganggo tembung *ngriki*; utawa tembung *mriki* tetep dianggo kanthi ngilangi tembung ancer-ancer *ing* kang ana ing sangarepé. Samono uga tembung *mriki* kang kapacak ing ukara (2) kudu disalini tembung *ngriki* lan tembung *ngriki* ing ukara (3) lan (4) prayogané disalini tembung *mriki*. Kanthi mangkono, ukara-ukara mau wujudé banjur dadi mangkéné.

- (1b) *Sowan kula **ing ngriki** punika, sapisan*
- (1c) *Sowan kula **mriki** punika, sapisan*
- (2b) *Kaparenga kula jejer sawatawis wonten **ing ngriki** saha sumela atur.*
- (3b) *Sampun dangu piyambakipun boten **mriki**.*
- (4b) *Piyambakipun manawi **mriki** temtu wanci sonten.*

INGGIH - INJIH

Tembung *inggih* iku asalé saka tembung Kawi utawa tembung Jawa Kuna *inggi* kang tegesé 'ya' utawa 'iya'. Tembung Jawa Kuna *inggi* (tanpa pungkasan *h* (/h/)) kang banjur dadi *inggih* (mawa pungkasan *h* (/h/)) ing basa Jawa saiki mangkono kuwi ora jeneng aèng jalaran ana tunggalé, kayata, *gaja* dadi *gajah* 'gajah', *dasi* dadi *dasih* 'batur wadon', lan *wari* dadi *warih* 'banyu'.

Tembung *inggih* ing basa Jawa saiki kalebu éwoning tembung krama, yaiku kanggo ngramakaké tembung *iya* (ngoko). Ing basa padinan tembung iki asring dicekak dadi *nggih*, malah ing papan tartamtu, upamané, ing wilayah Yogyakarta, tembung *inggih* sok diucapaké *injih* /injIh/ utawa asring dicekak dadi *njih* /njIh/ déning masyarakat kono. Tembung *ingih* kang diucapaké dadi *injih* iku bener apa luput? Pitakon iki bisa diwangsululi kanthi katrangan mangkéné.

Basa Jawa iku darbèké masyarakat Jawa. Mesthi waé kang nemtokaké bener luputé utawa mekar tumangkaré basa Jawa iya masyarakat Jawa. Sanajan ing sajroné basa iku ana anasir kang satemené (yèn dinalar) luput, ananging yèn kabèh warganing masyarakat wis gelem nganggo lan nganggep bener, bab iku wis ora ana pakéwuhé. Contoné, ing basa Jawa Kuna ana tetembungan *tan pamangan*, *tan panginum*, *tan panolih*. Tetembungan iki ing basa Jawa saiki dadi *tanpa mangan*, *tanpa nginum* (*tanpa ngombé*), *tanpa nolèh*. Ing kéné cetha tetembungan *tanpa mangan* lan sapituruté iku yèn digathukaké utawa dijèrèké karo tetembungan ing basa Jawa Kuna kang dadi sumberé katon gèsèh pedhotané. Sanajan tetembungan *tanpa mangan* lan sapituruté iku bisa diarani luput anggoné medhot, éwa semono kabèh warganing masyarakat Jawa wis gelem nganggo lan nganggep tetembungan mau bener. Mulané, tumekané saiki tetembungan *tanpa mangan* lan sapituruté iku kelumrah dianggo ing basa Jawa jalaran dianggep wis bener.

Béda karo tetembungan *tanpa mangan* lan sapituruté (sanajan luput nanging wis dianggep bener déning kabèh warganing masyarakat), pangucapé tembung *inggih* dadi *injih*/injih/iku mung winates ing masyarakat tartamtu lan durung kaprah tumrap sadhéngah warganing masyarakat Jawa (masyarakat Jawa iku ora mung winates kang dumunung ing Yogyakarta, nanging uga nyakup warganing masyarakat Jawa kang dumunung ing Jawa Tengah, Jawa Wétan, lan papan liyané). Kanthi mengkono, pakecapan *inggih*/inggih/ dadi *injih*/injih/iku kalebu éwoning pake-

capan engon-engonan. Mulané, pakecapan mangkono iku beciké ora dianggo ing basa resmi, kayata, sesorah, giyaran radhio, lan sapituruté.

GANJARAN, NUGRAHA, BEBANA

Tembung *ganjaran*, *nugraha* (*anugrah*), *bebana* iku mengku anasir teges kang padha, yaiku 'peparing' utawa 'pawèwèh'. Jalaran mengku anasir teges kang padha, tembung-tembung iki sok dianggo lira-liru kanthi mardika, yaiku kanggo gegantiné tembung *hadiah* (tembung Indonesia). Bab iki bisa disumurupi ing ukara, upamané, mangkéné.

- (1) Panjenengané ing taun 1985 nampa *bebungah* minangka juwara I
- (2) Ing taun 1996 panjenengané olèh *bebana* minangka juwara III
- (3) Kajaba *ganjaran-ganjaran* kasebut, ing taun 2000 panjenengané uga olèh *anugrah* ing babagan seni sastra saka Pamaréntah

Panganggoné tembung *bebana*, *ganjaran*, *anugrah* (*nugraha*), malah uga *bebungah* kanthi lira-liru minangka gegantiné tembung *hadiah* (Indonesia) mangkono iku apa wis trep? Kanggo nyumurupi bab iki perlu ditlusur kanthi tlesih.

Tembung *ganjaran* iku mengku teges 'apa-apa kang diparingaké (diwènèhaké) minangka gegantiné kabecikan utawa lelabuhan'. Kang diarani kabecikan iku, kayata, ngibadah manut tuntunan agama, tetulung marang wong kang nandhang kasangsaran, mènèhi dana (dhuwit, pangan, sandhangan) kanthi mana suka marang wong kang kesrakat, lan sapituruté. Yèn anggoné nindakaké linambaran éklasing ati, tumindak mangkono iku miturut tuntunan agama bakal olèh *ganjaran* saka Pangéran Kang Mahaagung (Gusti Allah). Déné kang diarani lelabuhan, kayata, tumindak mèlu nandhang lara lapaning liyan (tetulung marang masyarakat kang kebanjiran, lan sapituruté), ngetohaké jiwa ragané marang negara (mèlu mbrastha kraman, lan sapiturté), njaga

lestariné alas, njaga amrih lestariné kéwan-kéwan kang mèh cures, lan sapituruté, kajaba bakal olèh ganjaran saka Gusti Allah uga sok olèh ganjaran saka pamaréntah (awujud dhuwit, layang pangaji-aji, lan sapituruté). Kanthi mangkono, kang diarani *ganjaran* iku *peparing* (*pawèh* utawa *pawèwèh*) ora saka sapa padha, ananging saka kang luwih dhuwur, kayata, saka Gusti Allah, saka pamaréntah, saka sawijining bebadan, lan sapituruté.

Tembung *nugraha* tegesé mèh padha karo *ganjaran*. Bédané, tembung *ganjaran* asalé saka tembung Jawa Kuna *gañjaran* (*gañjar* + *-an*), yèn *nugraha* asalé saka tembung Sanskerta *anugraha*. Tembung *anugraha* (Sanskerta) dumadi saka anasir *anu* kang mengku teges 'sawisé' lan *graha* (saka wod *grah*) kang mengku teges 'kecekel'. Gerbané, tembung *anugraha* kang banjur dadi *anugrah* utawa *nugraha* iku mengku teges 'peparing' (*pawèwèh*) kang anggoné nampa (kecekel) sawisé nindakaké pakaryan (jebibahan, kabecikan, utawa lelabuhan). Kayadéné tembung *ganjaran*, *peparing* kang diarani *nugraha* iku asalé saka kang luwih dhuwur (Gusti Allah, pamaréntah, bebadan, lan sapituruté), ora saka sapa padha.

Tembung *bebana* iku mengku teges 'peparing' (*pawèwèh* utawa *pawèh*) kang sarana dijuluk utawa dijanjekaké'. Panganggoné tembung iki, upamané, mangkéné.

- (a) Nggèr, dhawuhé Kanjeng Sultan iku lakonana, nanging nyuwuna *bebana* Alas Mentaok!
- (b) *Bebana* ingkang dipuntedha boten awujud bandha donya utawi drajat pangkat, Kanjeng, ananging putri dalem
- (c) Sapa wongé kang bisa ngentasi karya numpes kraman iki, nagaraningsun sigar semangka ingsun cadhangaké minangka *bebanané*.
- (d) Dèwi Sinta *mbebana* kidang kencana marang Prabu Ramawijaya.

Tembung *bebana* kang kapacak ing ukara (a) lan (b) mengku teges 'peparing' (*pawèwèh*) kang dijuluk (diarep-arep)', déné kang

kapacak ing ukara (c) mengku teges 'peparing (pawèwèh) kang dijanjèkaké (dicadhangaké)'. Kajaba tembung *bebana*, ing ukara (d) ana tembung *mbebana*. Tembung iki kalebu éwoning tembung kriya (*verba*) kang kadhapuk saka tembung *bebana* olèh wuwuhan ater-ater *m-*. Déné tembung *mbebana* mengku teges 'ngasih-asih njaluk'. Lumrahé, tembung *bebana* lan *mbebana* mung dianggo ing basa éndah utawa basa susastra.

Kajaba tembung-tembung kang wis dirembug iku, ana tembung *bebungah* lan *kekucah* kang uga mengku anasir teges 'pawèwèh'. Tembung *bebungah* minangka tembung aran dhapukan dwipurwa saka tembung lingga *bungah* lan kalebu éwoning tembung ngoko. Déné tembung *bebungah* yèn dikramakaké dadi *bebingah*. Tembung *kekucah* uga minangka tembung aran dwi purwa kang kadhapuk saka tembung lingga *kucah*. *Kekucah* kalebu éwoning tembung krama ngoko.

Tembung *bebungah* iku minangka tembung padinan. Gerbané teges tembung *bebungah* yaiku 'pawèwèh (mirunggan) amrih kang diwènèhi dadi bungah atiné'. Pawèwèh kang diarani bebungah iku, upamané, pawèwèh saka bendara marang abdiné ing dina riyaya, pawèwèh mirunggan marang wong kang nyambut gawé sawisé rampung pagawéané (saliyané opah), lan sapituruté. Kanthi mangkono, bebungah iku bisa saka sapatdha-padha.

Tembung *kekucah* iku kalebu éwoning tembung kang mung kelumrah dianggo ing basa éndah utawa basa susastra. Gerbané teges tembung *kekucah* yaiku 'pawèwèh utawa sih peparing saka pandhuwuran (bendara, ratu, lan sapituruté) marang andhahané (kawulané, abdiné, prajurit, lan sapituruté) kanthi mana suka'.

NINDITA-ANINDITA

Ana pitakon bab tegesé tembung *nindita* lan *anindita*, gandhèng ana tetembungan *anak anung anindita* lan ana bocah kang dijenengi *Priya Nindita*.

Tembung *nindita* lan *anindita* iku asalé saka basa Sanskerta, kadhapuk saka tembung wod *nid* utawa *nind*. Tembung wod *nid*

utawa *nind* iku mengku teges baku (pokok) 'cacad', 'luput', déné tembung *anindita* mengku teges 'tanpa cacad'. Tetembungan *anak anung anindita* tegesé 'anak (bocah) kang linuwih kang tanpa cacad'.

Sawatara tembung kang asalé saka basa Sanskerta utawa saka basa Jawa Kuna (basa Kawi) iku ing basa Jawa saiki sok ngalami owah gingsir. Owah gingsiring tembung iku ana kang magepokan karo pakecapané, upamané, *wwai* (*wway*) dadi *wé* 'banyu', *wwalu* dadi *wolu*, *druhaka* dadi *duraka* 'duraka', *d^obya* dadi *darbé* 'darbe, duwe' lan ana uga kang magepokan karo teges utawa maknané. Tembung *marta*, upamané, kadhapuk saka tembung wod *m^ot* kang tegesé 'mati'. Tembung *marta* ing jaman saiki ditegesi 'urip', tetembungan *tirta marta* banjur ditegesi 'banyu panguripan'. Ing mangka, tembung kang satemené mengku teges *urip* utawa *panguripan* iku *amarta* 'ora mati, urip'. Saèmper karo owah gingsiring teges tembung *marta* iku, tembung *nindita* kang ing sakawit mengku teges 'cacad', 'luput', 'ina' ing jaman saiki ana kang negesi 'tanpa cacad', 'linuwih', 'pinunjul'. Kanthi mangkono, anak (bocah) kang dijenengi *Priya Nindita* iku linambaran panggadhang (pangarep-arep) amrih dadi *priya* (bocah *lanang*) kang tanpa cacad (*pinunjul* utawa *linuwih*).

KUPIYA, TEGESÉ APA?

Ing sajroné basa Jawa ana sawatara tembung kang arang-arang dianggo ing basa padinan (ana kang amarga tembung mau dianggep wis kuna, ana kang amarga tembung mau mung pantes dianggo ing basa éndah utawa basa susastra, ana kang amarga tembung mau wis ana gantiné kang dianggep luwih trep, lan sapituruté). Jalaran arang kesrambah, ora mokal yèn ana wong kang banjur pangling utawa lali manawa tembung mau satemené uga tembung Jawa lan uga ora mangerti apa tegesé tembung mau kang satenané.

Durung suwé iki ing Balai Bahasa Yogyakarta ana tamu kang rawuh saperlu nanjihaké utawa nggenahaké bab tegesé

tembung *kupiya* (tembung iki kalebu tembung kang arang dianggo ing basa padinan). Tembung *kupiya* kang ditanjihaké mau tinemu ing ukara mangkéné.

- (1). *Satemené pamaréntah dhéwé uga wis **kupiya** ngayomi satwa apadéné taneman langka mau*
- (2). *Rahayuné isih ana sawenèhing pawongan apadéné bebadan kang kesdu cawé-cawé **kupiya** amrih rusaking alam iki ora kebanjur-banjur.*
- (3). *Jer kabèh mau minangka pelayanan kang gegayutan karo **kupiya** nuwuhaké kesadaran penyelamatan lingkungan*
- (4). ***Kupiya** nglestarèkaké aksara Jawa (irah-irahan karangan).*
- (5). *... wis titi wanciné golèk **kupiya** kanggo nglestarèkaké budaya Jawa*
- (6). *Perda iku minangka gegaran kanggo nindakaké **kupiya** nglestarèkaké budaya Jawa.*

Tembung *kupiya* kang kapacak ing ukara (1) lan (2) kalebu éwoning tembung kriya (*verba*), déné tembung *kupiya* kang kapacak ing ukara (3) – (6) kalebu éwoning tembung aran (*nomina*). Teges tembung *kupiya* ing ukara (1) lan (2) yaiku 'ngudi', 'mbudidaya', 'ngréka-daya', utawa 'mersudi'. Tembung *kupiya* kang kapacak ing ukara (3), (4), lan (6) mengku teges 'pangudi', 'pamersudi', utawa 'pambudidaya', déné tembung *kupiya* kang kapacak ing ukara (5) mengku teges 'sarana murih kaleksananing sedya', 'rerigen', utawa 'pratikel'.

Tembung *kupiya* kang tinemu ing ukara (1) - - (6) iku satemené ora padha tegesé karo tembung *kupiya* kang wis kelumrah kanggo ing basa Jawa. Tembung *kupiya* kang wis kaprah iku kalebu éwoning tembung aran (*nomina*) lan mengku teges (a) 'conto', 'tuladha', (b) 'pola', 'tedhakan', 'turunan', 'ngèngrèngan karangan (gambar, bathikan, lan sapituruté) kang arep dicap (ditedhak utawa diturun)', (c) 'lelakon kang wis dialami' utawa 'kedadéan kang wis klakon' (kang dianggo conto utawa piwulang). Kanthi mangkono, yèn ana tetembungan, upamané, "*golèka kupiya kang prayoga*", tegesé 'golèka conto (tuladha) kang prayo-

ga', “*wong tuwa iku bisa dadi kupiya tumrap para mudha*” tegesé ‘wong tuwa iku bisa dadi conto tumrap para mudha’, lan “*Serat Tripama iku mengku kupiya lelabuhané satriya marang negara utawa ratuné*”, tegesé ‘*Serat Tripama iku mengku tuladha lelabuhané satriya marang nagara utawa ratuné*’.

Généya tembung *kupiya* kang kapacak ing ukara (1)– (6) iku tegesé ora padha karo tembung *kupiya* kang wis ana, yaiku kang kapacak ing sajroné kamus? Satemené kang bisa mangsuli kanthi trep tumrap pitakon iki ya mung priyayi kang ndhapuk ukara-ukara mau. Déné wangsulan kang dumunung ing udyana iki mung adhapur pangiraira, mangkéné.

- 1) Tembung *kupiya* kang tumrap ing ukara (1)– (6) iku sajaké kanggo nyalini tembung *upaya* utawa *berupaya* (basa Indonesia) jalaran tembung *upaya* lan *kupiya* iku pakecapané mèh padha, banjur dikira tegesé uga padha.
- 2) Priyayi kang ndhapuk ukara-ukara mau bokmanawa ora priksa tegesé tembung *kupiya* kang kapacak ing sajroné kamus; utawa priksa tegesé tembung mau nanging mung capet-capet.
- 3) Priyayi kang ndhapuk ukara-ukara mau sajatiné priksa apa tegesé tembung *kupiya* kang wis ana, ananging njarag ora ngagem teges mau lan banjur menèhi teges liya kanthi pangajap tembung *kupiya* iku supaya mengku teges warna-warna ora mung winates teges kang wis kapacak ing sajroné kamus utawa bausastra.

ATI: MANAH, GALIH, PRANA, WARDAYA, NALA

Ing sajroné basa Jawa ana sawatara tembung kang wis kprah dianggo minangka dasanamané tembung *ati*, kayata: *manah*, *galih*, *prana*, *wardaya*, *nala*, *kalbu*. Sanajan dianggep mengku teges padha utawa mèh padha, ananging tembung-tembung iki panganggoné béda-béda. Tembung *ati*, upamané, dianggo ing tataran ngoko, *manah* dianggo ing tataran krama, *galih* dianggo ing tataran krama inggil, déné *prana*, *wardaya*, *nala*, lan *kalbu* lum-

rahé mung dianggo ing basa éndah utawa basa susastra (ora kaprah dianggo ing basa padinan).

Tembung *ati* iku bisa mengku teges (1) 'pérangan njero kang empuk', upamané, *ati gori*, *ati kedebog*, (2) 'pérangan jeroan kang rupané abang tuwa, dianggo nyaring sarining pangan, lan bisa ngasilaké banyu emperu (tumrap kéwan utawa manungsa)', (3) 'telenging rasané batin manungsa', (4) 'rasa pangrasa' utawa 'pangrasaning manungsa'. Tembung *ati* kang mengku teges (3), (4), lan (2) mirunggan darbèking manungsa, iku kalebu éwoning tembung ngoko, déné tembung *ati* kang gegayutan karo barang (*ati gori*, *atiné wit*) lan kang gegayutan karo kéwan (*ati pitik*, *ati wedhus*, *ati sapi*) kalebu éwoning tembung krama ngoko.

Tembung *manah* asalé saka basa Sanskerta. Ing basa Sanskerta tembung *manah* utawa sok dadi *manah* mengku teges 'jiwa (jiwané manungsa)', 'ati manungsa', 'rasa pangrasa', 'angen-angen', 'pikiran', 'krenteging ati', 'panemu'. Ing basa Jawa saiki tembung *manah* kalebu tembung krama, kanggo ngramakaké tembung *ati*, yaiku atining wong utawa manungsa, dudu atiné kéwan utawa barang.

Tembung *galih* asalé saka basa Kawi utawa basa Jawa Kuna. Ing basa Jawa Kuna tembung iki mengku teges (1) 'balung', (2) 'bebayu' utawa 'urat dalané getih', lan (3) 'ati' utawa 'atèn-atèning wit (kang lumrahé atos lan rupané ireng)'. Ing basa Jawa saiki tembung *galih* ana warna loro, yaiku (a) *galih* kang ateges "atèn-atèning kayu kang atos lan rupané ireng' lan (b) 'ati' utawa 'pangrasaning atiné manungsa (wong)'. Tembung *galih* kang kasebut ing (a) kalebu éwoning tembung krama ngoko, déné kang kasebut ing (b) kalebu éwoning tembung krama inggil.

Kajaba tembung *galih*, ana uga tembung *panggalih*. Tembung *panggalih* iku minangka tembung andhahan kang kadhapuk saka tembung lingga *galih* kang kasebut ing (b) olèh wuwuhan ater-ater *pang-*. Salaras karo linggané, yaiku *galih* kang kalebu tembung krama inggil, tembung *panggalih* uga kalebu éwoning tembung krama inggil. Tembung iku lumrahé kanggo ngramakaké

tembung *ati* (ngoko), *pamikir* (ngoko), utawa *pikiran* (ngoko). Kanthi mengkonono, tembung *dipunpanggalih* iku mengku teges 'dipikir', 'dirembug', utawa 'disurasa ing sajroning ati'.

Tembung *prana* iku kalebu tembung Kawi utawa Jawa Kuna, déné tegesé (1) 'ambekan', 'napas', 'dayaning urip' lan (2) 'pangrasa', 'ati'. Tembung iki asalé saka basa Sanskerta *prâna* kang ateges 'napas', 'jiwa', 'nyawa', 'urip', 'ati'. Ing basa saiki tembung *prana* mung kalumrah dianggo ing basa éndah utawa basa susastra kanthi teges (a) 'napas', 'ambekan' lan (b) 'ati', 'pangrasaning ati'. Gandhèng karo teges kang kasebut ing (a), yaiku 'napas', 'ambekan', bisa disumurupi ing tetembungan, upamané, *aksara mahaprana*. Tetembungan iki mengku teges 'aksara kang anggoné ngucapaké dikanthèni wetuné napas kang rosa utawa gedhé. Aksara mahaprana iku, kayata, *bh, ph, ch, gh*, lumrahé dianggo nulis tembung-tembung Kawi utawa Jawa Kuna, upamané, *bhâskara* 'srengéngé', *phala* 'woh', 'asil', 'gan-jaran', 'opah', 'piwales', 'ukum-an', *chattra* 'payung', 'pangayoman', *ghana* 'méga', 'mendhung'. Déné tembung *prana* kang ana sambung rapeté karo teges kang kasebut ing (b), yaiku 'ati' utawa 'pangrasaning ati', bisa disumurupi ing tembung utawa tetembungan, kayata, *mranani, kepranan, nuju prana*. Tembung *mranani* mengku teges 'nengsemaké', 'ndadèkaké senenging ati', 'nrenyuhaké ati'; *kepranan* mengku teges 'kesengsem (atiné)', 'kekenan atiné', 'kepilut atiné'; lan tetembungan *nuju prana* mengku teges 'nuju ati', 'cocog karo pangrasaning ati', 'sreg (trep) karo pangrasaning ati'.

Tembung *wardaya* asalé saka tembung Sanskerta *h^odaya* kang mengku teges 'ati' utawa 'pangrasaning ati'. Ing basa Jawa saiki tembung *wardaya* uga mengku teges 'ati', 'pangrasaning ati', utawa 'kalbu' lan mung kalumrah dianggo ing basa éndah utawa basa susastra (ora kaprah dianggo ing basa padinan).

Tembung *nala* asalé saka tembung Sanskerta *nâla* kang mengku teges 'gagang', 'urat', 'jantung', 'ati'. Ing basa Jawa saiki tembung *nala* mengku teges 'ati' utawa 'pangrasaning ati' lan

mung kaprah dianggo ing basa éndah utawa basa susastra (ora kalumrah dianggo ing basa padinan).

Tembung *kalbu* asalé saka tembung Arab *qalbu* kang mengku teges 'jantung', 'ati', 'akal' utawa 'pikiran', 'punjering rasa batin'. Ing basa Jawa wektu saiki tembung *kalbu* lumrahé mung dianggo ing basa éndah utawa basa susastra lan ora kaprah dianggo ing basa padinan.

Kajaba tembung-tembung kang wis dibèbèraké iku, ana tembung *driya* kang asalé saka tembung Sanskerta *indriya*. Tembung *indriya* (Sanskerta) mengku teges 'piranti kanggo ngrasakaké, ngganda, ngrungu, nyawang, nggrayang', 'hawa napsu', 'sahwat'. Ing basa Jawa saiki tembung *driya* mengku teges 'tukung prangrasa' utawa 'ati' (tumrapé wong Jawa, *ati* iku dianggep minangka *tuk* utawa *punjering pangrasa*). Tembung iki lumrahé uga mung dianggo ing basa susastra utawa basa éndah lan ora kaprah dianggo ing basa padinan.

Tulisan iki bisa digawé dudutan mangkéné.

1. Tembung *ati* kang tumrap kéwan utawa barang iku minangka tembung krama ngoko. Mulané, tembung iki ora perlu dikramakaké, upamané, *manah ayam*, *manah lembu*, *galih ménda*, *galih ayam*, lan sapituruté. Tembung mangkéné iki cukup *ati ayam*, *ati lembu*, *ati ménda*.
2. Tembung *ati* kang tumrap manungsa utawa uwong kalebu tembung ngoko. Tembung iki ing tataran krama perlu disaliné nganggo tembung *manah* (krama) utawa *galih/panggalih* (krama inggil), *manah kula*, *manahipun anak kula*, *raosing panggalih* (*galih panjenengan*), lan sapituruté.
3. Tembung-tembung *prana*, *wardaya*, *nala*, lan *driya* mung kalumrah dianggo ing basa éndah utawa basa susastra, kayata, sesorah ing pahargyan dhauping pangantèn, pagelaran wayang utawa kethoprak, nganggit-anggit tembang macapat, lan sapituruté. Sanajan tembung-tembung iki minangka dasanamané tembung *ati*, *manah*, *galih/panggalih*, ananging ora bisa dianggo lira-liru kanthi mardika ing basa padinan.

Kanthi mangkono, tetembungan, upamané, *atiku, manah kula, panggalih panjenengan ora prayoga yèn disalini wardayaku, kalbu kula, prana panjenengan, lan sapituruté.*

MANGKÉ-SAMANGKÉ

Tembung *mangké* lan *samangké* iku mèh padha pakecapané. Bédané, tembung *mangké* tanpa anasir pakecapan *sa-*, déné *samangké* mengku anasir pakecapan *sa-*. Katone ing lair, bleger utawa wujudé tembung *mangké* lan *samangké* iku ana irib-iribé karo tembung, upamané, *èstu – saèstu, sana – sasana, lan nadyan – sanadyan*. Tembung *èstu, sana, lan nadyan* blegeré iku mèmper karo tembung *mangké*, yaiku tanpa mengku anasir pakecapan *sa-*, déné blegeré tembung *saèstu, sasana, lan sanadyan* mèmper karo tembung *samangké*, yaiku mengku anasir pakecapan *sa-*.

Tembung *èstu* lan *saèstu* kalebu éwoning tembung krama lan loro-loroné mengku teges padha, yaiku (1) 'sida' utawa (2) 'temenan', 'nyata'.

Contoné, ing ukara mangkéné.

- A. Tembung *èstu* lan *saèstu* kang mengku teges 'sida'.
 - 1a. *Panjenengan kala wingi saèstu mundhut komputer?*
 - 1b. *Panjenengan kala wingi èstu mundhut komputer?*
- B. Tembung *èstu* lan *saèstu* kang mengku teges 'temenan' utawa 'nyata'.
 - 2a. *Larénipun pinter saèstu.*
 - 2b. *Larénipun pinter èstu.*
 - 3a. *Kadadosan punika saèstu wonten.*
 - 3b. *Kadadosan punika èstu wonten.*

Tembung *sana* lan *sasana*, loro-loroné, mengku teges (1) 'papan', 'panggonan', utawa (2) 'palinggihan'. Tembung iki lumrahé dianggo ing basa susastra utawa basa rinengga. Contoné, mangkéné.

- A. Tembung *sana* lan *sasana* kang mengku teges 'papan' utawa 'panggonan'.

- 1a. Sang Nata manjing **sasana** bujana arsa andrawina kaliyan ingkang garwa.
- 1b. Sang Nata manjing **sana** bujana arsa andrawina kaliyan ingkang garwa.
- B. Tembung **sana** lan **sasana** kang mengku teges 'palinggihan'.
 - 2a. Pangantèn sarimbit lenggah ing **sasana** rinengga
 - 2b. Pangantèn sarimbit lenggah ing **sana** rinengga

Tembung *nadyan* lan *sanadyan* klebu éwoning tembung krama ngoko. Teges lan panganggoné tembung loro iku padha, yaiku minangka "tembung pangiket kang nerangaké yèn prakara kang sinebut ing candhaké mengku surasa luwih (banget, ora lumrah, lan sapituruté) éwadéné meksa ...".

Contoné, ing ukara mangkéné.

- 1a. **Sanadyan** omahé adoh meksa diparani amarga péngin ketemu.
- 1b. **Nadyan** adoh omahé meksa diparani amarga péngin ketemu.
- 2a. Dhimas, **sanadyan** colok lintang sambung obor mangkata ing dina iki!
- 2b. Dhimas, **nadyan** colok lintang sambung obor mangkata ing dina iki!

Bèbèran ringkes iki mratélakaké manawa tembung *èstu* – *saèstu*, *sana* – *sasana*, lan *nadyan* – *sanadyan* mengku teges padha utawa mèh padha lan panganggoné bisa digawé lira-liru. Déné kang mbédakaké tumrap panganggoné tembung-tembung mau mung dumunung ing leléwaning basa. Tembung *èstu*, *sana*, lan *nadyan* kelumrah dianggo ing pakecapan utawa ukara kang semu ringkes, déné tembung *saèstu*, *sasana*, lan *sanadyan* dianggo ing pakecapan utawa ukara kang sarwa genep.

Bokmanawa amarga wujud utawa blegeré tembung *mangké* lan *samangké* iku mèmper utawa ana irib-iribé karo tembung *èstu* – *saèstu*, *sana* – *sasana*, lan *nadyan* – *sanadyan*, ora mokal yèn banjur ana panganggep manawa tembung *mangké* lan *samangké* mau mengku teges padha utawa mèh padha kang satemah banjur

dianggo kanthi lira-liru. Conto panganggoné tembung *mangké* lan *samangké* kang lira-liru iku, mangkéné.

- a. “*Samangké saweg pukul tiga*”, wangsulanipun anak kula, “*pukul gangsal mangké*”
- b. “*Samangké saweg pukul tiga*”, wangsulanipun anak kula, “*pukul gangsal samangké*”.
- c. “*Mangké punika saweg pukul tiga*”, wangsulanipun anak kula, “*pukul gangsal samangké*”.
- d. “*Mangké punika saweg pukul tiga*”, wangsulanipun anak kula, “*pukul gangsal mangké*”.

Panganggoné tembung *mangké* lan *samangké* kang kapacak ing ukara b, c, lan d iku satemené ora bener. Liré, tembung *mangké* iku kalebu éwoning tembung krama kanggo ngramakaké tembung *mengko* kang tegesé ‘wektu kang tumuli bakal kelakon’ utawa ‘sadhela engkas’, padha karo tembung *nanti* ing basa Indonesia. Déné tembung *samangké* iku tembung krama kanggo ngramakaké tembung *samengko* kang tegesé ‘saiki’ utawa ‘ing wektu iki’, padha karo tembung *sekarang* ing basa Indonesia. Kanthi mangkono, panganggoné tembung *mangké* lan *samangké* kang bener dumunung ing ukara a. Conto liyané, mangkéné.

1. *Samangké mugé wonten kaparengipun Bapak ... paring ular-ular dhumateng putra pinangantèn sarimbit minangka sanguning gesang bebrayan ing samadyaning masyarakat mangké.*
2. *Kawontenaning jaman punika tansah éwah gingsir. Gangsal taun, langkung-langkung sadasa taun malih mangké, temtu kawontenipun boten badhé sami kaliyan kawontenan ing wekdal samangké punika.*

KRAMA INGGIL LAN KRAMA ANDHAP

Kajaba tembung *mènèhi*, ana tembung *nyukani*, *maringi*, lan *nyaosi*. Tembung papat iku mengku teges padha, yaiku ‘awèh ... marang’. Bédané, *mènèhi* kalebu éwoning tembung ngoko, *nyukani* kalebu tembung krama, déné *maringi* lan *nyaosi* kalebu éwoning tembung krama inggil.

Kaya wis kasumurupan manawa tembung kang kalebu éwoning tembung ngoko kuwi lumrahé dianggep mengku rasa lugu utawa lumrah, tembung krama dianggep mengku rasa urmat, lan tembung krama inggil dianggep mengku rasa urmat banget. Tembung-tembung ngoko kuwi kalumrah dianggo ing guneman utawa caturan marang sapattha-padha kang wis kulina banget, marang wong kang kaprenah enom (marang anak putu, murid, sadulur enom, lan sapituruté), utawa dianggo yèn ngunandika. Tembung-tembung krama kang lumrahé dianggo ing guneman kanthi ancas ngajèni utawa ngurmati marang wong kang diajak guneman, kayata, gunemané wong enom marang wong tuwa, murid marang guruné, padha-padha kanca kang durung pati kulina, lan sapituruté. Déné tembung-tembung krama inggil lumrahé dianggo ing guneman kang ngajèni banget utawa ngurmati banget marang wong kang diajak guneman utawa wong kang digunem.

Ing dhuwur wis disebut yèn tembung *maringi* lan *nyaosi* kuwi kalebu éwoning tembung krama inggil. Sanadyan mangkono, panganggoné tembung loro kuwi ora padha. Tembung *maringi* lumrahé dianggo ngajèni utawa ngurmati banget kanthi *nginggilaké* wong kang diajak guneman (wong II utawa madyama purusa) utawa wong kang digunem (wong III utawa pratama purusa), tembung *nyaosi* dianggo ngajèni utawa ngurmati banget marang wong kang diajak guneman (wong II utawa madyama purusa) utawa wong kang digunem (wong III utawa pratama purusa) kanthi *ngasoraké* utawa *ngandhapaké* awaké dhéwé wong kang ngajak guneman mau (wong I utawa utama purusa). Kanthi mangkono, tembung *maringi* banjur diarani tembung *krama inggil*, déné *nyaosi* diarani tembung *krama andhap*. Conto panganggoné tembung *maringi* lan *nyaosi* iku, mangkéné.

A. Panganggoné tembung krama inggil *maringi*

1. Wong kang guneman (wong I utawa utama purusa) ngluhuraké wong kang diajak guneman (wong II utawa madyama purusa).

*Manawi wonten kaparengipun, sapunika panjenengan **maringi** dhumateng kula arta sapalihipun regi montor punika, déné sapalihipun saged panjenengan cicil.*

2. Wong kang guneman (wong I utawa utama purusa) ngluhuraké wong kang digunem (wong III utawa pratama purusa).

*Nuwun sèwu, Pak Lurah, Pak Carik kala wingi sampun **maringi** arta Rp10.000,00 dhumateng kula.*

3. Utama purusa (wong I) ngluhuraké pratama purusa (wong III) lan nganggep lumrah marang madyama purusa (wong II).

*Panjenenganipun Pak Lurah punapa dèrèng **maringi** arta dhumateng panjenengan?*

4. Utama purusa (wong I) ngluhuraké madyama purusa (wong II) lan nganggep lumrah marang pratama purusa (wong III).

*Panjenengan kala wingi rak sampun **maringi** arta Rp20.000,00 dhumateng adhi kula. Dados, panjenengan sapunika kantun **maringi** Rp1.000,00 malih.*

5. Utama purusa (wong I) ngluhuraké pratama purusa (wong III) lan nganggep lumrah marang pratama purusa (wong III) liyané amarga pratama purusa siji lan sijiné béda pangkaté, umuré, lan sapituruté.

*Panjenenganipun Bapak Camat sampun **maringi** arta dhumateng Bapak Lurah kanggé wragad ndandosi margi ingkang pedhot amargi katerak banjir seminggu kepengker.*

B. Panganggoné tembung krama andhap *nyaosi*

1. Utama purusa (wong I) ngandhapaké (ngasoraké) awaké dhéwé kanggo ngluhuraké madyama purusa (wong II).

*Wigatosipun, sowan kula mriki punika **nyaosi** kabar dhumateng panjenenganipun bilih*

2. Utama purusa (wong I) ngandhapaké awaké dhéwé kanggo ngluhuraké pratama purusa (wong III).
Kula sampun nyaosi kabar dhumateng tiyang sepuhipun laré punika.
3. Utama purusa ngandhapaké (ngasoraké) madyama purusa (wong II) kanggo ngluhuraké marang pratama purusa (wong III).
Panjenengan sampun nyaosi kabar dhumateng Bapak Lurah punapa dèrèng?
4. Utama purusa ngandhapaké pratama purusa (wong III) kanggo ngluhuraké madyama purusa (wong II).
Piyambakipun (adhi kula, sadhèrèk kula, murid, lan sapitiruté) punapa dèrèng nyaosi kabar dhumateng panjenengan?
5. Utama purusa (wong I) ngandhapaké pratama purusa (wong III) kanggo ngluhuraké pratama purusa (wong III) liyané amarga béda pangkaté, umuré, lan sapitiruté.
Bapak RT ugi sampun nyaosi kabar dhumateng Bapak Lurah.

Tembung-tembung *krama inggil* kang ana tembungé *krama andhap* kaya mangkono kuwi (*maringi-nyaosi*) satemené ora akèh. Déné conto liyané mangkéné.

| Ngoko/Krama | Krama: | Krama Andhap: | Krama Inggil: |
|----------------------|----------------|-----------------------|-----------------------------------------|
| Ngoko: | | | |
| <i>takon</i> | <i>takèn</i> | <i>nyuwun priksa</i> | <i>ndangu;</i> <i>mundhut priksa</i> |
| <i>njaluk</i> | <i>nedha</i> | <i>nyuwun</i> | <i>mundhut</i> |
| <i>ngundang (KN)</i> | - | <i>ngaturi</i> | <i>nimbali</i> |
| <i>akon</i> | <i>akèn</i> | <i>ngaturi</i> | <i>dhawuh</i> |
| <i>nyilih</i> | <i>nyambut</i> | <i>nyuwun ngampil</i> | <i>mundhut</i> <i>ngampil</i> |

KINABEKTÈN – BINEKTÈNAN – KABINEKTÈNAN

Ana sutresna *Puspa Rinoncé* kang mundhut priksa bab tembung *kinabektèn*, *binektènan*, lan *kabinektènan*. Anggoné mundhut

priksa bab iki jalaran panjengané asring nyumurupi juru sesorah utawa panatacara kang darbé lagéhan, pakulinan, utawa kama-reman dhéwé-dhéwé. Ana juru sesorah utawa panatacara kang kulina migunakaké tembung *kinabektèn*, ana kang seneng migunakaké tembung *binektènan*, lan ana uga kang seneng nganggo tembung *kabinektènan*. Banjur endi kang bener, trep, utawa luwih prayoga?

Tembung *kinabektèn*, *binektènan*, lan *kabinektènan* iki kabèh kadhapuk saka tembung lingga *bekti* kanthi pangrimbag kang béda-béda. Tembung *bekti* asalé saka tembung Sanskerta *bhakti* kang mengku teges 'tresna asih', ing basa Jawa Kuna utawa basa Kawi sumabung tumekané basa Jawa saiki. Lèrèging pakecap-an, tembung *bhakti* banjur dadi *bakti* lan pungkasané dadi *bekti* 'urmat', setya tuhu', 'sungkem banget'.

Tembung *bhakti* ing basa Jawa Kuna (Kawi) kalebu éwoning tembung lingga. Tembung iki bisa digawé tembung andhahan warna-warna, kayata: *mabhakti* (*ma-* + *bhakti*) 'asung pakurmatan', 'asung bekti', 'setya tuhu', *kabhaktin* (*ka-* + *bhakti* + *-n*) 'pakurmatan', 'kasetyan', 'tresna asih', lan *kinabhaktyan* (*kina-* + *bhakti* + *-an*) utawa *kinabhaktin* (*kina-* + *bhakti* + *-n*) 'diurmati kanthi andhap asor', 'diurmati kanthi setya tuhu (tresna asih)'. Tembung *kinabhaktyan* utawa *kinabhaktin* iku banjur dadi *kinabektèn* ing basa Jawa saiki. Tembung *kinabektèn* tegesé 'diurmati', 'diajèni'. Ing kéné cetha yèn tembung *kinabektèn* iku minangka rimbagan warisanané basa Jawa Kuna (basa Kawi). Kanthi mangkono, tembung *kinabektèn* iku ora luput rimbagané, satemah tetep bisa dianggo ing basa Jawa jaman saiki, mirunggané tumrap ing basa pinacak, basa rinengga, utawa basa susastra. Sanadyan ora akèh, tembung kang rimbagané sairib karo tembung *kinabektèn*, yaiku mawa wuwuhan *kina-/an* utawa *kina-/n*, iku ana tunggalé, kayata: *kinamulèn* 'dimemulé', 'dimulyakaké', *kinarilan* 'dililani', 'diidini', 'di-parengaké', lan *kinajrihan* 'diwedèni', 'diéringi'.

Kajaba *kinabektèn*, ana uga tembung *binektènan*. Tembung *binektènan* kadhapuk saka tembung lingga *bekti* olèh wuwuhan

seselan *-in-* lan panambang *-an*. Satemené panambang *-an* kang diuwuhaké mau ing sakawit awujud panambang *-i*. Owahé panambang *-i* dadi *-an* utawa malah dadi *-anan* iku kanggo ngluwesaké pakecapan. Owah-owahaning pakecapan mangkéné iki kaya-kaya wis dadi paugeran kang maton, satemah banjur ora ana wuwuhan *-in-/i*. Tundhoné, ing basa Jawa saiki tembung-tembung, kayata, *binèktèni*, *tinulisi*, *winadhahi*, *pinaringi*, lan *sineksèni*, banjur dianggep ora lumrah sanadyan adhedhasar parama sastra ora luput. Déné kang dianggep lumrah, amarga trep lan luwes pakecapané, yaiku *binèktènan*, *tinulisan*, *winadhahan*, *pinaringan*, lan *sineksènan*. Dhapukaning tembung andhahan kanthi wuwuhan seselan *-in-* lan panambang *-an* mangkono kuwi diarani rimbag *tanggap na i-kriya*. Kapirid saka tegesé, rimbag *tanggap na i-kriya* (pasif adhapur *-in-* + *lingga* + *-an*) iku mèh padha karo rimbag *tanggap pratama purusa* tegesé mèh padha karo tegesé tembung *dibèktèni*, yaiku 'diurmati (diajèni) kanthi andhap asor', 'disungkemi banget'. Bédané, *dibèktèni* dianggep tembung lumrah, tembung *binèktènan* dianggep tembung éndah, ngengreng, bregas, satemah banjur kelumrah dianggo ing basa pinacak, basa rinengga, utawa basa susastra.

Pungkasan, bab tembung *binèktènan*. Kapirid saka wujudé, tembung iki kadhapuk saka tembung *lingga bekti* kawuwuhan seselan *-in-* lan panambang *-an* (*tanggap na i-kriya*) dadi *binèktènan*, sabanjuré *binèktènan* olèh wuwuhan manèh ater-ater kadadi *kabinèktènan*. Manut paugeran, ater-ater *ka-* iku klebu ater-ater kanggo ndhapuk tembung *tanggap pratama purusa* kaya-déné ater-ater *di-* utawa seselan *-in-*. Mula saka iku, tembung *katulis*, upamané, tegesé mèh padha karo *ditulis* utawa *tinulis*, *kagawa* tegesé mèh padha karo *digawa* utawa *ginawa*, *katimbangan* tegesé mèh padha karo ditimbali utawa tinimbangan, lan *kabèktènan* (dudu *kabinèktènan*) tegesé padha utawa mèh padha karo *dibèktèni* utawa *binèktènan*. Kanthi mangkono, *kabinèktènan* iku kena diarani tembung dhapukan *tanggap* kang rangkep kang yèn disurasa lan disalini kanthi tembung lumrah padha karo *didibèktèni*. Pancèn

ana tembung kang dhapukané sairib karo *kabinektènan*, upamané *kasinungan* 'diwènèhi', 'kadunungan'. Tembung *kasinungan* kadhapuk saka *sinung* 'diwènèhi' kawuwuhan *ka-/an* lan *sinung* dhéwé asalé saka *sung* 'awèh' kawuwuhan seselan *-in-*. Sanadyan padha-padha tembung dhasar, *sinung* ing tembung *kasinungan* lan *binektènan* ing tembung *kabinektènan* iku ora padha arané: *sinung* kalebu tembung *lingga* kang kelumrah diarani *lingga andhahan*, *binektènan* ora kena diarani tembung *lingga*. Dadi, tembung *kabinektènan* iku pandhapuké ora trep karo paugeraning parama sastra lan prayogané ora dianggo.

Kantheni bèbèran ringkes iki bisa disumurupi manawa tembung *kinabektèn* lan *binektènan* iku pandhapuké kabèh bener (manut paugeran *kabinektènan* ora trep karo paugeran). Tembung *kinabektèn* kadhapuk nganggo paugeran lawas (Jawa Kuna) lan pandhapuking tembung kaya mangkéné iki (kantheni wuwuhan *kina-* + *-an*) mung lumaku tumrap tembung-tembung tartamtu. Déné tembung *binektènan*, sanadyan uga nganggo paugeran kang wis ana wiwit jaman basa Jawa Kuna, ananging paugeran mau isih kaprah tumekané jaman saiki lan akèh tembung-tembung kang bisa kadhapuk kantheni cara mangkono mau (kantheni wuwuhan *-in-* + *-an*). Awit saka iku, tembung *kinabektèn* lan *kinabektènan* bisa dianggo manut kasenangan, mirunggané ing basa pinacak.

TEMBUNG KRAMA, NGOKO, LAN KRAMA INGGIL

Durung suwé iki panulis nyumurupi ana bocah nom-noman mlebu ing toko. Sajaké wong kang duwé toko wis tepung becik marang bocah nom-noman mau, katitik anggoné nanggapi katon rumaket, mangkéné.

+ : "Arep mundhut apa, Mas Ar?"

- : "Anu, ... plèster, Bu."

+ : "Kok mundhut plèster, ... kagem apa?"

- : "Niki, ... wau ngèmpèli pang pelem malah *asta* kula kebacuk."

Kapirid saka anggoné ngetrapaké tembung, bocah nom-noman kang disebut Mas Ar iku ketara yèn durung dhamang (durung mengerti temenan) cak-cakan unggah-ungguhing basa. Tembung *asta*, upamané, déning bocah nom-noman mau dianggo tumrap awaké dhéwé (wong I utawa utama purusa). Kang mangka, tembung *asta* kuwi kalebu éwoning tembung krama inggil. Miturut paugeraning unggah-ungguh, tembung krama inggil iku mung kelumrah dianggo ngajèni (ngluhuraké utawa nginggilaké) wong kang diajak guneman (wong II utawa madyama purusa) utawa wong kang digunem (wong III utawa pratama purusa) kang pantes diormati. Kajaba panjenengané ratu (kalebu ratu ing wayang utawa kethoprak), wong guneman (wong I utawa utama purusa) kang migunakaké tembung krama inggil tumrap awaké dhéwé kuwi ora prayoga lan kena diarani degsura (ora ngerti tata krama).

Wus disumurupi ing akèh manawa tembung *asta* kuwi minangka tembung krama inggil, yaiku krama inggilé tembung *tangan*. Déné tembung *tangan* iku kalebu golongananing tembung krama ngoko, yaiku golongananing tembung ngoko kang wis bisa dianggo tembung krama tanpa ngowahi utawa nyalini wujud utawa blegering tembung mau. Kanthi mangkono, tembung *krama ngoko* kuwi miturut pranatan *ora ana tembungé krama*, mung waé *kala-kala* ana tembungé *krama inggil*. Mulané, miturut pranatan uga, yèn tembung *krama ngoko* iku *dikramakaké*, tembung kramané kena diarani krama enggon-enggonan (dhialèk). Mesthi waé, tembung *krama ngoko* iku béda karo tembung *ngoko*. Jalaran, saben tembung *ngoko* kuwi lumrahé mesthi *ana tembungé krama* lan *kala-kala* uga ana tembungé *krama inggil* utawa *krama andhap*. Contoné, mangkéné.

| Ngoko: | Krama: | Krama Inggil: | Krama Andhap |
|----------------|----------------|----------------------|---------------------|
| <i>abang</i> | <i>abrit</i> | - | - |
| <i>arep</i> | <i>ajeng</i> | <i>kersa</i> | - |
| <i>mèlu</i> | <i>tumut</i> | - | <i>ndhèrèk</i> |
| <i>awèh</i> | <i>suka</i> | <i>paring</i> | <i>caos</i> |
| <i>nyukani</i> | <i>maringi</i> | <i>nyaosi</i> | |

Bokmanawa bocah nom-noman kang dicritakaké mau ngira yèn tembung *tangan* iku kalebu tembung ngoko lan darbé panyana yèn tembung *asta* kuwi minangka tembung kramané *tangan*, sate-mah tembung *asta* banjur dianggo tumrap awaké dhéwé (wong kang guneman, wong I, utawa utama purusa). Dadi, bocah nom-noman kasebut pancèn ora nglegéwa yèn panganggoné tembung *asta* (krama inggil) mau nyebal saka paugeraning tata krama.

Bèbèran cekak iki bisa digawé dudutan, mangkéné.

1. Tembung krama ngoko iku golongananing tembung ngoko kang wis bisa dianggo ing guneman tataran krama tanpa ngowahi utawa nyalini wujudé tembung kasebut.
2. Tembung krama ngoko ora ana tembung kramané, mung waé kala-kala ana tembungé krama inggil.
3. Tembung krama ngoko ora perlu dikramakaké. Yèn dikramakaké, tembung kramané kalebu tembung krama enggon-enggonan (dhialèk).
4. Tembung krama inggil, kalebu tembung-tembung krama inggilé tembung krama ngoko, mung kelumrah dianggo ngajèni (nginggilaké, ngluhuraké) liyan kang pantes diur-mati (wong II utawa wong III). Tembung krama inggil yèn dianggo tumrap awaké dhéwé (wong kang guneman, uta-ma purusa, utawa wong I) kena diarani nyebal saka pranatan, satemah wong kang nganggo tembung mau dianggep degsura (kajaba panjenengané ratu).

Tembung-tembung kang kalebu éwoning tembung krama ngoko kuwi akèh cacahé, sapérangan ana tembungé krama inggil lan sapérangan gedhé ora ana. Ing ngisor iki conto sawatara tembung krama ngoko kang ana krama inggilé.

Krama Ngoko:

adhi
adus
balung
bangkèkan
cangkem

Krama Inggil:

rayi
siram
tosan
madya; pamekak
tutuk

| | |
|-----------------------|----------------|
| clana; kathok; sruwal | lancingan |
| dadah; ndadah | ginda, ngginda |
| dolan | ameng-ameng |
| entut | sarip |

BASA KRAMA INGGIL KANG ORA PENER PANGANGGONÉ

Tulisan iki kababar adhedhasar panalitèn bab kanyatan panganggoné basa krama déning bocah-bocah saiki. Panalitèn mau asesirah “Pemakaian *Basa Krama* pada Anak-Anak Sekarang: Studi Kasus” (1995).

Bab panganggoné basa krama iku kalebu babagan undhausuking basa. Ing wektu iki ana kaanan basa kang rada katon menjila, yaiku panganggoné basa krama inggil kang asring dienggo mbasakaké awaké dhéwé (ngramakaké awaké dhéwé). Kaanan mau bisa dipirsani nalika bocah-bocah saiki guneman utawa mangsuli pitakon kang migunakaké basa Jawa krama. Ing ngisor iki diaturaké tuladha pethilan tuturan (ukara) minangka wangsulan kang dituturaké déning sawenèhing bocah nalika ditakoni nganggo basa Jawa krama déning wong kang luwih tuwa.

- (1) *Dalem ajeng saré kaliyan ibu kémawon.*
- (2) *Kula badhé dhahar rumuyin.*
- (3) *Wah, saweg nanggal sanget, dalem nembé siram.*
- (4) *Dalem ajeng ameng-ameng sekedhap.*
- (5) *Nuwun sèwu, badhé maringaken undhangan menika dhateng Pakdhé.*
- (6) *Dalem takkondur rumiyin.*

Tembung-tembung kasebut (*saré, dhahar, siram, ameng-ameng, maringaken, lan kondur*) klebu basa krama inggil utawa krama alus. Basa krama inggil mau dienggo guneman utawa matur karo wong kang luwih tuwa lan diormati. Nanging, ing kanyatan saiki, gunemé bocah-bocah kaya tuladha (1)–(6) kuwi akèh tinemu ing saben dina. Gegayutan karo bab kasebut, kita bisa mbeneraké

panganggoné basa krama kang ora pener kuwi kanthi cara ngganti tembung-tembung kaya ing ngisor iki:

- tembung *saré* ing ukara (1) diganti tembung *tilem*;
- tembung *dhahar* ing ukara (2) diganti tembung *nedha*;
- tembung *siram* ing ukara (3) diganti tembung *adus*;
- tembung *ameng-ameng* ing ukara (4) diganti tembung *mlampah-mlampah*;
- tembung *maringaken* ing ukara (5) diganti tembung *ngaturaken*;
- tembung *kondur* ing ukara (6) diganti tembung *mantuk* utawa *wangsul*; lan
- tembung *dalem* ing ukara (1), (3), lan (6) diganti tembung *kula*.

Muga-muga rembug sapala iki ana gunané tumrap para maos.

KANYATA - KABUKTI

Tembung *kanyata* lan *kabukti* kaya kang kacetha ing dhuwur mau kerep tinemu ing basa Jawa saiki. Tembung-tembung mau asring tinemu ing kalawarta *Jaka Lodhang* lan *Mekar Sari* utawa rinungu saka pawarta basa Jawa *Yogya Warta* ing Televisi Ngayogyakarta. Tuladha panganggoné tembung-tembung mau kang kapethik saka kala warta *Mekarsari* kaya kacetha ing ngisor iki.

- 1) *Kabukti sasuwéné iki wis ora tau metu pari varietas anyar* (MS 16: 13-6- 1997:4).
- 2) *Trap-trapané JBM ing Trimurti, sing éntuk dukungan masyarakat, utamané kalangan pendidik, kanyata éntuk pangalembana saka Pemerintah Prop.DIY* (MS 15:6-6-1997:21).

Ukara-ukara ing dhuwur mau apa ya ukara kang njawani tenan? Manut pandugaku, ukara mau dudu ukara Jawa, nanging ukara basa Indonesia kang tembung-tembungé nganggo tembung Jawa. Liré, ukara-ukara ing dhuwur mau, polané ukara

basa Indonesia, nanging tembung-tembungé Jawa. Mula, dadiné, tumrap priyayi sepuh utawa priyayi kang pana marang basa Jawa, ukara mau isih krasa banget yèn iku ukara basa Indonesia. Mungguh ukara basa Indonesiané, manut pandugaku kaya ing ngisor iki.

- 1a) ***Terbukti** selama ini sudah tidak pernah keluar padi varietas baru.*
- 2a) *Pelaksanaan JBM di Trimurti, yang mendapat dukungan masyarakat, khususnya kalangan pendidik, **ternyata** mendapat penghargaan dari Pemerintah Prop.DIY.*

Tembung **kabukti** lan **kanyata** ing dhuwur mau minangka jarwan saka tembung basa Indonensia terbukti lan ternyata. Mungguh nalar-nalaré kepriyé déné tembung basa Indonesia terbukti lan ternyata dadi tembung **kabukti** lan **kanyata** iku?

Ing basa Indonesia, ater-ater ter- utawa awalan ter- ing basa Indonesiané, duwé teges, antara liya, 'ora kanthi kasengaja'. Upamané tembung terbawa, terpukul, terinjak ateges 'ora sengaja digawa, ora sengaja diantem, ora sengaja dipidak'. Ater-ater ter- ing basa Indonesia mau kang maknané ora kanthi sengaja ing basa Jawa padha karo ater-ater ke- utawa ka- (ka- dudu ater-ater tanggap ing rimbag tanggap ka-kang ateges di -). Mula, terbukti lan ternyata mau dijawabaké dadi **kabukti** lan **kanyata**. Kang mangka, tembung Jawa **bukti**, saliyane ateges 'cihna', uga ateges 'pangan'. Mulané, kabukti bisa uga ana kang negesi 'kapangan'. Mungguh ing tembung Jawa kang tegesé padha karo terbukti lan ternyata, yaiku buktiné lan nyatané. Dadi, ukara mau supaya katon Jawané bisa dibeneraké kaya ing ngisor iki.

- 1b. ***Buktiné**, nganti sawetara wektu iki ora metu manèh pari varietas anyar.*
- 2b. *Tumindaké JBM mau ing Trimurti, kang éntuk panyengkuyung déning masyarakat, mliginé kalangan pendhidhik, nyatané éntuk bebungah saka Pamaréntah Prop.DIY.*

MUJUDAKÉ

1. *Wayang wong Sriwedari mujudaké salah sijiné asèt kabudayaan Jawa (MS.15: 6-6-1997:36)*
2. *Wong 25 mujudaké guru SD ing désa kepencil lan sing ditugasaké ing Sléman wong 1... lan Gunung Kidul 65 (MS 15: 6-6-1997:31).*
3. *Wus disumurupi ing akèh manawa tembung asta kuwi mujudaké tembung krama inggil, yaiku krama inggilé tembung tangan.*
4. *Ing kéné cetha yèn tembung kinabektèn iku mujudaké tembung rimbagan warisanané basa Jawa Kuna (basa Kawi).*

Tembung *mujudaké* ing ukara dhuwur mau, saliyané tinemu ing kalawarta basa Jawa uga asring kapireng ing *Yogya Warta*, pawarta basa Jawa kang kagiyaraké lantaran televisi Yogyakarta.

Manut pangrimbagé, tembung *mujudaké* asal saka tembung *lingga wujud* olèh ater-ater hanuswarta (*h*)*am* lan panambang – *aké*. Rimbagé diarani rimbag *tanduk ké-kriya*. Mungguh *rimbag tanduk ké-kriya* tumrap tembung andhahan *mujudaké* mono ngemu teges ‘*njalari ana wujudé*’ utawa ‘*ndadèkaké ana wujudé*’. Dadi, upama tembung *mujudaké* ing ukara mau ditegesi kaya mangkono, dadiné ukara kaya ing ngisor iki.

- 1a. *Wayang wong Sriwedari ndadèkaké/njalari ana wujudé salah sijiné asèt kabudayaan Jawa.*
- 2a. *Wong 25 ndadèkaké/njalari ana wujudé guru SD ing désa kepencil lan sing ditugasaké ing Sléman wong 1 ... lan Gunung Kidul 65.*

Bareng ditegesi kaya tegesé rimbagé tembung mau, rak cetha banget yèn ukara mau katon ora bener. Lan, ya dudu iku kang dikersakaké kang nulis/nyusun pawarta ing kalawarta utawa ing pawarta mau. Manut pandugaku, apa sing dikersakaké déning kang nulis pawarta mau, sajaké, yèn basa Indonesiané mono kaya ukara ing ngisor iki.

1. *Wayang orang Sriwedari merupakan salah satu aset kebudayaan Jawa.*
2. *Dua puluh lima orang merupakan guru SD di desa terpencil dan yang ditugaskan di Sleman seorang ... dan di Gunung Kidul 65 orang.*

Yèn sing dikersakaké kang nulis utawa ngrakit pawarta kaya mangkono, jarwané ing basa Jawa ora bakal kaya ukara 1) lan 2). Sajaké panganggit ndasanamakaké (*menyininimkan*) tembung *rupa* mau karo tembung *wujud*, sabab, yèn dijarwakaké nganggo tembung *rupa* tembungé andhahan dadi *nggrupakaké* dhumpyuh karo tembung *rupak* ‘sempit’ mula banjur didasana-makaké kanthi tembung *wujud* (kebeneran tembung *wujud* ing basa Indonesia lan Jawa padha). Mungguh jarwan kang trep tumraping tembung *wujud* ing ukara dhuwur mau, ora liya ya *minangka* utawa *pinangka*. Dadi, ukara mau bisa diganti dadi kaya ing ngisor iki.

- 1b. *Wayang wong Sriwedari mono minangka/pinangka salah sijiné asèt kabudayan Jawa.*
- 2b. *Wong 25 mau minangka/pinangka guru SD ing désa kang adoh lor kidul. Lan, sing ditugasaké ing Sléman wong siji ..., ing Gunung Kidul wong 65.*
- 3b. *Wus disumurupi ing akèh manawa tembung asta kuwi minangka/pinangka tembung krama inggil, yaiku krama inggilé tembung tangan.*
- 4b. *Ing kéné cetha yèn tembung kinabektèn iku minangka/pinangka tembung rimbagan warisanané basa Jawa Kuna (basa Kawi).*

Déné panganggoné tembung *mujudaké* mau kang pas kaya ukara ing ngisor iki.

1. *Kanggo mujudaké gegayuhané kang luhur mau, dhèwèké kudu nglakoni pandadaran kang abot.*
2. *Pancèn ora gampang mujudaké gegayuhan kang dianggep aèng déning bebrayan agung.*

SASTRA

CRITA CEKAK SATLÉRAMAN

Crita cekak itu minangka *subgenre* (cakrik) sastra adhapur gancaran. Crita cekak iki wis oleh kawigatèn gedhé saka masyarakat temah kalawarti basa Jawa, kayata, *Mekar Sari*, *Djaka Lodhang*, *Panjebar Semangat*, lan *Djaya Baya* saben nomeré mesthi ngemot crita cekak. Kejaba kuwi, saiki uga wis ana antologi crita cekak kang kacithak, kayata, *Pangilon Panjurung*, *Rembulan Padhang ing Ngayogyakarta*, lan *Mutiara Sagegem*.

Cakrik sastra adhapur ganjaran iki diarani ‘crita cekak’ amarga isi utawa critané pancèn ya mung cekak. Miturut Hudson, crita cekak iku bisa rampung diwaca *sekali duduk*. Crita cekak béda karo novèl utawa roman. Novèl utawa roman nggarap seri crita (èpisode-èpisode) lelakoné paraga (tokoh), yèn crita cekak mung nggarap salah sajining seri crita (èpisode) lan kang digarap uga mung sakiwatengené paragatama mau. Sanajan mangkono, dhapuring crita cekak ora béda karo novèl utawa roman, yaitu ana lataring crita, gegelitaning crita (alur), paraga, téma, lan pirantining crita liyané.

Jumedhuling crita cekak ing sastra Jawa iku ing taun 1930-an lumantar kalawarti *Kadjawèn* lan *Panjebar Semangat*. “*Djedjodowan Woeroeng*” ing rubrik “Panglipoeer Manah” (*Kadjawèn*, 1930) minangka *prototipe* crita cekak sepisanan kang kababar. Di arani

prototipe (modhèl utawa wujud kang kawitan) jalaran crita mau satemené durung bisa diarani crita cekak temenen, amarga anasiring crita durung digarap kanthi tlesih. Kalawarti *Kadjawèn* ing taun-taun candhaké ngemot crita kang wujudé cekak ing rubrik “Dongèng Cekak” lan “Carijos Cekak”.

Kang kawitan nganggo jeneng “crita cekak” iku kalawarti *Panjebar Semangat* (20 Januari 1934) ing crita “Gara-garané Main Kertu” anggitané Srikanah. Wiwit taun 1936 kalawarti mau banjur wis mantep migunakaké jeneng “crita cekak” ing rubriké.

Ing jaman Jepang kalawarti *Pandji Poestaka*-kalawarti kang kawetokaké déning Balai Pustaka, kang wektu kuwi dadi corong propagandhané pamaréntah Jepang-uga ngemot crita cekak. Crita cekak mau lumrahé nyritakaké semangat perjuwangan ngadhepi Sekutu, upamané, “Tanggap lan Tandang ing Garis Wingking” karangané Poerwadhie Admodiharjo lan “Njuwun Pamit Kjai” karangané Soebagijo Ilham Notodidjojo.

Cerita cekak urip ngrembaka sawisé kamardikan, bebarengan karo ngrembakané kalawarti basa Jawa, kaya ta, *Penjebar Semangat*, *Djaja Baya*, *Tjrita Cekak*, *Kekasihku*, *Tjendrawasih*, *Waspada*, lan *Praba*, kang ngemot crita cekak mau. Kejaba kuwi, para prangripta mudha ing wektu semana uga akèh kang ngripta crita cekak. Kanthi mangkono, ngrembakané crita cekak iku disengkuyung déning “penerbit”, prangripta, lan masyarakat (wong kang maca crita cekak mau).

Ing tahun 1950-an prangripta crita cekak iku cacahé puluhan. Prangripta crita cekak kayata, Subagijo Ilham Notodidjojo, Poerwadhie Atmodhihardjo, Soedharma K.D., R. Noegroho, Satim Kadarjono, Soemarno, Liamsi (Ismail), Hasdi Kaswadhi, lan St. Iesmaniasita.

Ing taun 1960-an pangripta crita cekak saya tambah akèh. Kajaba pagripta kang wis kasebut mau, ana manèh pagripta, kayata, Rakhmadi K., Tamsir A.S., Esmiet, Susilamurti, Anie Soemarno, Trim Sutedjo, Muryalelana, Lesmanadewa Purbakusuma, Hardjana Hp., Maryunani Purbaya, Is Jon, Herdian Suar-

jono, Widi Widayat, lan Suparto Brata. Déné ing taun 1970-an pangripta anyar kang uga mèlu nggrembangaké mekaring crita cekak, ing antarané, A. Y. Suharyono, Kuswahyo SS Raharjo, Djaimin K., Ragil Suwarno Pragolapati, Khrisna Mihardja, Husen Kertanegara, Suwardi Endraswara, Kenya Giriseta (Rita Nuryanti).

Crita cekak asiling para pangripta mau ana kang wis mlebu ing jagating *suréalis* (njaban kanyatan). Khrisna Mihardja, upamané, pangripta crita cekak kang onjo ing babagan karya *suréalis*, asil karyané wis ana kang dijarwakaké ing basa Indonesia lan kapacak ing *Kompas* lan *Horison*. Bab iki ora ateges yen asiling cipta ripta kang asipat *suréalis* iku luwih moncèr tinimbang wohing cipta ripta kang asipat *réalis* (crita bab kang nyata/kanyatan). Kang cetha, wohing cipta ripta kang asipat *réalis* lan *suréalis* iku kabèh becik lan bisa muwuhi kasugihaning kasusastran Jawa. Muga-muga crita cekak antuk papan kang becik ing jagating kasusastran Jawa, tetep disenengi déning masyarakat, lan tetep ngrembaka ing tembé mburiné.

GEGURITAN

Tembung geguritan utawa guritan iku asalé saka tembung lingga gurit. Tembung gurit mengku teges ‘tulisan tatahan’, ‘kidung’, utawa ‘tembung’. Kanthi mangkono, geguritan (guritan) bisa ditegesi ‘tulisan (karangan) kang awujud tembang’. Kapingid saka wujud lan isiné, geguritan iku bisa kapérang dadi loro, yaiku geguritan gagrag anyar utawa geguritan modhèrn lan geguritan gagrag lawas.

Geguritan gagrag lawas (geguritan tradhisional) iku darbé paugeran mangkéné.

- (1) Cacahing gatra saben sapada ora ajeg, nanging sathithik-sathithiké ana patang gatra (patang larik).
- (2) Cacahing wanda saben gatrane ajeg, yaiku ana wolung wanda.

- (3) Dhongdhingé swara ing saben pungkasaning gatra nganggo purwakanthi guru swara (kaya syair ing kasusastran Melayu/Indonesia).
- (4) Geguritan iki lumrahé dipurwakani nganggo tetembungan sun anggurit
- (5) Geguritan gagrag lawas lumrahé isi piwulang, upamané, bab tata krama.

Conto geguritan gagrag lawas.

Sun-gegurit

Kaanan jaman saiki

sipat pemudha-pemudhi

srawungané saya ndadi

raket wewékané sepi

tan kadi duk jaman nguni

srawung sarwa ngati-ati

Yèn manut wasitèng kuna

priya srawung lan wanita

gampang ketaman panggodha

nerak ing laku susila

temah darbé jeneng ala

wasanané tibèng papa

Geguritan kang dipethik iki dhapukané mèmper tembang Girisa (arané tembang gedhé). Ananging, sanajan bisa ditembangaké, geguritan iku ora kalebu tembang macapat, tembang tengahan, utawa tembang gedhé.

Geguritan gagrag anyar utawa geguritan modhèrn iku wujudé wis béda karo geguritan gagrag lawas. Geguritan gagrag anyar katon luwih mardika, wis ora kaiket paugeran kaya paugerané geguritan gagrag lawas. Jalaran geguritan iki wujudé mèmper karo puisi bébas ing kasusastran Indonesia, mula geguritan gagrag anyar ana kang ngarani “puisi bébas”. Ananging,

owah-owahan saka geguritan gagrag lawas tumekaning gagrag anyar iku dumadi kanthi prosès.

Pangripta kang miwiti nulis geguritan gagrag anyar iku R. Intojo (pangripta susastra Indonesia Angkatan Pujangga Baru). Conto geguritan gagrag anyar anggitan R. Intojo iku mangkéné.

DAYANING SASTRA

R. Intojo

Tembung kang ginantha lelarikan,
Tinata binaris kadya bata,
Sinambung pinutung manut ukuran,
Dene banjur kasinungan daya !

Kumpulé bata dadi yayanan,
Aweh nggon apik, brukut, santosa,
ngepénakaké wong urip bebrayan,
samono dayaning bata tinata.

Gegedhongan tembung kang mawa isi,
Katiyasané ngungkul-ungkuli,
Wohing laku, pamikir, lan pangrasa,
Para empu, pujangga, sarjana.

Simpen, ginebeng ing gugubahan,
Mawindu-windu dadi turutan.

(Kajawèn, nomer 26, 1 April 1941)

Geguritan iki wis ora nganggo pambuka “sun-gegurit” lan cacahing gatra saben sapanané dalah cacahing wanda saben gatrané ora ajeg. Éwa semono, geguritan mau durung kena diarani mardika temenan jalaran isih nganggo paugeran kaya paugeraning sonéta ing kasusastran Indonesia (gatrané ana 14, dumadi saka kuartrèin telu lan distikhon siji, purwakanthiné a-b-a-b, b-c-b-c, c-d-c-d, e-e). Kanthi mangkono, geguritan gagrag

anyar iku isih kaprabawan déning céngkok sonéta kang lagi kondhang ing wektu kuwi.

Déné geguritan gagrag anyar utawa modhèrn wujudé béda banget karo geguritan gagrag lawas, ora kaiket déning paugeran apa waé, klebu paugeraning sonéta. Geguritan gagrag anyar kang wis mardika iku wiwit ngrembaka ing taun 1950-an lan kapacak ing kalawarti-kalawarti basa Jawa. Contoné geguritan modhèrn mangkéné.

JAKARTA

Susilomurti

Nembé waé dakungkuraké layang pamitan
Paman aku klilan ninggal pabaratan
Nuju menyang gubug-gubug dhuwur
Kelonan gunung lan lungur
Lan esemé tanah-tanah ngaré

....

(*Jaya Baya*, nomer 36, 3 Mei 1964)

SUPARTO BRATA: PANGARANG JAWA KANG MANDHIRI

Sastra Jawa nalika ngancik ing taun 1950-an saya regeng amarga akèh pangarang anyar. Salah sijiné pangarang anyar iku Suparto Brata. Pangarang iki lair 16 Oktober 1932, ing Surabaya. Dhèwèké wiwit ngarang taun 1952. Karangané awujud crita cekak, novèl utawa crita sambung, sandiwara, lan ésai. Kajaba ngarang nganggo basa Jawa, panjenengané uga ngarang nganggo basa Indonesia. Wiwit taun 1952 karanganing abasa Indonesia wis dipacak ing kalawarti *Kisah, Gelanggang (Siasat), Mimbar Indonesia, Genta (Majalah Merdeka), Aneka, Hidangan, Gelora Tanah Air*. Karangané sing abasa Jawa kawiwitan 1958 lan kapacak ing *Jaya Baya, Penyebar Semangat, Mekar Sari, Djaka Lodhang, lsp.* Pangarang iki asring antuk juwara, kayata (1) Juwara Panglipur ing Sayembara Kumpulan Naskah-Naskah Sandiwara PP dan K Ngayogya-

karta (1958), (2) Juwara I Sayembara Crita Sambung ing Kalawarti *Penyeban Semangat* (1959), (3) Hadiah I Kesusastraan ing babagan prosa saka Kota Praja Surabaya (1960), (4) Juwara I Sayembara Crita Cekak saka Kalawarti *Jaya Baya* (1964), (5) Juwara III Sayembara Crita Cekak sing diadani majalah basa Jawa Ilmiah Populer sing diadani déning Departemen Pendidikan dan Kebudayaan (1983).

Suparto Brata kawentar saka tulisan-tulisané sing awujud crita dhétèktif, kayata *Kadurakan ing Kidul Dringu*, *Lara Lapané Kaum Republik*, *Kaduk Wani*, *Kena Pulut*, *Emprit Abuntut Bedhug*. Karangané Suparto Brata nduwèni ciri sing mirunggan. Titikan mau, upamané, tokoh-tokohé mesthi wong sèkèng saka pérangan fisik (awaké cilik, ora gagah) nanging onjo yèn ngrampungaké prakara. Pangarang siji iki manawa gawé crita dhétèktif muyeg lan pinter gawé *suspense*. Tundhoné, karya-karya anggitané akèh sing dialem apik lan para maos seneng karo crita-critané. Titikan sing mangkono mau tekan saiki tansah dipepetri. Mula, pangarang Suparto Brata bisa dadi gambaré pangarang sastra Jawa gagrag anyar sing pantes tinulad. Nalika taun 1960-an akèh pangarang Jawa sing padha nulis crita panglipur wuyung, nanging Suparto Brata ora mèlu-mèlu.

Crita-crita karangané Suparto Brata banget njawani. Upamané, novèl *Kadurakan ing Kidul Dringu* lan *Lara Lapané Kaum Republik*. Tegesé njawani yaiku karya-karyané bisa nggambaraké swasana kaluwarga sarta adat Jawa. Ing novèl loro mau Suparto Brata ngangkat konsèp *namur kula*. Namur kula ing kéné wong pinter (priyayi luhur) sing ora kepéngin ngétokaké pribadiné minangka wong pinter. Tokohé *membraur* karo wong-wong cilik lan tumindak salumrahé wong cilik. Sanajan tokohé kaya wong lumrah, nanging saka tandang lan pikirané bisa mènèhi crita marang wong pinunjul. Konsep namur kula lumrahé tinemu ing kabudayan Jawa klasik nalika jaman kraton-kraton Jawa isih mandeg lan mandhiri. Akèh para priyagung Jawa utawa ratu Jawa sing namur kula amarga kepéngin ndarmabektèkaké kawruhé marang sapa-dha-padha.

Konsèp ngono iku diangkat déning Suparto Brata ing karya-karyané.

KI PADMASUSASTRA LINGUIS JAWA

Ki Padmasusastra iku kalebu linguis (ahli basa) Jawa lan sas-trawan kang kaloka ing jamané. Ki Padmasusastra luwih akèh nulis buku kang gegayutan karo basa Jawa tinimbang buku sastra Jawa.

Buku-buku karyané Ki Padamasusastra kang ngrembug basa Jawa, yaiku *Layang Paramabasa* (Surakarta, 1987), *Serat Warnabasa* (1900), *Serat Pati Basa* (1912), *Serat Madubasa* (1912), *Serat Urap Sari* (1896), *Layang Basa Sala* (1911), lan ensiklopedi kang asesirah *Serat Bauwarna* (1898).

Buku-buku sing kasebut iku digunakaké minangka sumber déning para pangripta buku wulangan basa lan kamus ing wektu iku.

SASTRA JAWA JAMAN JEPANG

Jepang njajah Indonesia suwéné udakara 3½ taun. Sanajan kena dipindhakaké mung saumuré jagung, nanging penjajahan mau nuwuhaké panandhang kang luwih saka kad tumrap bangsa Indonesia. Akèh wong kang nandhang lara bèri-bèri amarga kurang pangan, nganggo sandhangan saka goni amarga sandhangan kang salumrahé larang banget, lan isih akèh panandhang liyané kang disangga déning bangsa Indonesia wektu semana.

Menawa katandhing karo penjajahan sadurungé, penjajahan Jepang tetéla luwih kejem. Lan manèh, sadhéngah bab kang magepokan karo politik, ékonomi, keamanan, sosial, lan kabudayan diawasi temenan. Layang kabar, kang awujud ariwarti utawa kalawarti, kang abasa Walanda lan basa dhaérah, kalebu kang nganggo basa Jawa, dibrèdhel (ora oleh metu manèh). Kalawarti basa Jawa, kayata *Penjebar Semangat* lan *Kadjawèn*, kang nalika penjajahan Walanda minangka udyana (taman) kiprahé sastra Jawa uga dibrèdhel. Balé Pustaka, bebadan kang kalebu peng-peng-

an nyithak lan ngetokaké buku-buku kasusastran Jawa, ditutup. Kanthi mangkono, ing wiwitané penjajahan Jepang sastra Jawa kena diupamakaké mlebu ing pepeteng banjur semaput utawa klenger, nanging ora mati.

Amrih gampang anggoné ngendhalèni Nusantara, Jepang kepéngin ngilangi basa Walanda lan basa dhaérah, kalebu basa Jawa. Kanggo gantiné, Jepang mulangaké basané, yaiku basa Jepang, marang para murid ing sekolahan-sekolahan lan marang warganing masyarakat ing padésan utawa ing kampung-kampung. Ananging pepénginané Jepang iki ora kasil kanthi becik. Ing mangka, Jepang butuh piranti propagandha perang ngadhepi Sekutu. Jepang banjur rumangsa yèn tumindak arep ngilangi basa dhaérah iku klèru amarga basa mau bisa dianggo piranti nyebar propagandha marang masyarakat, luwih-luwih masyarakat padésan. Mulané, Jepang banjur mènèhi papan mirunggan kanggo ngemot tulisané para pangarang sastra Jawa ing kalawarti *Pandji Poestaka*, yaiku kalawarti kang bakuné nganggo basa Indonesia.

Kanggo ngurusi tulisan utawa karangan basa Jawa kang bakal dipacak ing *Pandji Poestaka* mau, Jepang matah uwong, kayata, Subagio Ilham Notodijoyo, Poerwadi Admodihardjo, lan Poerwadarminta, lan wong-wong mau sabanjuré didadèkaké pegawé. Wong-wong kang kasebut iku kalebu pangarang (penulis) basa lan sastra Jawa kang peng-pengan. Ora mokal yèn tulisan kang di mot ing kalawarti mau akèh-akèhé ya tulisané wong-wong mau. Mula kondhangé pangarang sastra Jawa ing *Pandji Poestaka* kuwi sinebut “*orang dalam*” amarga kang nulis ya pegawéné kalawarti iku mau. Ananging, kepriyéa waé *Pandji Poestaka* kuwi kena diarani *juru selamat* tumrap ing sastra Jawa.

Para pangarang sastra Jawa ing jaman penjajahan Jepang kuwi kena dipindhakaké wong siji apengawak loro. Sapisan, pangarang mau dadi pegawéné Jepang kang ditrapi jejibahan nyebar propagandha supaya masyarakat gelem mbantu ngadhepi Sekutu. Kapindhoné, pangarang mau uga pérangané bangsa Indonesia kang lagi nggayuh kamardikan. Mula, asil karyané pangarang iku

diangkah bisa dadi pemecut tumrap masyarakat supaya gregeté nggayuh kamardikan mau saya makantar-kantar. Supaya slamet sakabèhé, rékadaya iki tansah sinamun ing karang-karangané. Tata lairé nyèngkuyung Jepang anggoné ngadhepi perang karo Sekutu, nanging sajatiné duwé karep nggugah lan ngobong semangaté masyarakat Indonesia supaya aja nganti kendho anggoné nggayuh kamardikan.

Amarga kaanan, asil karyané para pangarang ing jaman penjajahan Jepang iku ora akèh. Sastra Jawa kang kacithak awujud buku mung ana siji, yaiku novèl *Trimurti* anggitané Ki Lumbung (jeneng sesinglon). Novèl iki awujud besutan saka crita sinambung kang wis tau kapacak ing kalawarti *Moestika*, dudu crita gawéan anyar. Déné asil karangan liyané awujud crita cekak, geguritan, lan tembang macapat kang kapacak ing *Pandji Poestaka*.

Pangarang kang seneng nganggit tembang macapat ora akèh. Ing kéné bisa disebut, upamané, K. Goenadi nganggit tembang macapat kanthi irah-irahan *Katur para Dermawan* (1994) lan *Bas Hadimidjojo* nganggit tembang macapat kanthi sesirah *Welingipun Bapa Guru* (1944).

Pangarang kang sregep nganggit geguritan ing jaman Jepang, yaiku Subagio Ilham Notodijoyo. Asmané panggurit iku sok mung ditulis Subagio I.N. lan penjenengané uga asring nganggo jeneng sesinglon Satrio Wibowo, Angga Jali, Damayanti, utawa Endang Murdiningsih. Geguritan asil karyané pangarang iki akèh kang kapacak ing *Pandji Poestaka*, kayata, *Kekasihku...*, *Kasampurnaning Dhiri*, *Biyungku*, *Ilal*, *Ginawé Pribadi*, *Tepa Palupi*, lan *Rerengganing Ngaurip*. Geguritan *Kekasihku ...minangka wohing cipta ripta "monumèntal"*. Ing geguritan iki pangarang tansah ngantu-antu tekané kamardikan tumrap bangsa Indonesia. Kamardikan mau dipindhakaké kekasih kang banget dikangeni.

Kekasihku...

Layu lesu atmaku pindha taru

Ngantu-antu nunggu tekamu

*Alum tumiyung malengkung
Kucem surem tanpa sunar manguwung*

.....

Lan....

*Sajroning aku cengklungen nganti-anti
Nora lali daksisihi santi pepuji
Ndedel mandhuwur marak Hyang Manon
Nyuwun supaya kita bisa sapatemon*

.....

*Ing telengé pangangen-angen
Banget nggonku kapang kangen
Kepéngin wruh wujudmu kang sanyata
Dhuh kekasihku
Kamardikan Bumi Nusantara*

NOVEL JAWA MODHÈRN PASCAKAMARDIKAN (1945-1965)

Ing *Puspa Rinoncé* kang kapungkur wis diandharaké babagan sastra Jawa jaman Jepang. Ing andharan iki para sutresna bisa nyimak kaananing novèl Jawa modhèrn sawisé kamardikan. Kapriyé mungguh nasibé sastra Jawa sawisé kamardikan taun 1945? Sadurungé taun 1945 Balé Pustaka (*Balai Pustaka*) minangka penerbit novèl kang pengpengan. Balé Pustaka malah kena diarani minangka *raja* penerbit novèl Jawa modhèrn prakarmardikan. Anané sesanggan abot mbélani kamardikaning bangsa saka pokalé Walanda anggoné kepéngin njajah Indonesia manèh njalari pamaréntah durung bisa mbabar novèl Jawa, nganti taun 1952. Para maos mesthi émut anané *agresi militer Belanda* ing antarané taun 1945 tumekané 1950. Lagi ing taun 1952 Balé Pustaka bisa mlabar novèl manèh. Ing wektu iku (kepara) wiwit 1950 akèh penerbit kang nyithak novèl Jawa kang diarani novèl *panglipur wuyung*. Para pangarang novèl *panglipur wuyung* kang kondhang ana sawatara, kayata Any Asmara lan Widi Widayat.

Nitik saka penerbit novèl Jawa modhèrn mau kena kapilah dadi loro, yaiku (a) novèl Balé Pustaka, kang sok sinebut novèl

sèrius lan (b) non-Balé Pustaka, kang lumrah diarani novèl panglipur wuyung utawa novèl *pop*. Kajaba iku, isih akèh novèl kang kababar ing majalah utawa kalawarti Jawa awujud crita sambung (*cerbung*). Kalawarti mau, kayata *Panjebar Semangat*.

Sajroning udakara wektu limalas taun Balé Pustaka mung ngetokaké novèl wolu, yaiku *O, Anakku* (Th. Surata), *Jodho kang Pinasthi* lan *Serat Gerilya Solo* (R.M. Sri Hadidjojo), *Sri Kuning* (R. Hardjawiraga), *Sinta* (Sunarna Siswaraharja), *Kembang Khantil* (*Senggono*), *Ayu ingkang Siyal* (Sugeng Cakrasuwignya), lan *Kumpulé Balung Pisah* (A.M. Saerozi). Novèl-novèl Balé Pustaka iku isiné isih kaya novèl nalika sadurungé kamardikan, kayata, cengkah utawa gèsèhing panemu ing antarané golongan mudha lan golongan tuwa ing babagan pamilihing jodho. Ana ing novèl *O, Anakku*, *Sri Kuning*, lan *Kembang Kanthil* dicritakaké manawa wong tuwa isih kepéngin njodhokaké anaké wadon karo priya saka kulawarga kang sugih. Kosok baliné, para mudha (Rr. Supeni lan Sri Kuning) luwih seneng jejodhoan karo priya weton pamulangan luhur, wis cekel gawé, lan turun priyayi. Malah paraga kang aran Rr. Supèni nékad minggat kanggo nyingkiri pameksané wong tuwané kang kepéngin njodhokaké dhèwèké karo Karna, anaké Martadinata sudagar kang kondhang sugihé. Supeni gembleng tekadé kepingin duwé sisihan kang cocog karo pilihané dhéwé.

“Sanajan aku dipeksa wong tuwaku, aku ora gelem, awit ora dadi cocoging atiku, mula yèn aku nganti diomah-omahké éntuk anaké wong sugih tur ora pengajaran, aku ora bakal suwé ana ing alam padhang kéné, dadi mesthi ora bakal klakon” (*O, Anakku*, kaca 13-14)

Sikepé Supèni mau laras karo tékadé *Sinta* (ing buku *Sinta* anggintané Sunarna Siswaraharja) kang ora kepéngin urip di-maru. Dhèwèké luwih seneng urip ijèn katimbang diwayuh déning Sajarwa.

“Leloroné pisahan, déné *Sinta* ngantepi “emoh dimaru”. Yèn Sajarwa isih éling Setyasih, *Sinta* pilih ijèn, rasaning

atiné dikira kepénak dadi randha, tinimbang duwé bojo, nanging dimaru. Duwé maru iku jaréné rasaning ati kaya digarang sadina-dina" (*Sinta*, kaca 66-67)

Novèl *Kumpulé Balung Pisah* béda karo novèl liyané. Pangarang A.M. Saerozi ngangkat babagan *kelimput ékonomi* sajroning kulawarga pagawé negeri (Mas Sastrasudira). Amarga ora kuwat nampa panandhang urip rekasa awit cupeting blanjane sisihané, Bu Sastra minggat lan urip *kumpul kebo* karo sawijining sudagar. Pisahing kulawarga mau malah dadi jalaran kamulyané anak-anaké. Ora kajarag, Bu Sastra bisa kumpul karo bojoné lan anak-anaké. Sabanjuré, kabèh padha ndhadha ing kaluputané.

Novèl *panglipur wuyung* (*roman picisan*) saya ngrembaka ing taun 1960-an. Novèl *Panglipur Wuyung* ngemot bab-bab kang gegayutan karo katresnan. Novèl *panglipur wuyung* uga kanggo ajang propagandha, mliginé kang gegayutan karo babagan mbé-lani negara.

Novèl-novèl kang kena kagolongaké *panglipur wuyung*, kayata *tangisé Kenya Ayu* (Anyi Asmara), *Dhawet Ayu*, (Widi Widayat), *Randha Gandrung* (Sutarno), *Sukma Nungka Tresna* (Sudharma K.D.), lan *Gelung Sala Gawé Gendra* (Anis, B.A.) Amarga crita lan gambar-gambar *ilustrasi* ing novèl-novèl mau sajak *vulgar*, mula ana sawenèhing novèl *panglipur wuyung* kang ora olèh sumebar ing masyarakat amarga diarani novèl *porno* (lékoh). Ana uga novèl picisan kang ngemot bab politik lan social. Racaké bab-bab mau diolah ing crita asmara. Pemberontakan G 30 S/PKI uga kaangkat déning pangarang ing *novèl-novèl saku*.

SANDI ASMA LAN SANDI KARSA

Para sutrisna mesthi wis tau utawa asring midhanget tembung *sandi asma*, nanging bokmenawa arang mrangguli tembung *sandi karsa*. Tetembungan iku mau wis kaprah ing jagating kasusastran Jawa, mirunggané ing tembang macapat. Bédané, *sandi asma* kuwi wis ana wiwit tembang macapat gagrag lawas (klasik), déné *sandi karsa* lagi tinemu ing tembang macapat utawa gegu-

ritan gagrag anyar (modhèrn). Banjur apa *sandi asma* lan *sandi karsa* kuwi?

1. Sandi Asma

Tembung *sandi asma* kuwi dumadi saka tembung *sandi* kang mengku teges ‘wadi, winadi, sinamun, sinamar, ora melok’. Jeneng kang sinamun kuwi lumrahé jeneng utawa asmané pangarang, pangripra, utawa pujangga.

Sandi asma kuwi béda karo *jeneng sesinglon* (*jeneng samaran*). Jeneng kang diwedharaké ing *sandi asma* kuwi jeneng utawa asmané pangripta (punjangga) kang satenané (jeneng asli), yèn *jeneng sesinglon* awujud jeneng liya, dudu jenenging asli pangarang. Soebagiyo Ilham Notodidjojo (nalika jaman Jepang), upamané, sok nganggo jeneng sesinglon *Angga Jali*, *Arga Lawu*, *Satria Wibawa*, *Damayanti*, utawa *Endang Murdiningsih* nalika ngarang geguritan utawa crita cekak. Contoné manèh, Poerwadi Atmodiharjo ing karangané uga sok nganggo jeneng sesinglon *Harja Lawu*, *Habra Markata*, *Sri Ningsih*, *Sri Juwariyah*, *Abang Istar*, utawa *Kenthus*. Bèdané manèh, *sandi asma* iku ditulis sinamun sajroné karangan; *jeneng sesinglon* ditulis cetha lan pisah saka blegering karangan.

Panulisé *sandi asma* kuwi lumrahé mangkèné.

- (a) Jenenging pangarang (pujangga) dipilah-pilah, dipedhot-pedhot, utawa diprèjèngi adhapur wanda-wanda utawa aksara-aksara.
- (b) Prèjènganing jeneng kang adhapur wanda-wanda utawa aksara-aksara mau banjur dipacak ing saben wiwitaning gatra, ing wiwitan saben pedhotaning tembang, utawa ing saben pungkasaning gatra (ukara).

Panggonané *sandi asma* kuwi mengku ancas warna-warna, kayata, pangarang (pujangga) ora kepéngin mamèraké jenengé kanthi mélok, supaya asil cipta riptané ora gampang diaku déning wong liya, bisa kanggo marsudi keprigelan ngolah tembung, lan sapituruté. *Sandi asma* kuwi dianggo mratah wiwit jaman

Surakarta. Ing wektu iku pujangga kang gambèn nganggo *sandi asma* (kena diarani kang mandhégani), yaiku Radèn Ngabèi Ranggawarsita.

Supaya cetha, ing ngisor iki kapethikaké conto tembang kang mengku *sandi asma*.

Rarasing kang sekar sarkara mrik, dènaksama dèning sang sudyarsa, ngawekani wengkuning rèh, bèrawèng para ratu, ilangé kang sesengker sarik, rongas wèsthining angga, gagating tyas antuk, wartaning kang para tama, sinung tengran sembah trus sukaning budi, tataning kang carita.

Wanda-wanda wiwitan saben gatrané tembang iki yèn digathukaké saka kang sapisan nganti pungkasan minangka asmané pujangga kang nganggit tembang mau, yaiku Raden Ngabèi Ranggawarsita.

Conto manèh panulis sandi asma kaya kang tumrap ing tembung dhuwur mau bisa disemak ing pethikan tembang Kinanthi ngisor iki. Yèn wanda-wanda kawitan saben gatraning tembang iki digathuk-gathuké, bakal tinemu jeneng utawa asmané wong kang ngripta tembang, yaiku Ki Martosuwita.

Kinanthi sujanma idhup, mardi mardawèng palupi, tama tumanem mrih bisa, susulangé janma nguni, winuruk ing tapa brata, tatané wirit puniki.

2. Sandi Karsa

Tembung *sandi karsa* dumadi saka *sandi* lan *karsa*. Kaya kang wis dirembug ing dhuwur mau, sandi mengku teges ‘wadi, winadi, sinamar, sinamun, ora melok’. Dèné *sandi karsa* kuwi ‘karep, ancas, tujuan kang sinamun, sinamar, utawa winadi’.

Ana wong kang ngarani *sandi karsa* kuwi *sandi ukara*. Sanajan béda tetembungané, *sandi ukara* kuwi tegesé ora béda karo *sandi karsa*. *Ukara* kang dikarepaké ing kéné yaiku ‘rerangkèning tembung kang kanggo mahyakaké (medharaké) cipta utawa gagasan, rasa pangrasa, utawa kekarapan’. Karep utawa gagasan kang

lumrahé kapacak kanthi *sandi karsa* kuwi mèh padha karo carané nulis *sandi asma*. Conto panulisé *sandi karsa* bisa disemak ing pethikan tembang Dhandanggula anggitané T. Ismoyo (*Jaya Baya*, Mei 1991) ngisor iki.

Memanisé sastra kang rinakit, atur puji kinarya pambagya, hardiknas ing warsa mangké, anggung dènémut-émot, rintèn dalu tan bisa lali, gegayuhan jinangka, yekti kudu runtut, ambangun mekaring bangsa, pangudiné tumuju bebrayan sam,i èdi éndah sinedya.

Nyata luhur lelabuhanéki, gegebengan ringem pra dwija, éwuh gugup ben dinané, tansah anular tutur, anyrambahi sagung pra murid, nggegulang tri prakarsa, dimèn lebdèng kawruh, ing pakaryan mrih trengginas, nalar mulur rinengga ambeg bèr budi, anjrah mring para siswa.

Pepénginan kang samya kaèsthi, esthining tyas maujud kanyatan, nyata bisa kalakoné, dina-dina kepungkur, iku dadi landhesanèki, dina kang bakal teka, ing pangangkah tumus, kita bangsa Indonesia, anemahi jaman lir kencana rukmi, nyrambahi Nusantara.

Tembang karangané T. Ismoyo iki minangka mèngeti Hari Pendidikan Nasional. Yèn aksara-aksara saben wiwitaning gatra kabèh, wiwit gatra sapisan nganti pungkasan ing tembang telung pada iku, digathuk-gathukaké kanthi urutan, bakal tinemu unèn-unèn utawa tetembungan "*Mahargya Pèngetan Dina Pendidikan*" kang minangka *sandi karsa* sing dipacak ing tembang mau.

GOLÈK GENI ADEDAMAR

Unèn-unèn kang kapacak ing dhuwur iki yèn disurasa kanthi wantah ora kalebu ing nalar. Liré, apa ana wong golèk geni kok nggawa damar? Ing mangka, damar utawa diyan kuwi rak wis ana geniné?

Unèn-unèn kuwi pancèn dudu ukara lumrah, ora mathuk yèn mung disurasa kanthi wantah adhedhasar tetembungané. Jalaran, unèn-unèn mau adhapur (ukara) isbat, yaiku ukara pepindhan kang mengku piwulang ngèlmu tuwa (ilmu gaib), filsafat utawa ngèlmu kasampurnan. Tetembungan *golèk geni* ing unèn-

unèn mau pepindhané wong 'golèk ngèlmu'. Tembung *adedamar* (nggawa damar utawa diyan) mengku surasa pepindhan 'sangu (nggawa) ngèlmu'. Kanthi mangkono, unèn-unèn *golèk geni adedamar* kuwi mengku surasa 'wong golèk ngèlmu (maguru) kudu nduwèni pawitan ngèlmu utawa kawruh kang bakal dicecep utawa disinau'.

Ukara isbat kuwi wus ajeg panganggoné, ora kena diowahi. Saupama owah, owah-owahan mau mung dumunung ing dhapukané, ananging surasané tetep ora owah. Conto ukara isbat kang surasané padha karo *golèk geni adedamar* nanging béda pandhapuké, upamané, *ngangsu apikulan warih*. Tembung *ngangsu* (golèk banyu) iku mengku surasa pepindhan 'golèk ngèlmu' utawa 'maguru', *apikulan warih* (mikul banyu utawa nggawa banyu dipikul) mengku surasa pepindhan 'sangu ngèlmu'. Kanthi mangkono, unèn-unèn *ngangsu apikulan warih* kuwi surasané padha karo *golèk geni adedamar*, yaiku 'wong maguru (golèk ngèlmu) kuwi kudu wis nduwèni pawitan ngèlmu kang bakal disinau'.

Unèn-unèn kang dirembug iki diarani isbat. Déné isbat utawa ibarat pepindhan ing ilmu gaib iku ana sawatara, upamané, mangkéné.

- a. *Golèkana tapaké kuntul nglayang*.
Surasané: 'Wong urip iku ngertia marang keplasing sukma kang ana ing sajroné raga, menyang ngendi samengkono'.
- b. *Golèkana gigiring punglu*.
Surasané: 'Wong urip iku ngertia jatining urip sing temenan'.
- c. *Kodhok ngemuli lèngé*.
Surasané: 'Jiwaning manungsa (sukma) iku bisa ngerèh marang ragané'.

PARIBASAN, BEBASAN, SALOKA

Ing jagating kasustraan Jawa ana unèn-unèn kang diarani *paribasan*, *bebasan*, lan ana kang diarani *saloka*. Unèn-unèn kayata, (a) *kebo nusu gudèl*, (b) *anak polah bapa kepradhah*, (c) *ancik-ancik*

pucuking eri, katonè wis mbalung sungsum tumrapé wong Jawa. Éwa semono, ora sadhéngah wong bisa milah endi unèn-unèn kang diarani paribasan, bebasan, lan saloka kuwi. Ana wong kang duwé panemu yèn kang diarani saloka iku ora ana bédané karo paribasan, lan sapituruté. Mula ora mokal yèn ana wong kang ngarani unèn-unèn kang kasebut ing dhuwur iku kabèh kalebu paribasan. Ing mangka, unèn-unèn kang kasebut ing (a) iku kalebu *saloka*, unén-unén (b) iku *paribasan*, lan unèn-unèn (c) kalebu *bebasan*. Katerangané, mangkéné.

(1) *Paribasan*

Paribasan iku unèn-unèn kang ajeg panganggoné, ora mengku surasa pepindhan, lan tetembungané (kabèh utawa sapérangan) mawa teges éntar. Jalaran ajeg panganggoné, ukara paribasan iku ora kena diowahi tatanané, ora kena disalini tetembungé, lan uga ora kena dikramakaké.

Jumbuh karo paugeran iki, unèn-unèn kang kasebut ing (b), yaiku *anak molah bapa kepradhah*, kalebu éwoning *paribasan*. Unèn-unèn iki ajeg panganggoné, lan ora bisa dikramakaké upamané, dadi *anaké molah bapaké bakal kepradhah; bapa bakal kepradhah yèn anaké molah; putra molah bapa kepradhah*.

Unèn-unèn *anak molah bapa kepradhah* mengku surasa ‘mena-wa anak tumindak ora prayoga, bapa utawa wong tuwané meshti kesempyok tumindaké mau (mèlu ngrasakaké)’. Ing kéné cetha yèn unèn-unèn iki mengku surasa saluguné, ora mengku surasa pepindhan, jalaran apa kang kasebut ing unèn-unèn iki padha utawa jumbuh karo surasané, yaiku ngandharaké bab sesambungané anak karo bapa (wong tuwané).

Tetembungan kang dianggo ing unèn-unèn iki sapérangan mengku teges éntar, yaiku teges silihan utawa teges kang ora saluguné. Tembung *molah* tegesé kang lugu ‘obah, polah’. Tembung *pradhah* tegesé kang lugu ‘dhadhag (saguh nampa samubarang pagawéan, loma, gelem nyenyuguh)’. Ing unèn-unèn iki *pradhah* mengku teges ‘ngrasakaké (kasempyok) tumindaké anak kang ora prayoga’.

Conto unèn-unèn kang kalebu éwoning paribasan, upamané, mangkéné.

- *Bapa kesulah, anak kepolah.* 'Menawa wong tuwa wis mati, mangka ninggal prakara, anak wajib tanggung jawab.' *Kesulah* 'kena ukuman', 'diukum sarana dikrocok ing gegaman (ditumbaki)'.
- *Blilu tau, pinter durung nglakoni.* 'Sanajan wong bodho yèn kulina nindakaké mesthi luwih prigel katimbang wong pinter nanging durung tau nindakaké'.
- *Tuna satak, bathi sanak.* 'Tuna (rugi) dhuwit sathithik ora dadi ngapa, angger wuwuh mitrané.'

(2) *Bebasan*

Bebasan iku unèn-unèn kang ajeg panganggoné, ngemu surasa pepindhan, lan tetembungané mengku teges éntar. Déné kang dipindhakaké yaiku *kaanané wong, wewatakan* utawa *sesipatané wong*, utawa *tindak-tanduké uwong*. Kanthi paugeran iki bisa disumurupi yèn unèn-unèn ing dhuwur mau kang kalebu éwoning bebasan yaiku unèn-unèn (c) *ancik-ancik pucuking eri*.

Unèn-unèn iki ajeg panganggoné lan ora kena diowahi, upamané, dadi *ngadeg ing pucuking eri, ancik-ancik pucuking edom*, lan sapiturute. Unèn-unèn iki ngemu surasa 'kaanané' wong kang samangsa-mangsa bisa kena ing bebaya'. Ing kéné kaanané wong kang kaya mangkono kuwi dipindhakaké '*ancik-ancik pucuking eri*'.

Kabèh tetembungan kang dianggo ing bebasan kuwi mengku teges éntar, ora mengku teges kang saluguné. Tembung *ancik-ancik* iku tegesé kang lugu 'napak, mancad, utawa ngadeg ing sadhuwuring...', *pucuking eri* tegesé kang lugu 'lanciping eri'. Ananging, ing sajroné bebasan mau *ancik-ancik* mengku teges 'kaanané' wong lan *pucuking eri* mengku teges 'bebaya' utawa 'kasusahan', was sumelang'.

Conto unèn-unèn kang kalebu éwoning bebasan, upamané, mangkéné.

- *Madu balung tanpa isi.* 'Prekaran (regejegan) bab kang sepélé, saupama menang ora ona pituwasă'.
- *Didhadhunga medhot, dipalangana mlumpat.* 'Gemblenging tékad kanggo nggayuh idham-idhaman kang ora kena dipenggak, kudu didindakaké.'
- *Ora ganja, ora unus.* 'Dhasar ala rupané, ala pisan bebudènè (ora ana pilihané rupa lan bebudènè)'.

(3) *Saloka*

Saloka iku unèn-unèn kang ajeg panganggoné, ngemu surasa pepindhan, lan tetembungané mengku teges éntar. Déné kang dipindhakaké yaiku *wongé*, kang kanggo pepindhan bisa *kéwan* utawa *barang*.

Jumbuh karo paugeran, unèn-unèn kang kasebut ing (a), yaiku *kebo nusu gudèl*, kalebu éwoning *saloka*. Unén-unèn iki ora kena diowahi tatanané, ora kena disalini tetembungané, lan ora bisa dikramakaké, upamané, dadi *gudèl nusoni kebo; sapi nusu pedhèt; maésa nesep gudèl*, lan sapituruté.

Unén-unèn *kebo nusu gudèl* mengku teges 'wong tuwa njaluk wulang (ngangsu kawruh) marang wong kang luwih enom'. Ing kéné cetha yèn *saloka* iku ngemu surasa *pepindhan*, kang dipindhakaké *wong*, yaiku *wong tuwa kang dipindhakaké kebo lan wong kang luwih enom dipindhakaké gudèl*. Kejaba kuwi, tetembungan ing sajroné *saloka* mengku teges éntar. Tembung *nusu* ing *saloka* iki tegesé njaluk wulang, ngangsu kawruh', ora mengku teges saluguné 'ngombé banyu susu (saka ing susu)'.

Conto *saloka* liyané, mangkéné.

- *Asu gedhé menang kerahé.* 'Wong kang gedhé panguwasané yèn prekaran karo wong cilik, amarga kuwasa, mesthi menang wong gedhé'.
- *Belo mèlu seton.* 'Wong kang anut grubyug, ora ngerti kang dirembug.'
- *Timun mungsuh durèn.* 'Wong ringkih memungsuhan karo wong kang gagah prakosa'.

- *Palang mangan tandur*. 'Wong kang dipercaya njaga keslametan, nanging malah ngrusak kang dijaga'.

PARIKAN

Ing jagating kasusastran Jawa ana unèn-unèn kang diarani *parikan*. Unèn-unèn kang diarani *parikan* kuwi dhapukané nganggo *purwakanthi*, lumrahé *purwakanthi guru swara*. Saben parikan dumadi saka rong pérangan, yaiku pérangan sapisan diarani *purwaka* utawa *bebuka* lan pérangan kapindho diarani *wos*, *nges* utawa *isi*. Pérangan sapisan diarani *purwaka* utawa *bebuka* jalaran tetembungan kang dianggo ing pérangan iki ora mengku teges utawa ancas kang wigati kajaba mung kanggo narik kawigaténé wong supaya nggatèkaké wos utawa isining pitutur, panemu, lan sapituruté kang diwahyakaké ing pérangan kapindho. Saben sapérangan dumadi saka rong gatra lan saben gatrane ana kang adhapur 4 wanda lan ana uga kang adhapur 8 wanda. Contoné mangkéné.

1. Parikan kang adhapur (4 wanda + 4 wanda) x 2
 - a. *Obat-abit, ubad-ubed*
Ora ubed, ora ngliwet
 - b. *Ana semut, mlebu gendul*
Aja manut, sétan gundhul
 - c. *Singgah klentheng, anèng genthong*
wongé ngganteng, saké kothong

Parikan (a) nganggo *purwakanthi* (bi)t - (be)d, - (we)t; (b) nganggo *purwakanthi* ut -ul, ut - ul; (c) nganggo *purwakanthi* theng - thong, theng - thong. Parikan telu ing dhuwur iku siji lan sijiné bisa dipérang dadi loro. Pérangan siji awujud *purwaka* utawa *bebuka*, yaiku (a) *obat-abit, ubad-ubed*, (b) *ana semut, mlebu gendul*, (c) *singgah klenteng, anèng genthong*. Pérangan loro disebut *wos*, *nges*, utawa *isi*, yaiku (a) *ora ubed, ora ngliwet*, (b) *aja manut, sétan gundhul*, lan (c) *wongé ngganteng, saké kothong*.

2. Parikan kang adhapur (4 wanda + 8 wanda) x 2:
 - a. *Kembang mawar, ditandur tengahing latar*
Ati bingar, lamun mentas nampa bayar
 - b. *Kembang puyang, pantesé wadhahi rantang*
Awak mriyang, tanggal tuwa tagih utang
 - c. *Kembang mlathi, dironcé gandané wangi*
Ngaku suci, jebulé jago korupsi

Parikan (a) nganggo purwakanthi *ar - ar, ar - ar*; (b) nganggo purwakanthi *yang - tang, yang - tang*; (c) nganggo purwakanthi *i - i, i - i*. Parikan-parikan iki uga dumadi saka rong pérangan. Pérangan sapisan, yaiku larikan dhuwur, diarani purwaka utawa bebuka; pérangan kapindho, yaiku larikan kang ngisor, diarani wos, nges, utawa isiné parikan. parikan (a) nganggo purwakanthi *tu - né, tu - né* lan parikan (b) nganggo purwakanthi *ang - ra, ang - ra*.

Kajaba parikan-parikan kaya mangkono mau, ana uga parikan kang dhapukané rada nyebal saka paugeran, yaiku cacahing wandané ora ajeg papat utawa wolu. Contoné, mangkéné.

- a. *Tembok, ting calonéh* (2 wanda + 4 wanda)
Muni kapok, bali manéh (4 wanda + 4 wanda)
- b. *Numpak sepur mudhun Tugu* (8 wanda)
Ilang sepuré kari tuguné (10 wanda)
Nganggo pupur kétok ayu (8 wanda)
Ilang pupuré kétok panuné (10 wanda)
- c. *Lurik-lurik ulané sawa* (9 wanda)
Ndhasé cilik buntuté dawa (9 wanda)
Yèn nglirik sing duga prayoga (9 wanda)
Sing dilirik rak wis rumangsa (9 wanda)

Sanajan ora ajeg wilanganing wandané, parikan-parikan ing dhuwur isih ngugemi paugeran (1) dumadi saka *rong pérangan*, yaiku *purwaka* lan *wos* utawa *isi*, (2) saben pérangan dumadi saka *rong gatra*, lan (3) migunakaké *purwakanthi* (purwakanthi guru swara). Kanthi mangkono, unèn-unèn kang disebut parikan iku mesthi nduwèni titikan warna telu mau.

SULUK

Suluk ing budaya Jawa kapérang dadi loro. Pérangan kapisan, suluk ing jagating pewayangan. Pérangan kapindho, suluk ing jagating kasustran Jawa. Suluk ing pewayangan ngemu tujuan kanggo nyandra lan nuwuhaké swasana sing salaras karo babakaning lakon. Suluk ing sastra Jawa, yaiku asiling ulah kagunan sastra sing ngemu piwulang karohanèn tasawuf.

Tembung suluk saka tembung Arab *silkun* utawa *sulukun* sing tegesé ‘ngulandara’, ‘uriping wong tapa’, lan ‘benang tetali-ning inten’. Sanajan mangkono, tembung loro mau ditlesih sacara morfologis asalé saka tembung Arab *salaka* sing tegesé ‘nempuh’, ‘ngliwati’, utawa ‘nggandhèng’. Saka babagan istilah, suluk tegesé: ngulandara sing asipat karohanèn nuju marang Gusti, utawa ngulandara ing dalan karohanèn tumuju marang “Sang Sumber” kanthi katuntun déning guru karohanèn (*pir, syaikh, mursyid*). Ing basa Jawa, tembung suluk bisa ditegesi *laku*. Tembung liyané saka suluk yaiku *thariqah* sing tegesé ‘dalan’. Pawongan sing nglakoni *thariqah* disebut *ahluthariqah*. Ing sastra Arab, *ilmu suluk* tegesé ilmu tasawuf (sufisme). Ing sastra Jawa, suluk tegesé sastra Islam-Kejawèn sing ngemu piwulang mistik nganggo tembang macapat. Ing adat mistik-kejawèn, kaya sing tinemu ing *Serat Dewa Ruci*, laku karohanèn pindhané kaya lakuné Radèn Brataséna sajroné ngupadi Déwa Ruci. Brataséna kudu perang lumawan buta loro (minangka lambang nafsu *ammarah* lan *luwwamah* sing manjing ing anggané. Dhèwèké kudu ambyur ing samodra sing ombaké gedhé, gelut lan matèni ula naga (lambang nafsu *sufiyah*). Sawusé kasil meper nafsu telung warna mau, Brataséna lagi bisa *ma’rifah*, malah *manunggal* karo Gustiné. Kanthi gegambaran bab suluk sing kaya mangkono mau, laku karohanèn ing donyaning tasawuf katon rumit lan angèl dimanger-tèni, luwih-luwih tumraping kaum awam. Awit saka iku, tumrap pawongan sing arep nglakoni tasawuf, dhèwèké kudu maguru marang guru tasawuf.

Ing sastra Jawa, sastra suluk kapérang dadi rong jinis, yaiku Sastra Suluk Pesantrèn lan Sastra Suluk Islam-Kejawèn. Miturut sejarah, sastra suluk wus tumus ing madyaning sastra Jawa nalika abad kaping nembelas Masèhi. Miturut panalitèn, Cornelis de Houtman (nakodha kapal Walanda) nalika mulih ing negarané ing wiwitané abad kaping pitulas Masèhi, nggawa naskah loro sing ngemot ajaran tasawuf. Naskah-naskah mau banjur kasimpen ing Bibliotik Universitas Leiden, Walanda (Cod. Or. No.266). Miturut pratélané Rs. Subalidinata (1999), sastra suluk iku cacahé akèh banget, upamané *Suluk Abesi*, *Suluk Acih*, *Suluk Agama Suci*, *Suluk Aja Tungkul*, *Suluk Alip*, *Suluk Alun*, *Suluk Asmaralaya*, *Suluk Aspiya*, *Suluk Balabak*, *Suluk Bali*, *Suluk Barongan*, *Suluk Bayukbasan*, *Suluk Bayanmani*, *Suluk Bayan Maot*, *Suluk Bayanolah*, *Suluk Bayan Mujdah*, *Suluk Bidho Wulung*, *Suluk Bodho*, *Suluk Bonang*, *Suluk Budiman*, *Suluk Buni Rasul*, *Suluk Burung*, *Suluk Bustam*, *Suluk Craki Jejampi*, *Suluk Daka*, *Suluk Darmana*, *Suluk Dulit*, *Suluk Durun*, *Suluk Dhandhang*, *Suluk Gandrung Purwacampur*, *Suluk Gedhong*, *Suluk Humul Brahim*, *Suluk Hidayatolah*, *Suluk Jaka Rasul*, *Suluk Jalma Luwih*, *Suluk Jatirasa*, *Suluk Jaya Lengkara*, *Suluk Jawoi*, *Suluk Jèbèng*, *Suluk Johar Mungkin*, *Suluk Kadresan*, *Suluk Kaga Kridhasopana*, *Suluk Kahar*, *Suluk Kakang Dhudha*, *Suluk Kaki Tuwa*, *Suluk Kalipa*, *Suluk Kamar Arjun*, *Suluk Kedhap Kilat*, *Suluk Kutub*, *Suluk Lirdon*, *Suluk Lonthang*, *Suluk Luwang*, *Suluk Madkur*, *Suluk Makripatolah*, *Suluk Malang Sumirang*, *Suluk Mangkin Nembé*, *Suluk Mangun Sabda*, *Suluk Martabat Sanga*, *Suluk Masalah Patih*, *Suluk Mikrad*, *Suluk Memiringi*, *Suluk Murni*, *Suluk Muswarah*, *Suluk Mustakarancang*, *Suluk Naim*, *Suluk Nalakridha*, *Suluk Nupirin*, *Suluk Ngabdulsalam*, *Suluk Ngatih*, *Suluk Pancadriya*, *Suluk Paésan Wahyu Jatmika*, *Suluk Paésan Jaya*, *Suluk Paésan Wajib*, *Suluk Panamar Jati*, *Suluk Panitibaya*, *Suluk Pathak Modin*, *Suluk Pawèstri Samariyah*, *Suluk Pè*, *Suluk Peksi*, *Suluk Pradaya*, *Suluk Pralaya*, *Suluk Prasadajati*, *Suluk Prawan Mbathik*, *Suluk Prawan Ngantih*, *Suluk Puji*, *Suluk Purwadaksina*, *Suluk Purwakanthi*, *Suluk Purwa Sari Rasa*, *Suluk Radèn Putra*, *Suluk Rahkapi*, *Suluk Rasamurti*, *Suluk Ratna*, *Suluk Resi Driya*, *Suluk Ronggèng*, *Suluk Sejati*, *Suluk*

Sakaratul Maot, Suluk Tabarit, Suluk Samud Ibnu Salam, Suluk Sandhi Psthitha, Suluk Sangkan Paran, Suluk Sèh Abdul Salam, Suluk Sèh Madkur, Suluk Sèh Malaya, Suluk Sèh Maulana, Suluk Sélabranti, Suluk Séwaka, Suluk Sidabrangti, Suluk Sidalamong, Suluk Sirulustad, Suluk Sopanalaya, Suluk Sudarsa, Suluk Sujinah, Suluk Sukarsa, Suluk Sukma Lelana, Suluk Suryalayu, Suluk Surlalengkara, Suluk Suryapralaya, Suluk Tambangraras, Suluk Tékawedi, Suluk Topèng, Suluk Togog, Suluk Tuhu Linglung, Suluk Walèh, Suluk Walisanga, Suluk Wayang, Suluk Wejang, Suluk Wregul, Suluk Waringin Sungsang, Suluk Wuji, lan Suluk Wirid Hidayatjati.

KAWINDRA

Ing madyaning sastra Jawa Kuna ana tembung *kawindra*. *Kawindra*, yaiku sawijining *kawi* ‘juru gurit’ sing kaloka utawa gambèn. Kanthi gelar sing kaya mangkono mau, *kawindra* oleh kalungguhan minangka ‘pangéran’ ing antaraning para juru gurit *kakawin*. Sawijing *kawi* bisa nampa gelar *kawindra* amarga saka peparingé ratu. Sawisé sawijining *kawi* oleh gelar *kawindra*, *kawi* banjur dadi juru gurit kraton.

Kawi sing wis olèh gelar *kawindra* uga nuduhaké menawa *kawi* kasebut satemené sawijining juru gurit sing duwè kapinteran lan kabisan kang linuwih. Amrih bisa olèh gelar *kawindra*, sawijining *kawi* kudu sregep nulis lan tansah ngundhakaké kaluwihané ing babagan nulis *kakawin* sing tundhoné bisa ngungkuli para *kawi* liyané. Sanajan wis diparingi gelar *kawindra*, sawijining *kawi* kudu tansah ngatonaké trapsilaning tindak lan andhap asor. *Kawindra* ora dikeparengaké sesongaran. Gegambaran iki bisa disimak ing panutuping *kakawin*. Ing panutup mau, *kawindra* wajib mblakakaké menawa dhèwèké iku wong bodho lan ora duwé kabisan.

Kalungguhan minangka *kawindra* sing disandhang déning sawijinig *kawi* iku satemené kalungguhan sing mirunggan utawa minulya ing madyaning bebrayan agung. Awit saka iku, sapa baé sing dicandra utawa ditulis déning *kawindra* ing *kakawin*-é

mesthi rumangsa bombong lan seneng. Ora mung kuwi, para dhayang ing kraton sing wus naté dadi sisihané *kawindra* dipercaya yèn luwih pinter ing babagan tatakrama lan subasita ing antarané dhayang-dhayang liyané. Menawa sawijing *kawindra* nggurit *kakawin* sing isiné ngluhuraké ratu lan ratu kasebut bisa nampa, *kawindra* bakal diparingi bebungah déning ratu. Bebungah saka ratu marang *kawindra* mau arupa *tanah* lan *karas*. Kanthi bebungah kasebut, sang ratu kagungan pepénginan supaya *kawindra* tansah bisa ngundhakaké kaluwihané sajroning makarya dadi juru gurit kraton. Kejaba kuwi, ratu uga duwé pangajab menawa panjenengané wis nuduhaké rasa sarujuké marang *kawindra* anggoné makarya minangka juru gurit kraton.

BABAD

Babad iku jinising sastra Jawa sing isiné arupa campuran sejarah, mitos, lan kapercayan. Adhedhasar isiné, babad bisa kapérang dadi telung warna, yaiku (1) babad sing isiné ngemot sejarah, upamané *Babad Tanah Jawa*, *Babad Kartasura*, *Babad Banten*, *Babad Bandawasa*, *Babad Pacitan*, *Babad Pathi*, *Babad Wirasaba*, *Babad Kebumèn*, lan liya-liyané; (2) babad sing isiné ngemot labuh-labeté sawijing tokoh, upamané *Babad Ajisaka*, *Babad Arungbinang*, *Babad Dipanegara*, *Babad Mangkubumi*, *Babad Pakualaman*, *Babad Sultan Agung*, *Babad Trunajaya*, *Babad Untung Surapati*, lan sapanunggalané; lan (3) babad sing isiné ngandharaké sawenèhing kadadéan, upamané *Babad Bedhah Ngayogyakarta*, *Babad Giyanti*, *Babad Pacina*, *Babad Pakepung*, lan liya-liyané.

Babad racaké ditulis nganggo tembang macapat, nanging uga ana sing ditulis nganggo basa gancaran, upamané *Babad Page-dhongan*, *Babad Sruni*, lan liya-liyané. Amarga babad iku jinising sastra Jawa sing isiné ngemu campuran pirang-pirang bab (seja-

rah, mitos, lan kapercayan), prakara sing diandharaké dadi ora tinemu nalar lan magis saperlu kanggo ngluhuraké raja lan wangsané. Babad ora mung tinemu ing sastra Jawa baé, nanging uga ing sastra Bali, upamané *Babad Pasèk*, *Babad Arya*, *Babad Bulèlèng*, lan sapanunggalané. Ing Bali, racaké babad ditulis nalika jaman Kraton Gelgel (1340–1705).

Puspa Rinonce

Buku *Puspa Rinoncé* punika isi katrangan-katrangan bab tembung-tembung Jawi sarta panganggénipun ingkang asring dipunanggé ing padintenan déning masyarakat umum utawi para pamedhar sabda, ingkang sok-sok kirang trep lan boten dipunmangertosi déning ingkang sami mirengaken.

Sanèsipun punika, *Puspa Rinoncé* ugi ngewrat bab kasusatran lan bab pamilihing tembung Jawi ingkang kirang trep panganggénipun lan katerangaken kados pundi trepipun supados para sutresna basa Jawi, sasampunipun maos *Puspa Rinoncé* punika lan mangertos *étimologi* utawi asal-usuling tembung wau, sami saged ngginakaken basa Jawi kanthi laras lan leres.

ISBN 978-979-185-405-4



9 789791 854054